M. DA'WLETOV, Y. DA'WENOV,
M. QUDAYBERGENOV

# QARAQALPAQ TILI

## SINTAKSIS HA'M PUNKTUACIYA

8-KLASS USHI'N SABAQLI'Q

*Qaraqalpaqstan Respublikasi' Xali'q bilimlendiriw ministrligi tasti'yi'qlag'an*

*Toli'qti'ri'lg'an ha'm qayta islengen u'shinshi basi'li'mi'*

NO'KIS
«BILIM»
2014

UOK 811. 512.
121 (075)
KBK 81.2 Qar
D — 59

**Qaraqalpaq tili, 8-klass ushi'n sabaqli'q**. No'kis, «Bilim», 2014, 128 bet.

**UOK 811. 512.**
**121 (075)**
**KBK 81.2 Qar**
**D — 59**

**Avtorlar: Ma'denbay Da'wletov,**
**Yernazar Da'wenov,**
**Ma'mbetkerim Qudaybergenov.**

Sabaqli'q Qaraqalpaqstan Respublikasi' Xali'q bilimlendiriw ministrliginin' 2006-ji'lg'i' tan'lawi'nda jen'impaz dep tabi'lg'an.

Sabaqli'qti'n' kirisiw, VII klasta wo'tilgenlerdi ta'kirarlaw, 1 — 11,19 — 40-paragraflar ha'm woqi'wshi'lardi'n' til bayli'g'i'n wo'siriwge arnalg'an materiallar **M. Da'wletov**, 12 — 18 ha'm 41-paragraflar **Y. Da'wenov**, 42 — 47-paragraflar ha'm woqi'w ji'li'nda wo'tilgenlerdi ta'kirarlaw **M. Qudaybergenov** ta'repinen du'zildi.

**Respublikali'q maqsetli kitap qori' qarji'lari' yesabi'nan ijara ushi'n basi'p shi'g'ari'ldi'.**

**ISBN 978-9943-352-15-50**

**© «Bilim» baspasi', 2014**

## Qaraqalpaq tilinin’ rawajlani’wi’

Qaraqalpaq a’debiy tilinin’ rawajlani’wi’ XX a’sirden baslanadi’. Bul da’wirde qaraqalpaq xalqi’ni’n’ ja’miyetlik-siyasiy turmi’si’nda, ekonomika ha’m ma’deniyati’nda u’lken wo’zgerisler boldi’. Bul wo’zgerisler qaraqalpaq tilinin’ rawajlani’wi’na ken’ mu’mkinshilikler tuwdi’rdi’. Tildin’ ja’miyetlik xi’zmeti ken’eydi.

Qaraqalpaq tilinin’ awi’zeki so’ylew ha’m jazba tu’rleri woni’n’ arqa ha’m qubla dialektlik wo’zgeshelikleri tiykari’nda, ko’birek arqa dialektke tiykarlani’p qa’liplesti. A’debiy tildin’ bul yeki tu’ri ha’zirgi waqi’tta xali’qti’n’ ha’r tu’rli turmi’s tarawlari’ — woqi’w-woqi’ti’w, is ju’rgiziw, ko’rkem a’debiyat, ilimiy-texnikali’q a’debiyatlar, gazeta-jurnal, teatr, radio-televidenie ha’m t.b. tarawlarda ken’ qollani’ladi’.

Qaraqalpaq tilinin’ milliy jazi’wi’ 1928-ji’lg’a deyin arab a’lipbesi tiykari’nda ju’rgizildi. 1924-ji’ldan baslap «Birinshi adi’m», «I’qti’yarli’ qaraqalpaq», «Yerkin qaraqalpaq» gazetalari’, 1925-ji’ldan mektep sabaqli’qlari’, 1930-ji’llardan baslap «Jas leninshi» (ha’zirgi «Qaraqalpaqstan jaslari’»), «Jetkinshek» gazetalari’, «Miynet a’debiyati’», «Awdari’spaq jali’ni’» t.b. a’debiy jurnallardi’n’ basi’li’p shi’g’i’wi’ a’debiy tildin’ rawajlani’wi’nda da’slepki adi’m boldi’.

Arab jazi’wi’ xali’qti’n’ wo’sip barati’rg’an talabi’n toli’q qanaatlandi’ra almadi’, sonli’qtan bul jazi’w 1928-ji’li’ lati’n jazi’wi’ menen almasti’ri’ldi’. Al, 1940-ji’ldan baslap lati’n a’lipbesindegi jazi’wdi’n’ worni’na rus alfavitine tiykarlang’an jazi’w qabi’l yetildi.

O’zbekistan ha’m Qaraqalpaqstan Respublikalari’ g’a’rezsizlik ali’wi’ menen 1993-ji’li’ wo’z jazi’wi’n jan’alaw tuwrali’ sheshim qabi’l yetti. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ 1994-ji’ldi’n’ 26-fevrali’nda lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an jan’a a’lipbeni qabi’lladi’. Bul jan’a a’lipbenin’ qurami’ 32 ha’rip boli’p, qaraqalpaq tilinin’ wo’zine ta’n seslik wo’zgesheligin bildiretug’i’n 5 ha’rip (a’, g’, n’, o’, u’) u’stin belgisi menen, 1 ha’rip (sh) ha’ripler birikpesi tu’rinde ali’ndi’.

Jan’a a’lipbege tiykarlang’an imla qag’i’ydalari’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esinin’ 1995-ji’ldi’n’ 30-dekabrindegi

qarari’ menen tasti’yi’qlandi’ ha’m 1996-ji’li’ «Bilim» baspasi’nda kitapsha boli’p basi’li’p shi’qti’.

A’lipbe ha’m imlani’ ja’ne de jetilistiriw maqsetinde Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Joqarg’i’ Ken’esi 2009-ji’ldi’n’ 8-oktyabrinde qosi’mshalar ha’m wo’zgerisler kirgizilgen ni’zam qabi’lladi’. A’melde qollani’li’p kiyati’rg’an a’lipbenin’ qurami’na c (ц) ha’m ch (ч) ha’ripleri qosi’li’p, a’lipbenin’ sani’ 34 ha’rip bo’li’p qabi’l yetildi. Soni’n’ menen qatar e, o, o’ ha’riplerinin’ imlasi’na wo’zgerisler kirgizildi. So’z basi’nda e, o, o’ tu’rinde jazi’li’p kiyati’rg’an tu’pkilikli so’zlerdin’ aldi’nan y, w ha’ripleri qosi’li’p, ye, wo, wo’ birikpeleri (diftonglari’) tu’rinde jazi’latug’i’n boldi’. Mi’sali’: yertek, yerkin, yeki, Yernazar; wol, wotar, won, Wospan; wo’t, wo’nim, wo’ner, Wo’tegen t.b.

Son’g’i’ da’wirde qaraqalpaq tilinin’ Ma’mleketlik til retinde ni’zamlasti’ri’li’wi’ ha’m respublikami’zdi’n’ g’a’rezsizlikke yerisiwi tilimizdin’ rawajlani’wi’na u’lken ta’sir jasadi’. Qaraqalpaq ha’m wo’zbek tilleri usi’ aymaqtag’i’ woqi’w basqa tillerde ali’p bari’latug’i’n klaslarda Ma’mleketlik til retinde woqi’ti’latug’i’n boldi’. Bul jag’daylar qaraqalpaq tilinin’ ja’miyetlik xi’zmetinin’ ken’eygenliginen da’rek beredi.

Qaraqalpaq tilinin’ rawajlani’wi’, tiykari’nan, yeki tu’rli jol menen — ishki mu’mkinshilikler ha’m si’rtqi’ ta’sir arqali’ iske asadi’.

I. Qaraqalpaq tilinin’ leksikasi’ wo’zinin’ mu’mkinshiliklerin paydalani’w arqali’ to’mendegi jollar menen rawajlanadi’:

1) buri’nnan qollani’li’p ju’rgen tu’pkilikli so’zlerdin’ ma’nisi ken’eyip, jan’a ma’nige iye boladi’. Mi’sali’: miynet, awdari’spaq, qatnas, jari’s, gu’res, baylani’s, bay (bay xojali’q), jol (suw joli’, hawa joli’) t.b.;

2) buri’nnan qollani’li’p kiyati’rg’an so’zlerimizdi termin retinde paydalani’w joli’ menen, mi’sali’: ses, buwi’n, tu’bir, tu’bir so’z, so’z dizbegi, baspaxana t. b.;

3) awdarma jasaw arqali’, mi’sali’: shi’g’arma (сочинение), hu’rmet taxtasi’ (доска почета), ku’ndelik (дневник) t. b.;

II. Qari’m-qatnas na’tiyjesinde basqa tillerdin’ (arab-parsi’, rus t.b.) ta’siri arqali’ so’zlik bayli’q ha’m t.b. tarawlar rawajlandi’.

**Sorawlar ha'm tapsi'rmalar**

1. Qaraqalpaq a'debiy tili qay waqi'ttan baslap rawajlana basladi'?
2. Qaraqalpaq tili wo'zinin' rawajlani'w da'wirinde qanday a'lipbelerdi qollandi'?
3. Buri'ng'i' ha'm ha'zirgi lati'n a'lipbeleri qashan qabi'l yetildi ha'm ha'zirgi lati'n a'lipbesinde neshe ha'rip qabi'l yetilgen, qaysi' ha'ripler qaraqalpaq tilinin' wo'zine ta'n seslik wo'zgesheligin belgileydi?
4. Qaraqalpaq tilinin' leksikali'q qurami' qanday jollar menen rawajlanadi'?
5. Qaraqalpaq tilinin' leksikasi', fonetikasi', grammatikasi' ha'm punktuaciyasi' qaysi' tillerdin' ta'siri arqali' rawajlang'an?

# VII KLASTA WO'TILGENLERDI TA'KIRARLAW

## MORFOLOGIYA

## Ko'mekshi so'z shaqaplari'

**Ta'kirarlaw ushi'n sorawlar**

1. So'z shaqaplari' neshege bo'linedi? Wolardi' atap ayti'n'. Solardan ma'nili so'z shaqaplari' ha'm ko'mekshi so'z shaqaplari'n aji'rati'p ayti'n'.
2. Ne ushi'n wolar ma'nili so'z shaqaplari' ha'm ko'mekshi so'z shaqaplari' dep ataladi'? Qi'sqasha tu'sinik berin'.
3. Tirkewishler qanday grammatikali'q ma'ni ha'm xi'zmetlerde qollani'ladi'?
4. Da'nekerlerdin' neshe tu'ri bar? Wolar ga'pte qanday xi'zmetlerdi atqaradi'?
5. Janapaylar qollani'li'w ma'nilerine qaray neshe tu'rge bo'linedi ha'm wolar ga'pte qanday xi'zmetlerdi atqaradi'?

***1-shi'ni'g'i'w***. Berilgen so'zlerdi woqi'n'. Da'slep toli'q ma'nili so'z shaqabi'na son' ko'mekshi so'z shaqabi'na aji'rati'p ayti'n'.

Awi'l, terek, tog'ayli'q, suw, paxta, deyin, sheyin, tuwrali', haqqi'nda, alma, yerik, ag'ash, u'lken, sari', jaqsi', shi'rayli', ha'm, ja'ne, tag'i', biraq, lekin, joqari', to'men, az, ko'p, woti'r, tur, ju'r, woqi'ydi', isleydi, sebebi, wo'ytkeni, sonli'qtan, men, sen, wol, qayda, qashan, won bes, mi'n', ju'z, a'lbette, mu'mkin, pay, u'wh, jalt-jult, g'ashi'r-g'ashi'r.

***2-shi'ni'g'i'w***. Ko'shirip jazi'n'. Ko'mekshi so'zlerdin' asti'n si'zi'p, qaysi' tu'ri yekenin ha'm ga'pte qanday grammatikali'q xi'zmet atqari'p kelgenin tu'sindirin'.

1. Arti'q ag'a menen Atamurat ko'lden shi'g'i'wdan-aq tog'ayg'a qaray bag'dar aldi'. 2. Ku'n a'dewir basi'li'pti', tek jag'i'msi'z samal yesip tur. 3. Gu'zde ha'm qi'sta kekliklerge jem jetispeydi, sonli'qtan wolar joldan wo'tip qori'qqa kelip jigildik ha'm basqa da na'rseler menen awqatlanadi'. *(V. B.)* 4. Tap usi' jerden baslap, an'g'ardi'n' bag'dari' menen tawg'a qaray sozi'li'p ketetug'i'n qori'q tog'ayi' baslanadi'. 5. Bala soqpaq penen u'yler ta'repke qaray juwi'ri'p ketti, wol avtolovkani'n' kiyati'rg'ani'n xabarlag'i'si' keldi. *(Sh.A.)* 6. Tek to'besi g'ana

gu'jimdey bu'rkelip, ko'gis boli'p turadi'. *(N.W.)* 7. Jay pitken son' ko'p uzamay-aq wog'an kirip aldi'q. *(T.Q.)*

***3-shi'ni'g'i'w.*** Ko'mekshi so'zlerdi aji'rati'p, ko'shirip jazi'n'. Wolardi'n' ma'nisi ha'm ga'ptegi qollani'li'w xi'zmetleri boyi'nsha tu'sinik berin'.

Biraq, lekin, menen, ushi'n, sayi'n, keyin, son', ha'm, ja'ne, da, de, ma, me, tag'i', tag'i' da, ja'ne de, tek, g'ana, g'oy, sebebi, sonli'qtan, wo'ytkeni, haqqi'nda, jo'ninde, tuwrali', arqali', deyin, sheyin, beri, berli, go're, basqa, ti'sqari', qaray, qaramastan, degen menen, sonda da, yeger de, ya, yaki, ga', ga'hi, a'ri, birese, birde, aq, g'oy.

| Tirkewishler | Da'nekerler | Janapaylar |
|---|---|---|
| Ushi'n, ... | Lekin, ... | Tek, ... |

## Modal, tan'laq ha'm yeliklewish so'zler

**Ta'kirarlaw ushi'n sorawlar**

1. Qanday so'zler modal so'zler dep ataladi'? Mi'sallar keltirin'.
2. Modal so'zler ga'p ag'zasi' bola ala ma? Yeger ga'p ag'zasi' bolsa, qanday ag'za dep ataladi'? Mi'sal keltirin'.
3. Tan'laq so'zler qanday so'zlerdin' topari'na kiredi?
4. Tan'laqlar ma'nisine qaray qanday tu'rlerge bo'linedi?
5. Qanday so'zlerge yeliklewish so'zler delinedi? Mi'sal keltirin'.
6. Yeliklewish so'zlerdin' bildiriliw tu'rlerin ayti'n'.

***4-shi'ni'g'i'w***. Tekstti woqi'n'. Modal, tan'laq ha'm yeliklewish so'zlerdi tawi'p, wolardi'n' ga'ptegi ma'nisi ha'm sintaksislik xi'zmetlerin ani'qlan':

1. — Xalqi'mi'zdi' sonsha da'rejede pa'ske taslay bermen'iz ...

Ma'selen siz xali'qti'n' balalari'na at qoyi'wdag'i' da'stu'rin umi'tti'n'i'z ba? Ma'selen, ul balalari'na Alpami's, Qoblan, Maman, Aydos, Yernazar ... dep qoyadi', qi'zlari'na Gu'layi'm, Arzayi'm, Barshi'n ... dep at qoyadi'. Bul da, demek, izbe-izlikti saqlap, wo'tmishtegi bati'r analari'n yen' bolmasa ati' arqali' yeslew ha'm kelesi a'wlad arasi'nan sonday bati'rlar, danalar payda boli'wi'n ku'sew g'oy.

—OOO ... Bazi’ xali’qlardi’n’ du’nyag’a u’lgi bolatug’i’nlari’ni’n’ tu’p ma’nisi yendi sanama jetti...

—Menin’she, adamg’a kerek u’sh adamni’n’ biri basshi’ adam. Biraq, u’sh na’rse boli’wi’ tiyis: «Aqi’l, bilim, parasat». Bul u’sh na’rsenin’ qaysi’si’ jetispese de, wonday basshi’ni’n’ tabani’ tayg’aq, tili si’ypaq keledi. Sol ushi’n ha’rbirin’iz wo’z basshi’n’i’z jo’ninde woylani’p ko’rin’iz.

A’tten’, ko’p islerdi balalari’mni’n’ basqan izine usata almay ku’yinemen... *(T. Q.)*

2. Jolg’a jaqi’n bu’klerden ushqan qi’rg’awi’llarg’a bazda atlardi’n’ qulaqlari’ selten’ yetedi. *(T.Q.)*

3. Wah, a’tten’-ay. Mu’mkin, bir qolaysi’z jag’day bolg’an shi’g’ar. Ali’stan buwdaq-buwdaq shan’ ko’rindi. *(Sh.A.)*

## Ga’p ag’zalari’

**Ta’kirarlaw ushi’n sorawlar**

1. Ga’p ag’zalari’ neshege bo’linedi? Wolardi’ atan’.
2. Ne ushi’n ga’p ag’zalari’ bas ag’zalar ha’m yekinshi da’rejeli ag’zalar boli’p bo’linedi?
3. Ga’ptin’ yekinshi da’rejeli ag’zalari’ qanday tu’rlerge bo’linedi? Solardan qaysi’ ag’zalar bayanlawi’shqa qatnasli’, qaysi’ ag’za baslawi’shqa qatnasli’ boli’p keledi?
4. Toli’qlawi’sh ha’m pi’si’qlawi’sh bayanlawi’shti’ (is-ha’reketlerdi) qanday ma’nilerde si’patlaydi’? Wolardi’n’ is-ha’reketti si’patlaw ma’nilerine qaray sorawlari’n ayti’n’, mi’sallar keltirin’.
5. Toli’qlawi’shlar, ko’binese qaysi’ so’z shaqaplari’ arqali’ bildiriledi? Mi’sallar keltirin’.

***5-shi’ni’g’i’w***. Tekstti woqi’n’. Ga’plerdegi bas ag’zalardi’ tawi’p, wolardi’n’ qanday so’z shaqaplari’ arqali’ bildirilgenin ha’m tariyxi’y waqi’yani’n’ bolg’an da’wirin bayanlap, mazmuni’n so’ylep berin’.

YERNAZAR ALAKO’Z — XALI’Q QAHARMANI’

Yernazar alako’z — ten’i-tayi’ joq xali’q qaharmani’. Bul haqqi’nda ko’rnekli tariyxshi’ ali’m akademik Sabi’r Kamalov «XVII — XIX a’sirlerdegi qaraqalpaqlar» degen miynetinde ayqi’n da’lillep ko’rsetken. Sebebi, g’a’rezsizlik ushi’n bolg’an gu’resler ha’rbir xali’qti’n’ tariyxi’ni’n’ tiykari’. Al, Maman biy menen Yernazar alako’z qaraqalpaqlardi’n’ g’a’rezsizligi joli’nda wo’limge basi’n tikken xali’q bati’rlari’ yedi.

Aydos biy haqqi'nda xali'q an'i'zlari'nda ha'r qi'yli' pikirler ayti'lg'an. Bul an'i'zlarg'a qarag'anda Aydosti'n' qol-qanati', tiregi yeki inisi — Begis penen Mi'rji'q boli'p, wolar, shi'ni'nda da, bati'r adamlar bolg'an.

Aydosti'n' a'rmanlari'n iske asi'ri'w ushi'n gu'resken adam woni'n' inisi Mi'rji'qti'n' balasi' Yernazar alako'z.

Yernazar — ismi, alako'z — woni'n' laqabi'. Wol sonday tu'r-tu'si kelisken, palwan adam bolg'an. Adamlar woni'n' bati'rli'g'i'nan g'ana yemes, ba'lki ko'zqarasi'ni'n' wo'zinen aybi'natug'i'n bolg'an. Alako'z laqabi' woni'n' ko'zinin' jani'p turg'an wo'tkirligi ushi'n berilgen. Wol a'kesinen jaslay jetim qali'p, anasi' Qumardi'n' tuwi'sqani' — dayi'lari'ni'n' qoli'nda ta'rbiyalang'an. *(«Y.Q.»)*

***6-shi'ni'g'i'w***. Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Ga'ptin' yekinshi da'rejeli ag'zalari'n tawi'p, wolardi'n' sorawlari'na qaray yekinshi da'rejeli ag'zalardi'n' qaysi' tu'ri yekenin ha'm qaysi' so'z shaqabi'nan bolg'ani'n ani'qlan'.

1. Ra'wshan sharwalar menen ashi'qtan-ashi'q so'ylesti. *(J.A.)* 2. Mi'na jaqta studentlerdin' zawi'qli' dawi'si' yesitiledi. *(I.Y.)* 3. Wol joldaslari' menen biraz woylasti' ha'm ken'esti. *(J.A.)* 4. Ko'pshilik A'bdimurattan shi'g'i'p so'ylewdi wo'tinish yetti. *(T.Q.)* 5. Qosi'bay to'rde ko'pshikti won' jaq shi'g'anag'i'na dastani'p jati'r. *(K.S.)* 6. Wol barli'q i'qlasi' menen g'awashalarg'a su'ysinip qaradi'. *(W.X.)* 7. Jalqawg'a is buyi'rsan', wo'zin'e aqi'l u'yretedi. *(Q. n. m.)* 8. Ana tilin' — senin' bul du'nyani' tu'siniwin' ushi'n ko'p si'yqi'rli' gilt. Ana tili joq, ana jurti' joq insan — bul du'nyani'n' wo'gey perzenti. *(T.Q.)*

***7-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Ga'plerdegi pi'si'qlawi'shlardi'n' asti'n si'zi'n'. Wolardi'n' wo'zi qatnasli' ag'za menen qanday ma'nide baylani's-qani'n, sorawlari'n ha'm pi'si'qlawi'shti'n' qaysi' tu'ri yekenin tu'sindirin'.

1. Tog'ayli'qtan wo'tip, qami'sli'qti'n' arasi'na keldik. *(A'.Sh.)* 2. Ko'zlerinen ushqi'n ati'p turg'anday seziledi. 3. Wol adamlar-di'n' pikirin ti'ni'q ti'n'ladi'. 4. Da'rya suwi' qara-qoqshi'llaw, a'ste ag'i'p tur *(M. S.)* 5. To'resh ka'tinin' u'stinde woti'ri'p ko'p woylandi'. *(N. D.)* 6. Seydan qami's a'keliwge shi'qti'. *(I.Y.)* 7. Wol qi'si'ni'p terley basladi'. 8. Jigit wog'an jorta kewil awdar-madi'. *(T. Q.)* 9. Bersen' alasan', yeksen' worasan'. (*Q. n. m.)*

## SINTAKSISLIK BAYLANI'SLAR

### §1. Sintaksislik baylani's haqqi'nda tu'sinik

So'zlerdin' grammatikali'q qurallar arqali' baylani'si'p, belgili ma'nilik qatnaslardi' bildiriwine **sintaksislik baylani's** delinedi.

So'zlerdin' sintaksislik baylani'si'wi' arqali' sintaksislik birlikler — **so'z dizbegi, ga'p** ha'm **tekst** du'ziledi. Mi'sali': *da'ryani'n' suwi', suli'w jay, paxtani' teriw* si'yaqli' so'zlerdin' dizbegi seplik qosi'mtalari' ha'm wori'n ta'rtibi arqali' baylani'sqan.

Sonday-aq, sintaksislik baylani's jay ha'm qospa ga'plerdin' qurami'nda da baylani'sti'ri'wshi'li'q xi'zmet atqari'p, ma'nilik qatnaslardi' payda yetedi. 1. Bizler shay iship boldi'q. 2. Ala bultlar aspandi' qaplap, qar borap jawdi'. *(X.S.)*

Bundag'i' birinshi ga'p — jay ga'p. Bul ga'ptin' baslawi'sh ha'm bayanlawi'shi' betlik qosi'mtalar arqali' sintaksislik baylani'sqa tu'sken. Ma'nilik jaqtan xabar ma'nisin bildiredi. Yekinshi ga'p — qospa ga'p. Wol yeki jay ga'pten du'zilip, ala bultlardi'n' aspandi' qaplag'anli'g'i', qardi'n' borap jawg'anli'g'i' tuwrali' xabarlaydi'. Bul qospa ga'ptin' qurami'ndag'i' jay ga'pler bayanlawi'sh formalari' ha'm intonaciya arqali' baylani'sqan.

***8-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Jay ga'plerdin' qurami'ndag'i' so'zlerdin' sintaksislik baylani'si'n ha'm ma'nisin tu'sindirin'.

1. Wol yerte woyandi'. 2. Ken' daladan qatti' samal yesip tur. 3. Wol worni'nan turdi', kerilip-sozi'li'p, dem aldi'. 4. Tan'ni'n' taza hawasi'n meylinshe jutti', kewil sarayi' ra'ha't-lengendey boldi'. 5. Bu'gin de tan' sa'ha'rde A'mu'wdin' boyi'na keldi, aydi'nli' suwg'a qaradi'. 6. Ko'k sho'plerdi, yeginlerdi qi'raw urdi'. 7. Qaramallar ko'k sho'plerdi tamsani'p jedi. 8. Seyilbek azan menen mallardi' shoqayqumdag'i' jaylawlarg'a aydadi'. *(X.S.)*

***9-shi'ni'g'i'w***. Ko'p noqatti'n' worni'na tiyisli qosi'mta yamasa ko'mekshi so'zlerdi qoyi'p, ko'shirip jazi'n'. Qosi'mtalar qosi'lg'an so'zdi baylani'si'p kelgen so'zi menen birge asti'n si'zi'n'.

1. Aspan... qara bult tegis qaplap al... . 2. Qar borap jaw ... . 3. Tal tu's... jawg'an qar keshke ... ti'nba... . 4. Qar dize... jawdi'. 5. Dawi'l ti'n... , bultlar ko'ship, aspan ashi'l... . 6. Dalan'li'q appaq boli'p ko'rin... . 7. Ji'lt-ji'lt yetip ha'r jer... juldi'z ko'rin... . 8. Aspannan jeti qaraqshi' juldi'z... izle... . 9. Do'n'... basi'na shi'q..., a'tirap... qaradi'. *(X.S.)*

***10-shi'ni'g'i'w***. Tekstti woqi'n'. Irkilis belgilerinin' qoyi'li'w sebeplerin ha'm ga'ptin' ma'nilerin ayti'n'.

Men ba'ha'rdi sonday jaqsi' ko'remen. Oksana da jaqsi' ko'redi. Sizler de solay shi'g'arsi'z. Ba'ha'rdegi qozi'-i'laqlardi'n' shad boli'wi'n aytpaysan'-aw? Sizler wolardi'n' kewilli woynap ju'rgenin ko'rsen'izler yedi? «Na'restelerdin' shaqi' qi'shi'ydi'», — deydi Mansur atam.

Men palapanlardi', ha'tteki ali'stan tani'yman: wol tasti'n' u'stinde turi'p basi'n ana jaqqa bir, mi'na jaqqa bir buri'p, tula bedenin tarap, quyashqa qi'zdi'ri'ni'p ati'r.

Al, tawi'qlar-she? Wolar u'ydin' do'gereginde, ha'mme jerde wo'rip ju'r ha'm arasi'nda shaqi'ri'p qoyadi'.

Ba'ha'r kelse, qanday kewilli boladi' desesh. Ha'mme kewillenedi. Ha'mme woynaydi', ha'mme qosi'q aytadi', quslar sayraydi' ... *(M.K.)*

## § 2. So'zlerdi baylani'sti'ri'wshi' qurallar

***11-shi'ni'g'i'w***. Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdin' qalay baylani'si'p turg'ani'na di'qqat yetip, sol so'zlerdi baylani'sti'ri'wshi' qurallardi' ani'qlan'.

Jawi'n yele **silpilep jawi'p turg'an yedi**. Sap-salqi'n tamshi'lar **Bahadi'rdi'n' betine tiyip**, titirkendirip jibergeni menen de, ba'ri-bir wog'an bul ju'da' **jag'i'mli' seziledi**. Ko'sheden **mashinalar dizbegi** i'zg'i'p wo'tip tur. **Faralarg'a shag'i'li'sqan** gu'mis tamshi'lar marjan monshaqlar kibi **asfalt to'sin ti'ni'msi'z sabalaydi'**.

Jigit **plashi'ni'n' jag'asi'n** a'ste ko'terip qoydi' da, joldi'n' qi'rra jag'asi'n yenlep ati'rg'an za'wlim biyik **jaydi'n' joqarg'i'**

**qabati'na ko'z tasladi'.** Jetinshi qabattag'i' shetki **aynani'n' jari'g'i'** wo'shti. *(S.I.)*

So'zlerdin' wo'z ara bir-biri menen grammatikali'q baylani'sqa tu'siwi so'z dizbegi ha'm ga'plerdi du'zedi. So'z dizbegi ha'm ga'pler to'mendegi grammatikali'q qurallar arqali' baylani'sadi':

1. So'z dizbegi ha'm jay ga'ptin' qurami'ndag'i' so'zler atli'qti'n' **seplik, tarti'm** ha'm ani'qli'q meyildin' **betlik qosi'mtalari'** arqali', baylani'sadi'. Mi'sali': **Bizler tog'aydi'n' ishinde** bes-alti' saat **jol ju'rippiz.** (W.X.) Bul ga'pte **bizler jol ju'rippiz** degen so'zler betlik qosi'mtasi' arqali', **tog'aydi'n' ishinde** degen **iyelik seplik** ha'm **tarti'm** qosi'mtasi' arqali' baylani'si'p kelgen.

2. Ko'mekshi so'zler arqali' baylani'sadi'. Mi'sali': 1. Wol **traktorshi' menen sa'lemlesip**, shigit yegilgen ati'zlardi' **qoli' menen** siltep **ko'rsetti**. 2. Mashina **Topi'raqqalag'a qaray ju'rip ketti.** 3. Mashina **Ja'ha'ngir menen traktorshi'ni'n'** izinen jetip, salta toqtadi'. *(W.X.)*

Bul mi'sallarda 1 — 2-ga'plerdegi qara ha'rip penen jazi'lg'an so'z dizbekleri **menen, qaray** tirkewishleri arqali' baylani'sqan. Al, 3-ga'ptegi di'qqat yetilgen so'zler **menen** da'nekeri arqali' baylani'si'p, ten' ma'nili baylani'sta kelgen.

3. Wori'n ta'rtibi arqali' baylani'sadi'. Mi'sali': 1. **Alti'n gu'zdin' jag'i'mli' samali'** yesip tur. *(S.S.)* 2. Tawdi'n' ali'stag'i' q**arli' shi'n'lari' tap su'wrettegidey boli'p turadi'.** *(Sh.A.)* Bul ga'plerde **alti'n gu'z, jag'i'mli' samal, qarli' shi'n'lari', su'wrettegidey boli'p turadi'** so'zleri wo'z ara wori'n ta'rtip arqali' baylani'sqan.

4. Intonaciya arqali' baylani'sadi'.

So'z dizbeginin' intonaciyasi' bir dem menen ayti'ladi': **Mi'naw balam, bul kitapxana, wol sawi'nshi'** degen so'zler so'z dizbegin du'zip kelgen. Bulardi'n' so'z dizbegi yekenligi soraw qoyi'w arqali' da (qaysi' balam?, qaysi' kitapxana?, qaysi' sawi'nshi'?) ani'qlanadi'. Bul jag'dayda **mi'naw, bul, wol** almasi'qlari' siltew almasi'g'i' ma'nisinde keledi. Yeger de bul so'zlerdin' arasi' a'dettegiden sozi'li'n'qi' intonaciya menen ayti'lsa, wonda wolar ga'plik belgige iye boladi'. Bul jag'dayda almasi'qlar atli'q ma'nisine jaqi'nlasadi': **Mi'naw — inim. Bul** — kitapxana. **Wol** — sawi'nshi'.

***12-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdegi so'zlerdin' qanday grammatikali'q qurallar arqali' baylani'si'p kelgenin ha'm sol baylani'si'p turg'an so'zlerdin' qaysi' so'z shaqabi' yekenin tu'sindirin'.

1. Ma'diyar menen Toli'baydi'n' jayi'ni'n' arasi'n «Tawbay jap» bo'lip tur. 2. Ha'wlinin' ku'n batar arqa mu'yeshine keldi de, paqshani' ko'z benen shenew ushi'n aspang'a qaray bergeni, bir juldi'z si'zi'li'p wo'tti. 3. Aqsaqal awi'li'na to'te jol menen ketti. 4. Wol Qudaybergen han'qali' ati'n tepsindi. 5. Bu'gin jetiw ushi'n bir-yeki jal jiydelikten, ja'na'witliklerden wo'tiw kerek yedi. 6. Aqsaqal atasi'ni'n' aldi'na Da'niyar juwi'ri'p shi'qti'. 7. Qunnazar «balag'a bir na'rse bereyinshi» dep, a'ri-beri qaltasi'n qarap yedi, ishinen bir-yeki qaq yerik shi'qti'. 8. Birewin Aqjarqi'ng'a, birewin Da'niyarg'a uslatti'. *(Sh.S.)*

***13-shi'ni'g'i'w***. Berilgen so'z dizbeklerin to'mendegi u'lgi boyi'nsha ko'shirip jazi'n'. So'zlerdi baylani'sti'ri'wshi' grammatikali'q qurallardi'n' asti'n si'zi'n'.

Jazg'i' ku'n, awi'ldi'n' ko'rinisi, awi'lg'a bardi'm, jaydi' si'badi'q, mektepten shi'qti'm, awi'lda jasayman, awi'l haqqi'nda woylandi'm, ken' jaylaw, awi'ldi'n' suli'w ko'rinisi, Araldi'n' suwi', ko'ldin' bali'g'i', ko'lge qaray ketti, awi'lg'a ku'n sayi'n qatnadi'm, biyik taw, ko'p qabatli' jay, inim ushi'n aldi'm, mi'naw Xojako'l, anaw Qarataw, qaynag'an suw, jawi'n-shashi'nli' ku'n, jan'a qoni's, mekteptin' bag'i', jaqsi' woqi'ydi', qa'lem menen jazdi', bes da'pter, suwi'q ku'n.

U'lgi:

1. Qosi'mtalar arqali': awi'lda jasaydi', ...
2. Ko'mekshi so'zler arqali': da'ryag'a qaray ketti, ...
3. Wori'n ta'rtip arqali': ashi'q hawa, ...
4. Intonaciya arqali': mi'naw kitabi'm, ...

***14-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Qosi'mtali' ha'm qosi'mtasi'z, wori'n ta'rtibi arqali' baylani'sqan so'zlerdi tawi'p, ayti'p berin'.

1. Bizler kempir apam yekewimiz jasap ati'rmi'z. 2. Kempir apam tez-tez woylani'p qaladi'. 3. Usi' waqi'tlar ishinde u'yde birqansha jan'ali'qlar boldi': si'yi'r tuwdi', al shaqli' qara qoy yegiz qozi' tuwdi', qozi'lari'ni'n' birewi — qara, yekinshisi — aq. 4. Suwi'q ku'nleri qozi'lardi' u'yge kirgizemiz. 5. Wolardi'n' yele

aqi'li' joq, hesh na'rsege tu'sinbeydi. Qozi'lar wo'rli-g'urli' juwi'radi'. 6. Kempir apam toqi'p ati'rg'an zati'n toqtati'p, ko'z a'yneginin' asti'nan qozi'larg'a qaraydi' ha'm mag'an wolardi' ko'zi menen qi'zi'q yetip ko'rsetedi. 7. Bir shuwmaq ju'n woni'n' dizesinen yedenge ji'li'si'p tu'sti. 8. Kempir apam frontta ju'rgen birewge qolg'ap toqi'p ati'r. *(M.K.)*

***15-shi'ni'g'i'w.*** So'zlerdi baylani'sti'ri'wshi' qurallardi'n' (qosi'mtali', ko'mekshi so'zli ha'm wori'n ta'rtibi arqali' baylani'si'wi'ni'n') ha'rbir tu'rine yadtan yeki ga'pten ga'p du'zip jazi'n'.

## § 3. So'zlerdin' sintaksislik baylani'si'w tu'rleri

So'zler sintaksislik jaqtan yeki tu'rli boli'p baylani'sadi'. So'zler bir-birine g'a'rezsiz, ten' ma'nili boli'p baylani'sadi'. Yekinshiden, bir-birine g'a'rezli, biri yekinshisin ma'nilik jaqtan tu'sindirip baylani'sadi'. Usi' si'yaqli' wo'zgesheliklerine qaray, wolar **ten' baylani's** ha'm **bag'i'ni'n'qi' baylani's** boli'p yekige bo'linedi.

Bir-birinen, g'a'rezsiz, ten' ma'nili baylani'sta kelgen so'zlerdin' dizbegine **ten' baylani's** dep ataladi'.

1. Ten' baylani'stag'i' so'zler wo'z ara bir-biri menen da'nekerler ha'm intonaciya arqali' baylani'sadi'. Mi'sali': 1. Tikjarlardi'n' u'stin qaplag'an **qayi'n'lar** menen **osinalar qi'zg'i'sh, sari'** ren'ge do'nedi (Sh.A.), — degen ga'ptegi di'qqat yetilgen so'zler da'neker ha'm intonaciya arqali' baylani'sqan. Bunda **qayi'n'lar** menen **osinalar** degen yeki so'zdin' arasi' **menen** da'nekeri arqali', al **qi'zg'i'sh, sari'** so'zleri intonaciya arqali' baylani'si'p, ten' ma'nili baylani'sta kelgen.

Ten' baylani's jay ga'plerdegi birgelkili ag'zalardi', dizbekli qospa ga'plerdegi jay ga'plerdi wo'z ara baylani'sti'radi'.

2. Bag'i'ni'n'qi' baylani's bir so'zdin' yekinshi bir so'zge bag'i'ni'wi' arqali' baylani'sadi'. Bunda bag'i'ndi'ri'wshi' so'z bag'i'ni'n'qi' so'z arqali' ani'qlanadi', tu'sindiriledi.

Bag'i'ni'n'qi' baylani's so'z dizbegi ha'm bag'i'ni'n'qi'li' qospa ga'ptin' si'n'arlari' arasi'ndag'i' baylani'sti' bildiredi. Mi'sali': 1. **Gu'zgi ji'yi'n-terim sapali' wo'tkerildi**. 2. **Qali'n' qar jawi'p**, jer muztayg'aq boldi'.

Bul mi'sallardag'i' birinshi ga'ptegi **gu'zgi ji'yi'n-terim sapali' wo'tkerildi** so'zleri so'z dizbegi arasi'nda baylani'sti' bildiredi. Yekinshisi — bag'i'ni'n'qi'li' qospa ga'p. Bulardi'n' ha'mmesinde de wolardi'n' bir-biri menen baylani'sqan si'n'arlari' bir-birinen g'a'rezli bag'i'ni'n'qi' baylani'sta kelgen.

***16-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge di'qqat yetip, wolardi'n' qaysi'si' ten' baylani'sta, qaysi'si' bag'i'ni'n'qi' baylani'sta kelgenin ha'm ten' baylani'sti' bildiriwshi qurallardi' ayti'p berin'.

Bir sapari' **u'lkemizdegi quslar arasi'nda** jaqi'n ku'nlerde yelimizdin' yen' go'zzal qalalari'ni'n' birinde u'lken **ba'ha'r bayrami'** boladi' degen xabar taradi'. Wol jerde **shiyrin-shiyrin namalar** shali'ni'p, adamlar ju'da' **kewilli qosi'qlar** ayti'p, shadi'man boladi' yeken. Qalani'n' jani'nda **u'lken tog'ay** bar. Woni' **sayrag'i'sh quslar** ma'kanlaydi'. A'ne sog'an u'lkemizden **adamlar da, quslar da** qa'dir tutatug'i'n yen' sayrag'i'sh qusti' **jiberiwdi wo'tinipti**.

So'ytip **bizin' aymaqti'n' quslari' wo'zlerinin' u'lken** ji'yi'ni'na ushi'p keldi.

Wo'zin **basqalardan joqari'** sanaytug'i'n g'arg'a yen' **biyik wori'ng'a jaylasti'**. Woni'n' jani'na **uzaqsha ha'm sawi'sqanlar** kelip qondi'. Za'rre arrag'i'raqta **qara torg'ay, toqi'ldawi'q, shi'mshi'q, kekilik, bu'lbu'l** ha'm ko'k shi'mshi'q wori'n aldi'. U'y quslari' **u'yrek, tawi'q ha'm tu'yetawi'q** wo'zlerinin' arasi'nan kepterdi wa'kil yetip jiberipti.

—**Bizler adamlar menen ma'n'gi birgemiz**. So'ytse de tuwi'sqanlari'mi'z **basqa quslardi' umi'tpaymi'z**. Yeger ji'yi'nda ha'mmege wortaq is talqi'lanatug'i'n bolsa, wog'an **bizler de qatnasi'wdi' qa'leymiz**,— dep ayti'p bari'wdi' wolar **kepterge tapsi'ri'pti'**. *(M.K.)*

***17-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti ko'shirip jazi'n'. Ha'rbir ga'ptegi bag'i'ni'n'qi' baylani'sta kelgen so'z dizbeklerinin' asti'n si'zi'n'.

POSHSHA TORG'AY

Jazdi'n' payi'zli' azani'. Tan' azannan jumi'sshi'lar qosi'q ayti'p ati'zg'a shi'qti'. Wolar ha'r waq-ha'r waq ashi'q aspang'a qaraydi'. A'l hawada ko'zge ilinbey shi'ri'ldap sayrag'an poshsha torg'aydi'n' jag'i'mli' dawi'si' yesitiledi. Poshsha torg'aydi'n' qon'i'rawday si'n'g'i'rlag'an saz dawi'si' to'mendegi yegislikke, quyash nuri'na aralasi'p jayi'li'p ati'rg'anday seziledi.

Poshsha torg'ay keshe ji'yi'nda bola almadi'. Sebebi, wol uya du'zetip ati'rg'an yedi. Bu'gin uyani' pitkerdi. Wol sayranlaw ushi'n ko'kke ko'terildi. Usi' waqi'tta wol tosattan wo'tkerileyin dep ati'rg'an jari's tuwrali' yesitip qaldi'.

Yerten'ine tag'i' quslardi'n' ji'ynali'si' boldi'. Wolardi'n' a'n'gimesi poshsha torg'ay ha'm qarli'g'ash haqqi'nda yedi. *(M.K.)*

***18-shi'ni'g'i'w***. Berilgen ga'plerdegi di'qqat yetilgen so'z dizbeklerinin' da'slep ten' baylani'sta kelgenin, wonnan son' bag'i'ni'n'qi' baylani'stag'i'si'n terip ko'shirip jazi'n'. Ten' ha'm bag'i'ni'n'qi' baylani'stag'i' so'zlerdin' qalay baylani'si'p kelgenin tu'sindirin'.

**Bul gu'rrin'** sol **bali'qshi'lar haqqi'nda**, soni'n' ishinde **Jolaman g'arri' menen balasi' Boransha haqqi'nda** bayanlanadi'... 2. **I'laydan ha'm tastan wo'rilgen pa'skeltek jaylar** tawdi'n' tik jari'n jag'alap sali'ng'an. *(Z.V.)* 3 **Aqshi'l, sarg'i'sh, qi'zi'l gu'ller** a'jayi'p xosh iyisti a'tirapi'na taratadi'. 4. J**aplar menen saylardi'n'** jag'alari', i'rashlar — tilkim-tilkim. **Shorli', sazli'** jerler batpaqtan iylenip ati'r. 5. **Arqadan yesken samal** kem-kem **bag'i'ti'n bati's-qa wo'zgerte basladi'.** *(G'.S.)* 6. Men buri'li'p, **ati'zlar ta'repke qarap woti'rman**. 7. **Yesik aldi'ndag'i' sarg'ayg'an sho'pler, ag'ashti'n' japi'raqlari', jaylardi'n' qan'i'lti'r to'beleri, ko'shedegi aq telegraf stolbalari'** quyash nurlari' menen qubi'li'p tur.

— Jazdi'n' bizler menen **jaqsi' ha'm ji'lli'** xoshlasi'wi'na qara! — dedi kempir apam. Bizler woni' **jaqsi' so'zlerimiz benen yeslep ju'remiz**.

**Usi' ku'ni** azanda **Petro ag'ay menen Oksana da bizin' awi'l menen xoshlasti'.** *(M.K.)*

## § 4. Bag'i'ni'n'qi'li' baylani'sti'n' tu'rleri

***19-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Ga'ptegi so'zlerdin' qalay baylani'si'p kelgenine di'qqat yetip, bag'i'ni'n'qi'li' baylani'sti' bildiriwshi qurallardi' ani'qlan'.

1. Shan'qay tu'ste tas to'beden shi'qqan quyash taslaqti' tabaday qi'zdi'rdi'. 2. Atlardi'n' doynaqlari' Taslaqti' tasi'rlatadi'. 3. Anda-sanda kesirtkeler qashadi'. 4. Sayi'mbet ko'zine quyi'lg'an terin woramali' menen si'pi'rdi'. 5. Buni' men jaqsi' bilemen. 6. Ma'diyar u'yinin' tusi'nda qali'p qoydi'. 7. Wol barli'q jumi'slardi' Atajang'a tapsi'radi'. *(S.S.)*

Bag'i'ni'n'qi'li' baylani'stag'i' so'zler wo'z ara bir-biri menen u'sh tu'rli usi'l arqali' baylani'sadi': **basqari'w, jupkerlesiw** ha'm **u'ylesiw (izafet)**.

1. Basqari'w. So'zlerdin' seplik qosi'mtalari' (bari's, tabi's, wori'n, shi'g'i's) ha'm tirkewishler arqali' baylani'si'wi'na **basqari'w** delinedi.

Seplik qosi'mtali' ha'm tirkewishli so'zlerdi talap yetip turg'an so'z bag'i'ndi'ri'wshi', al seplik qosi'mtali' ha'm tirkewishli so'zler bag'i'ni'n'qi' so'z boladi'. Mi'sali': awi'lg'a bari'w, g'awashalardi' suwg'ari'w, suwda ju'ziw, awi'ldan qayti'w, wo'zin'izge ma'lim, mennen u'lken, telefon arqali' so'ylesiw, da'ryag'a deyin bari'w, ku'n sayi'n qatnaw, ku'n sayi'n u'yge qatnaw, qaladan awi'lg'a qayti'w t.b.

***20-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge di'qqat yetip, wolardi'n' qanday usi'lda baylani'si'p kelgenin tu'sindirin'.

**Bizler** kewilli tu'rde shay **ishtik.** Qon'si'lari'mi'z bizlerge **tan'lani'si'p qaray basladi'.** Xibat ag'ani'n' awi'lg'a ali'p kelgen bul jan'a xabari' **tez** ji'ldi'ri'mday **tarap ketti. Ha'mmede quwani'sh,** ju'zinde ku'lki. **Ha'mme u'yge ji'ynali'p**, shay u'stinde bul quwani'shli' xabardi', qaladag'i' wo'zgerislerdi Xibat ag'ani'n' wo'z awzi'nan yesite basladi'. Men yekinshi keseni iship boldi'm.

**Ji'ynalg'an adamlar** ko'p waqi'tqa deyin tarqamadi'. **Qaladan** keshke qaray **jan'a xabarlar kelip jetti.** Yendi **Xibat ag'ani'n' aytqanlari'na isendi.** *(D.Y.)*

***21-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Basqari'wshi' baylani'sta kelgen so'zlerdi tawi'p, wolardi'n' qanday qurallar arqali' baylani'si'p kelgenin tu'sindirin'.

1. Usi' ku'ni jamg'i'r tu'n yari'mi'na shekem ti'nbadi'. 2. Tawlardi'n' ji'ralari' menen joqarg'i' jiyeklerin ko'k sho'pler qaplap alg'an yedi. 3. Sharwa qi'zi' qoylardi' qoradan shi'g'ardi'. 4. Qoli'ndag'i' saati'na qarap yedi, waqi't jeti bolg'an yeken. 5. Bunnan bir saat buri'n uyqi'si'nan woyani'p, biraz jumi'slardi' pitkerdi. 6. Jupargu'l ku'limsirewi menen qa'demlerin ni'q basi'p u'yine qarap ju'rdi. 7. Jupargu'l qara shaydi' quya basladi'. 8. Jupargu'l, — dedi Boranbay fermer-xojali'q worayi'na barmaqshi'man. 9. Boranbay fermer-xojali'q worayi'na bari'p qaytqan ku'nnin' yerten'ine qoylardi' wo'zi bag'i'p ketti. 10. Shopan qi'z

u'y jumi'slari'n taqlasti'ri'p bolg'annan keyin kir juwa basladi'. *(J.Sap.)*

***22-shi'ni'g'i'w.*** Ko'p noqatti'n' worni'na tiyisli seplik jalg'awi' ha'm tirkewishlerdi qoyi'p ko'shirip jazi'n'. Baylani'sti'ri'wshi' qurallar arqali' baylani'si'p kelgen so'zlerdin' asti'n si'zi'p, wolardi'n' qaysi' seplik qosi'mtalari' arqali' baylani'sqani'n ani'qlan'.

1. — Men sen... buni'n'daydi' ku'tpegen yedim. Menin' jan du'nyamni'n' si'r... tu'sinbedin'. «Shi'bi'nni'n' basi'... baq qonsa, sun'qar sa'lemge keledi» degen usi' yeken. Sun'qardi'n' qa'di... bilmedin'iz, bu'gingi... umi'tpayman — dep mashinasi'... minip joli'na tu'sti.

2. Tu'ske ... qoylari'n wo'zi baqqan Jupargu'l tu'sten ... woqi'wdan qaytqan inisi menen sin'lisin worni'... jiberdi. U'y jumi'si'... kiristi. Anasi' qayti's bolg'annan ... u'ydin' ishki barli'q jumi'slari' wo'zi... qarap qalg'an yedi. A'kesi menen sin'lisi, inisinin' kiyimler... juwdi'. Qudi'q... suw a'kelip, shelekler... tolti'rdi'. Usi'nday isler ... shug'i'llang'an qi'z keshtin' boli'p qalg'ani'n da sezbedi. *(J.Sap.)*

2. Jupkerlesiw. So'zlerdin' seplik qosi'mtasi'z ha'm tirkewishsiz wori'n ta'rtip arqali' baylani'si'wi'na **jupkerlesiw** delinedi.

Jupkerlese baylani'sqan so'zler wori'n ta'rtibi jag'i'nan arag'a so'z salmay, irgeles keledi.

Jupkerlesiwshi baylani'stag'i' so'zlerdin' bag'i'ni'n'qi' si'n'ari', ko'binese, kelbetlik, ra'wish, hal feyil, atli'q, sanli'q, almasi'q, yeliklewishlerden, al bag'i'ndi'ri'wshi' si'n'ari' feyil ha'm atli'qlardan boladi': taza suw, qi'zi'qli' kitap, a'ste so'yledi, silpilep jawdi', juwi'lmag'an ko'ylek, ju'n woramal, bes da'pter, jalt qaradi', bul bala t.b.

3. U'ylesiw («izafet»). So'zlerdin' iyelik sepligi ha'm tarti'm qosi'mtalari' arqali' baylani'si'wi'na **u'ylesiw** delinedi.

U'ylesiwshi baylani'stag'i' so'zlerdin' bag'i'ndi'ri'wshi' so'zi tarti'm qosi'mtali', al bag'i'ni'n'qi' so'zi iyelik sepliginde kelip baylani'sadi': ten'izdin' hawasi', qudi'qti'n' suwi', boyanni'n' tami'ri', jaydi'n' a'ynegi t.b.

U'ylesiwshi baylani'stag'i' so'zler wori'n ta'rtibi jag'i'nan arasi'nda basqa so'zler kelip, bir-birinen uzaq turi'p ta baylani'sa beredi: **A'mettin'** joldag'i' <u>isi</u>, qasari'sa aytqan

**so'zi** Allamuratti' hayran qaldi'rdi'. *(T.Q.)* Maman **Murat shayi'qti'n'** izde kiyati'rg'an <u>at</u> **qosshi'si'** wo'tip ketkenshe irkilip turdi'. *(T.Q.)*

**An'lati'w**. U'ylesiw usi'li' menen baylani'sqan so'zlerdin' bag'i'ni'n'qi' so'zinin' iyelik seplik qosi'mtasi' tu'sip qali'p ta qollani'ladi'. Biraq woni'n' menen baylani'sqan so'zdin' qosi'mtasi' (tarti'm qosi'mtasi') ko'rinip turadi'. Iyelik sepligi tu'sip qalg'an so'zdin' iyelik sepliginde yekenligi tarti'm qosi'mtasi' arqali' belgili boli'p turadi': **Stanciya na'wbetshisi** qoli'ndag'i' pani'si'n bi'lg'an'lati'p, sostavti'n' bas betine qaray juwi'rdi'. *(Sh. A)*

***23-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Jupkerlesiw usi'li'nda baylani'sqan so'zlerdin' asti'n si'zi'p, bag'i'ni'n'qi' so'zdin' bag'i'ndi'ri'wshi' so'zdi qanday ma'nide si'patlap kelgenin tu'sindirin'.

1. Aqsaydi'n' salalari' menen aydi'n-aydi'n tegislikleri, woyli'-ba'lent jerleri buri'ng'i'dan da beter yen shashi'p, jayi'li'p ketkendey ko'rinedi. 2. Quyash kem-kemnen qi'zdi'ra basladi'. 3. Jerden i'zg'arg'a aralas jag'i'mli' iyis an'qi'ydi'. 4. Aqsay jerin su'rip ati'rg'an gu'ndelerdin' arti'nda qaraqoqshi'l topi'raqlar yesilip qali'p ati'r. 5. Sultanmurat joqari' qarap, ti'p-ti'ni'q, shiyshedey sheksiz ko'gildir aspan ken'isliginde ti'rri'wlasi'p ushi'p kiyati'rg'an ti'rnalardi' ko'rdi. 6. Wolar ju'da' joqari'lap ushi'p kiyati'r. 7. Sol ku'ngi aspanni'n' shi'rshaday ti'ni'qli'g'i'nan wolardi'n' jip-jin'ishke boli'p sozi'lg'an uzi'n moyni', na'p-na'zik tumsi'g'i' ani'q ko'rinip turdi'. *(Sh.A.)*

***24-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdegi ko'p noqatti'n' worni'na to'mendegi berilgen so'zlerdin' tiyislisin qoyi'p, ko'shirip jazi'n'. Wolardi'n' qanday baylani'sta kelgenin, bag'i'ndi'ri'wshi' ha'm bag'i'ni'n'qi' so'zlerdin' ga'ptin' qaysi' ag'zasi' xi'zmetinde yekenin ayti'p berin'.

1. Wol basi'na ... woramal jami'li'p alg'an yedi. 2. ... ko'she boylari'nda aq terekler wo'sip tur. 3. Aspanda munarlang'an bultlar ... ji'lji'p barati'r. 4. Jaqi'n waqi'tlarda ... ku'nler baslanadi'. 5. Ha'zirshe ... jerler ... mu'lgip tur. 6. Ba'ha'rdin' ku'nleri sharwalar bul jerden tawg'a qaray ... qoylardi' aydap wo'tedi. 7. Jipekke worang'an qi'z-kelinshekler bolsa ... jaylawlar menen ... bulaqlar haqqi'ndag'i' qosi'qlardi' ayti'p, iyni qi'ymi'ldamaytug'i'n jorg'alardi'n' u'stinde ... kete beredi. *(Sh.A.)*

So'zler: *ju'n, a'ste-aqi'ri'n, ken', bul, jawi'n-shashi'nli', ti'ni'sh, jasi'l, su'riw-su'riw, mo'ldir suwli', shayqati'li'p.*

***25-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'p, qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdin' qanday qosi'mtalar arqali' baylani'si'p kelgenin ha'm wolardi'n' qaysi' usi'lda baylani'sqani'n tu'sindirin'.

Samal uytqi'ti'p ushi'rg'an **qayi'n'ni'n'** i'zg'ar **japi'raqlari'** u'yirilip ushadi'. Sol aqsham **samaldi'n' pa'ti** menen **qayi'n'lardi'n' japi'raqlari'** sawdi'rap ko'p to'gilip turdi'. **Qayi'n'lardi'n'** du'p-du'ziw **nartlari' samaldi'n'** yepkinli **pa'ti** menen ten'selip, usha basi'ndag'i' **shaqalari'ni'n' shuwi'ldi'si'** ali'stan yesitilgen **ten'iz tolqi'nlari'ni'n' gu'wildisin** yeske tu'siredi.

**Qaratawdi'n'** say ha'm **an'g'arlari'ni'n' u'stine tu'n qaran'g'i'li'g'i'** do'nip turg'an yedi. **Tawdi'n' yetegine** jaylasqan kishkene **stanciyani'n' do'geregi** wonnan beter qaran'g'i' ha'm kewilsiz.

Eshelonlar bati'sqa qaray wo'tetug'i'n yedi. **Do'n'geleklerdin'** yele juwi'q arada suwi'maytug'i'n **ko'sherleri** anda-sanda shayqati'li'p ketedi. Eshelon **da'ryani'n' ko'pirinin' u'stinen** taq-tuq yetip gu'wildep wo'tti de, tunnelge jaqi'nladi'. **Woni'n'** ali'slarg'a jan'g'i'ri'p ketken **dawi'si' tawdi'n' jarqabaqlari'na** soqli'g'i'si'p ha'mme ta'repti la'rzemge keltirip, tu'nletip tereklerge qonaqlap ati'rg'an **g'arg'alardi'n'** da **uyqi'si'n** ashi'p, shorshi'ti'p jiberdi. *(Sh.A.)*

***26-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi berilgen ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Wolardi'n' u'ylesiw usi'li' menen baylani'sqan so'zlerinin' asti'n si'zi'n'.

Go'ne arbani'n' do'n'gelekleri jol menen a'ste g'aji'rlap barati'r. Geyde toqtap qali'p, ti'm-ti'ri's bolg'an ma'ha'lde ju'reginin' du'rs-du'rs yetip turg'ani' qulag'i'na yesitiledi.

Tanabay g'arri' ati'ni'n' dem ali'si'ni'n' sarraslani'wi'n ku'tip biraz turdi'. Tanabay atti'n' a'tirapi'nda aylana basladi'. Qulag'i'na yele ju'reginin' du'rsildep turg'ani' yesitildi. Wol atti'n' ji'lawi'nan tartti', wolar ja'ne a'sten ju'rip ketti.

Wol wo'z qi'yallari' menen ba'nt boli'p kiyati'r. G'arri' woylani'p kiyati'rg'anda, ali'sta kiyati'rg'an jolawshi' mashinani'n' jaqti'si' jarqi'rap ko'rindi. Ju'k mashinasi'ni'n' shi'ralari' wo'tkir nurlari' menen woni'n' ko'zin qamasti'rdi'. *(Sh.A.)*

***27-shi'ni'g'i'w.*** Ko'rkem shi'g'armalardan yamasa yadi'n'i'zdan qurami'nda u'ylesiw usi'li' menen baylani'sqan so'z dizbegi bar 6 ga'p tawi'p jazi'n'. Wolardag'i' baylani'sqan so'zler ha'r tu'rli so'z shaqaplari' arqali' bildirilgen bolsi'n.

## SO'ZLERDIN' SINTAKSISLIK BAYLANI'SI'WI'N TA'KIRARLAW

**Sorawlar ha'm tapsi'rmalar**

1. So'zler qalay baylani'sadi'? So'zlerdi baylani'sti'ri'wshi' grammatikali'q qurallardi' ayti'n'.
2. Basqari'w usi'li'nda so'zler qanday grammatikali'q qurallar arqali' baylani'sadi'? Mi'sal keltirin'.
3. Jupkerlesiw dep nege aytami'z? Woni'n' bag'i'ni'n'qi' baylani'stag'i' basqa tu'rlerinen ayi'rmashi'li'g'i' qanday? Ju'pkerlesiwshi baylani'stag'i' so'zlerdin' bag'i'ni'n'qi' so'zleri, ko'binese qanday so'z shaqaplari'nan boladi'?
4. U'ylesiw usi'li' menen baylani'sqan so'zlerdin' baylani'sti'ri'wshi' qosi'mtalari'n ayti'n'. Mi'sal keltirin'.

***28-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'p shi'g'i'n'. Teksttegi ga'plerdin' ishinen bag'i'ni'n'qi' baylani'sta kelgen so'zlerdi to'mendegi u'lgi boyi'nsha ha'rqaysi'si'n terip ko'shirip jazi'n'. Wolardi'n' bir-birinen ayi'rmashi'li'g'i'n ayti'n'.

### ALTI'N JULDI'ZLI' ZAVODTA

Kegeyli rayoni'ndag'i' «Paxta mami'g'i'» akcionerlik ja'miyetinin' sanaatshi'lari' paxtani' qabi'llaw, qayta islew ha'm sapali' wo'nim islep shi'g'ari'wda pu'tkil du'nyag'a belgili zavodlardi'n' biri bolmaqta.

Xalqabadtag'i' «Paxta mami'g'i'» akcionerlik ja'miyeti biraz ji'llardan beri si'rt yellerge sha'rtnama boyi'nsha paxta talshi'g'i'n jetistirip beredi. Zavod ji'l dawami'nda 45 mi'n' tonna paxtani' qayta islep shi'g'ari'w quwatli'li'g'i'na iye. Ha'zirgi waqi'tta zavodta 4 wo'ndirislik brigada paxtani' tayarlaw, shigitten aji'rati'w, paxta talshi'g'i'n islep shi'g'ari'w menen shug'i'llanadi'.

Zavod tiykari'nan Kegeyli, Qarao'zek ha'm Taxtako'pir rayonlari'ni'n' paxtalari'n qabi'l yetedi ha'm qayta isleydi. 1997-ji'ldi'n' juwmag'i' boyi'nsha yen' joqari' sapada paxta mami'g'i'n islep shi'qqani' ushi'n Ispaniya qalasi'ndag'i' du'nya ju'zilik tayar wo'nimlerdi bahalaw komissiyasi'ni'n' sheshimi menen wog'an «Alti'n juldi'z» medali' berildi.

Zavod sanaatshi'lari' wo'tken ji'l dawami'nda 6329 tonna paxta mami'g'i'n sapali' islep shi'g'ardi' ha'm buyi'rtpashi'larg'a wo'z waqti'nda jetkerip berdi. Won million 500 mi'n' swmli'q payda aldi'. Biz sanaatshi'larg'a bi'yi'lg'i' ji'lda da mol tabi'slar tileymiz. *(«Q.J.»)*

U'lgi:

1. Basqari'w: paxtani' qabi'llaw, ...
2. Jupkerlesiw: sapali' isledi, ...
3. U'ylesiw: zavodti'n' mami'g'i', ...

***29-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Mazmuni'na i'layi'q woni'n' temasi'n tabi'n'. Usi' tekstten paydalani'p, «**Ba'ha'r ko'rinisi**» temasi'nda kishi shi'g'arma jazi'n'.

Tuwi'lg'an awi'li'm — go'zzalli'qlarg'a, shadli'qlarg'a tolg'an ma'kan. Sendegi wo'tken balali'g'i'm, shoqli'g'i'm ba'ri-ba'ri ju'regimde alti'n si'ya menen jazi'lg'an.

Ba'ha'rdin' keliwi menen awi'li'm ja'ne de wo'zgeredi. Tereklerdin' suli'w japi'raqlari', miywe ag'ashlari'ni'n' zeynin'di ashatug'i'n gu'lleri, jerdegi gilem kibi to'selgen ko'k sho'pler misli ja'nnetke usap ketedi. A'sirese, diyqan babalari'mi'zdi'n', qoli' gu'l bag'manlari'mi'zdi'n' tikken na'lleri u'lken bag' boli'p, wonda sayrag'an bu'lbu'llerdin' shoq namalari', a'tsho'klerdin', wo'pepeklerdin', qarli'g'ashlardi'n' ja'ne de ba'ha'r quslari'ni'n' hawada sharq uri'p ushi'wlari' senin' ko'rkin'e ko'rik qosadi'. Jap salmalardag'i' ma'wjirep toli'p ag'i'p ati'rg'an i'lay suwlar, jerine tuqi'm sewip, bar i'qlasi'n jerge, ta'biyatqa bergen ma'rt diyqan jigitlerdin' islerin ko'rip, iske sa't, diyqanlari'm, — degin' keledi. Sa'wlesin jerge to'gip, ta'biyatti' ji'li'tqan suli'w quyashqa qarap, kewlin'de ana ta'biyatqa degen go'zzalli'q sezim woyanadi'. Usi'nday ba'ha'r aylari'nda tog'ayg'a bari'p, wol jerdegi jabayi' sho'plerdin' bu'rtik shi'g'ari'wi'n tamashalaw, ana ta'biyatti'n' wo'zi jaratqan sayamanli' tereklerinin' asti'nda taza hawadan dem alg'ang'a ne jetedi. Qoyi'w qara taldi'n' sayasi'ndag'i' ag'ash si'pada a'tko'nshek terbetip, bu'lbu'lge hawaz qosqan anani'n' go'zzal tulg'asi' senin' suli'wli'g'i'n'a ja'ne de ko'rik qosadi'. Misli bir du'nyadag'i' ja'nnetsen', menin' awi'li'm. *«Q.J.»*

## SO'Z DIZBEKLERI

# § 5. So'z dizbegi haqqi'nda tu'sinik

***30-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Berilgen toli'q ma'nili so'zlerdin' dizbegine di'q-qat yetin'. Wolardi'n' qanday grammatikali'q qurallar arqali' baylani'sqani'n ani'qlan'.

Tawdi'n' ko'rinisi, ko'ldin' suwi', tereklerdin' japi'rag'i', mektepten qayti'w, sali'ni' suwg'ari'w, ati'zda islew, qa'lem menen jazi'w, awi'lg'a bari'w, taza suw, tez so'yledi, qayta-qayta qaradi', silpilep jawdi', ha'zir keldi, gu'ldir-gu'ldir kisnedi.

So'z dizbegi yen' kemi yeki yamasa birneshe ma'nili so'zlerdin' grammatikali'q baylani'si'nan du'ziledi. So'z dizbeginin' qurami'ndag'i' so'zlerdin' birewi (da'slepkisi) bag'i'ni'n'qi', yekinshisi bag'i'ndi'ri'wshi' (bas) so'z boli'p quri'ladi'. Bag'i'ni'n'qi' so'z bas so'z benen ma'nilik baylani'sqa tu'sedi.

So'z dizbegi wo'z aldi'na sintaksislik birlik dep qaralg'an menen, ko'binese ga'p ishinde qollani'ladi'. Mi'sali': Awi'l-di'n' suli'w ko'rinisi meni uzaqtan wo'zine tartti'. *(«Q.J.»)* Bul ga'ptegi so'zler to'mendegi so'z dizbeklerine tallanadi':

**1) awi'ldi'n' ko'rinisi;**
**2) suli'w ko'rinisi;**
**3) meni tartti';**
**4) wo'zine tartti';**
**5) uzaqtan tartti'** si'yaqli' bes so'z dizbegine bo'lingen.

Yeki yamasa birneshe toli'q ma'nili so'zlerdin' ma'nilik ha'm grammatikali'q baylani'si'nan du'zilgen so'zlerdin' dizbegine so'z dizbegi delinedi.

So'z dizbegi to'mendegi belgilerge iye boladi': 1) yen' kemi toli'q ma'nili yeki so'zdin' dizbeginen du'ziledi; 2) wo'z ara grammatikali'q qurallar arqali' baylani'si'p, biri yekinshisine g'a'rezli bag'i'na baylani'sadi'; 3) wo'z ara sintaksislik ma'nisi jag'i'nan ani'qlawi'shli'q, obyektlik (zatli'q), pi'si'qlawi'shli'q qatnaslardi' bildiredi.

So'z dizbegin jasawg'a tiykar bolatug'i'n so'zdi **bas so'z**, al bas so'zdin' ma'nisin tu'sindirip, ken'eyttirip keletug'i'n so'zge **bag'i'ni'n'qi' so'z** delinedi.

*31-shi'ni'g'i'w.* Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'z dizbeklerinin' qanday grammatikali'q qurallar arqali' baylani'si'p kelgenin ha'm wolardi'n' bag'i'ni'n'qi', bas so'z boli'p atali'wi'n tu'sindirin'.

**Qudaybergennin' a'kesi** A'jimurat shabandoz tuwdi'-pitti Qanli'ko'ldin' turg'i'ni' yedi. Pirmanbay **ji'lqi'mani'nan** ju'da' **i'razi' yedi.** Son'g'i' waqi'tta u'yirdi tek **A'jimuratqa tapsi'ri'p**, ji'lqi' menen isi bolg'an joq. Qanli'ko'l ji'lqi' jayi'li'mi'na qolaysi'z bolg'ani' ushi'n, ji'lqi'manlardi'n' geyde **U'stu'rtke shi'g'i'p ketetug'i'n** waqi'tlari' da bolatug'i'n yedi.

A'jiniyaz bul sapari' **Qon'i'rattag'i' dayi'si'ni'n' u'yine kiyati'r yedi**. Wol burqasi'nlap ag'i'p ati'rg'an Xanjapqa qarap, to'mendegi qosi'q qatarlari'n **a'ste ayta baslag'an yedi.**

Ku'n a'lleqashan bati'p, **a'tirapti'** qaran'g'i'li'q **qaplag'an yedi.** Aspanda **yesap-sansi'z juldi'zlar** ji'mi'n'laydi'. *(K.M.)*

*32-shi'ni'g'i'w.* Ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. So'z dizbegin du'zip turg'an so'zlerdi tawi'p, asti'n si'zi'n' ha'm qanday grammatikali'q qurallar arqali' baylani'sqani'n ayti'n'.

Ma'jilis keshke jaqi'n tarqadi'. Adamlar ha'r ta'repke tarqasi'p ketti. Kimi tawlarg'a, qoy wotarlari' menen qara mal fermalari'na, awi'llari'na tarqasti'. Tanabay ko'p penen birge ju'k mashinasi' menen tegislik arqali' jo'nep ketti. Suwi'q samal denesin juwlatadi'. Tanabay kuzovti'n' mu'yeshine woti'ri'p aldi' da, jag'asi'n ko'terip wo'z pikirleri menen ba'nt boli'p aldi'. Woni'n' wo'zi bir ma'nili ga'p ayta almasa da, basqalardi'n' ga'pin ti'n'ladi'. Mine, wo'zinin' de shashlari'ni'n' jari'si' ag'ardi'. Jumi'sti'n' mashaqati'nan ba'ribir quti'la almaysan'. Wo'zin' tirimisen', demek, woni' birdeyine womi'rawlap iyterip ju'riwin' kerek. *(Sh.A.)*

*33-shi'ni'g'i'w*. Berilgen ga'plerdegi so'zlerdi grammatikali'q baylani'si'na qaray so'z dizbegi tu'rinde terip jazi'n' ha'm wolardi'n' bag'i'ni'n'qi' baylani'sti'n' qaysi' tu'ri yekenin ani'qlan'.

1. Son'g'i' ku'nleri sayaman shertektin' asti' payi'zli' boli'p ketti. 2. U'lken japtan aqqan suw wog'an salqi'nli'q bag'i'shlaydi'. 3. Arqa betten jag'i'mli' samal yesip turadi'. 4. Shertektin' ishi de jaqsi' bezelgen yedi. 5. Si'pasi' taxta menen pollang'an. 6. Si'pani'n' wortasi'na qoyi'lg'an stoldi' u'sh-to'rt adam do'ge-reklep woti'ri'pti'. *(W.X.)*

## § 6. So'z dizbeginin' basqa til birliklerinen ayi'rmashi'li'g'i'

Dizbeklesip kelgen so'zlerdin' barli'g'i' derlik so'z dizbegi bola bermeydi. Si'rtqi' du'zilisine qarag'anda so'z dizbegine uqsas so'zler ju'da' ko'p. Ma'selen: tas ko'mir, miynet ku'n, poshsha torg'ay, aq sari', buwday ren', uzi'n boyli', qi'zi'l shalg'i'shli', so'ylep boldi', ali'p ketti, qulaq saldi', kewli pitti, awzi'n ashpadi', gewgim tu'sti, qas qaraydi', iyni tu'siw, ko'zdi ashi'p jumg'ansha t.b. si'yaqli' so'zler yeki yamasa birneshe so'zlerdin' dizbeginde kelgen menen so'z dizbegi bola almaydi'. Wolar bir leksikali'q ma'nige barabar leksikali'q birlikti bildiredi. Bul so'zlerdin' arasi'nda sintaksislik baylani's joq, wolar dara so'zler si'yaqli' bir intonaciya basi'mi'nda ayti'li'p, bir so'z ma'nisindegi qospa so'z ha'm turaqli' dizbekke aylang'an.

Ga'p ishinde qospa so'z ha'm turaqli' dizbekler so'z dizbeginin' bir si'n'ari' boli'p keledi. Mi'sali': uzi'n boyli' adam, shubar ala si'yi'r, a'n'gimesin ayti'p boldi', ko'zdi ashi'p jumg'ansha ketip qaldi', jaydi'n' ishi suw serpkendey ti'm-ti'ri's boldi' t.b.

So'z dizbegi basqa til birliklerinen to'mendegidey wo'zgeshelikleri arqali' ayi'ri'li'p turadi':

1. So'z dizbeginin' si'n'arlari' ma'nilik jaqtan belgili nominativlik qospa tu'siniklerdi bildiredi, al qospa so'z ha'm turaqli' dizbekler (frazeologiyali'q dizbekler) neshe so'zden du'zilse de ha'mmesi bir leksikali'q tu'sinikti an'latadi'.

2. So'z dizbeginin' si'n'arlari' sintaksislik xi'zmeti jag'i'nan ha'rqaysi'si' ga'p ag'zasi' xi'zmetin atqaradi', qospa so'z ha'm turaqli' dizbekler neshe so'zden du'zilse de ga'pte bir ag'zani'n' xi'zmetinde keledi.

***34-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdin' qaysi'si' qospa so'z, qaysi'si' turaqli' dizbek, qaysi'si' so'z dizbegi yekenligin ha'm wolardi'n' bir-birinen ayi'rmashi'li'g'i'n tu'sindirin'.

1. **U'lken isti ju'zege asi'ri'w ushi'n u'lken ku'sh kerek** bilsem. «Ko'p ko'tergen ju'k jen'il» — deydi xali'q. 2. Ja'ha'ngir **qi'r do'geregine qaradi'.** Ha'mme woy u'stinde. Sonli'qtan, do'gerek **suw serpkendey ji'm-ji'rt**. 3. Wol **adamlardi'n' pikirin ti'ni'q**

**ti'n'ladi'**. 4. Ja'ha'ngir kewilli tu'rde **yoshi'p ketti**. **Ko'zlerinen ushqi'n ati'p turg'anday** sezildi. 5. Wol **qa'ddi-boyi' kelisken**, qari'wli', **worta boyli' jigit** yedi. 6. Wol **jerlerdi su'rip**, ma'kke yekken jaqsi'. Biraq, tez-tezden, basi'p-basi'p **suwg'ari'p turi'w kerek.** *(W.X.)* 7. Jaydi'n' ishi **uri'p ti'qqanday** adamg'a toli'. 8. Woni'n' ga'pi **tu'yeden posti'n taslag'anday** boldi'.

***35-shi'ni'g'i'w***. Berilgen so'z toparlari'ni'n' qaysi'si' qospa so'z, qaysi'si' turaqli' dizbek ha'm qaysi'si' so'z dizbegi yekenin to'mendegi u'lgi boyi'nsha bo'lip jazi'n'.

Aq boz at, sari' ala, ken' jawi'ri'nli' jigit, so'ylep berdi, qosi'q aytti', shi'g'i'p ketti, jumg'an awzi'n ashpadi', qulaq saldi', ko'z tikti, iyni tu'siw, awzi'ni'n' sari'si' ketpegen, qulag'i'n'di' kesse bilmeysen', ko'pir arqali' wo'tiw, suli'w jazi'w, sekirip tu'siw (qorqqani'nan), sekirip tu'siw (joqari'dan), dize bu'giw, dizerlep woti'ri'w, zer-zebil boli'w, qabag'i'n u'yiw.

U'lgi: 1. Qospa so'z: uzi'n boyli', ali'p ketti, ...
2. Turaqli' dizbek: ko'z sali'w, sali'si' suwg'a ketiw, ...
3. So'z dizbegi: silpilep jawdi', jaqsi' woqi'w, ...

***36-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdegi di'qqat yetilgen turaqli' dizbeklerdin' worni'na ma'nisin beretug'i'n sinonimlerin qoyi'p, ko'shirip jazi'n'. Wolardi'n' so'z dizbeginin' qaysi' si'n'ari' (bag'i'ni'n'qi' ma yamasa bag'i'ndi'ri'wshi' ma) boli'p kelgenin ani'qlan'.

1. Tu'ni boyi' gu'zette bolg'an g'arri'lar jo'n-jo'nine **ko'z ildiriw ushi'n** janbaslap qi'ysayi'sti'. *(A'.T.)* 2. Qanday tapsi'rma bolar yeken, ne aytar yeken dep ko'mandirge **qulaq tu'rdi**. 3. Yele **awzi'nan ana su'ti ketpegen** balalarg'a sheyin maydang'a shi'qti'. *(A.B.)* Joldaslari' jaqqan wotti' ko'rip, **quwani'shi' qoyni'na si'ymag'an** Yerpolat a'ste g'ana qosi'q ayti'p joldaslari'na jetti. *(M.D.)* 5. Awi'ldi'n' do'geregi **pi'shi'q murni' batpaytug'i'n** tog'ay yedi. *(A.B.)* 6. **Ko'zdi ashi'p jumg'ansha** ha'mme bala anani' qorshalay qaldi'. *(A'.T.)* 7. Yeki-u'sh ret qalqi'p shu'mdi de, pa'tli ag'i'sqa aralasi'p **ko'zden g'ayi'p boldi'.** *(S.A.)* 8. Hawa rayi' birden buzi'li'p, **ko'zge tu'rtse ko'rgisiz** ala-sapi'ran boldi' da qaldi'. *(N.D.)*

## § 7. So’z dizbeginin’ du’zilisi

So’z dizbekleri ma’nili yeki yamasa birneshe so’zlerden du’ziliwine qaray jay ha’m qospa so’z dizbegi boli’p yekige bo’linedi.

1. Jay so’z dizbegi ma’nili yeki so’zdin’ sintaksislik baylani’si’nan du’ziledi: Araldi’n’ bali’g’i’, ko’ldin’ suwi’, ju’n woramal, qali’n’ tog’ay, jaqsi’ woqi’ydi’, terektin’ putag’i’, tog’aydan shi’qti’, awi’l haqqi’nda woylaw, da’ryag’a deyin bari’w t.b.

Qospa so’zler ha’m turaqli’ dizbekler de jay so’z dizbeginin’ bir si’n’ari’ boli’p keledi. Mi’sali’: **Aral ten’izinin’** bali’g’i’, **sari’ si’nli’** qi’z, **ko’k sho’pli** dala, sportti’ **jaqsi’ ko’riw**, **tu’p degen tu’kirik jerge tu’speytug’i’n** suwi’q, **ko’zdi ashi’p-jumg’ansha** bari’p keliw t.b.

2. Qospa so’z dizbekleri jay so’z dizbeginin’ qurami’na basqa so’zlerdin’ kirip, ken’eyip keliwinen du’ziledi. Mi’sali’: paxtani’ teriw — **paxtani’ mashina menen teriw**, sali’ni’ suwg’ari’w—**sali’ni’ qandi’ri’p suwg’ari’w**, u’yge qayti’w — **u’yge keshke qaray qayti’w**, jan’a jay — **jaqi’nd**a **sali’ng’an jan’a jay**, No’kistin’ ko’shesi —N**o’kistin’ ken’ ko’shesi** t.b.

Qospa so’z dizbekleri yen’ kemi u’sh ha’m wonnan ko’p so’zlerdin’ dizbeginen du’zile beredi. Mi’sali’: U’stu’rttin’ jer asti’ bayli’qlari’n qazi’p ali’w, paxtani’n’ ta’rbiyasi’n sapali’ ju’rgiziw, awi’ldi’ sapali’ awi’z suw menen ta’miyinlew t.b.

***37-shi’ni’g’i’w.*** Tekstti woqi’n’. Qara ha’rip penen jazi’lg’an so’z dizbeklerin du’zilisine qaray qanday so’z dizbegi yekenin ha’m wolardi’n’ qanday grammatikali’q quralllar arqali’ baylani’si’p turg’ani’n ayti’n’.

Sol ji’li’ wol **jetisin tolti’ri’p**, segizge qarag’an yedi.

Da’slep wog’an arnap portfel sati’p ali’ndi’. Qara **dermatinnen tigilgen** bul **portfeldin’** ashi’li’p jawi’lg’anda shi’rt yetetug’i’n **ji’lti’rawi’q temirden islengen qulpi’** bar yedi. Wog’an qosi’msha **mayda zatlar salatug’i’n qaltasi’** da bar. Bir so’z benen si’patlag’anda, qa’dimgi mektepke ali’p baratug’i’n **woqi’wshi’ni’n’ portfeli**. Ha’mme na’rse a’ne **usi’nnan baslanadi’**.

Atasi’ **bul portfeldi ko’shpeli avtolavkadan sati’p aldi’**. **Tawdag’i’ sharwalar** ushi’n kerekli, zatlardi’ ali’p ju’retug’i’n avtolavka **San-Tash an’g’ari’nda woti’rg’an bajbanni’n’ u’ylerine** ha’rdayi’m **qayi’ri’li’p wo’tetug’i’n** yedi.

Tap usi’ jerden baslap an’g’ardi’n’ bag’dari’ menen **tawg’a qaray sozi’li’p ketetug’i’n** qori’q tog’ay baslanadi’. Wol jerde tek bolg’ani’ u’sh xojali’q bar. Sonda da, avtolavka anda-sanda **u’ylerdin’ tusi’nda irkilip wo’tedi.** *(Sh.A.)*

***38-shi’ni’g’i’w***. Beriglen ga’plerdi ko’shirip jazi’n’. Jay so’z dizbeklerinin’ asti’n si’zi’p, wolardi’ bag’i’ni’n’qi’li’ baylani’s tu’rlerine aji’rati’p ayti’p berin’.

Qon’i’ratqa kirgen jerde Xiywa u’lgisinde yeki g’ubbali’ minar sali’ng’an. Wolardi’n’ wortasi’nan yeki arba ten’nen si’yg’anday da’rwaza quri’lg’an. Yesik aldi’nda jipek shapan menen aq sho’girme kiyinip, qi’li’sh asi’ng’an no’kerler na’wbetshilik yetedi. Qalag’a ku’nine birneshe ka’rwanlar kelip, ju’k tiyelgen tu’yenin’ qon’i’rawlari’ uzaqtan jan’lap yesitiledi. Qon’i’rat a’lleqanday da’bdebeli bir shi’g’i’s qalalari’na usap ko’rinetug’i’n yedi.

Qon’i’ratti’n’ bergi da’rwazasi’ menen arg’i’ da’rwazasi’n tutasti’ri’wshi’ u’lken jol bar. A’sirese, Man’g’i’shlaqti’ jaylag’an qazaqlar ko’p sandag’i’ qara mal, ji’lqi’ ha’m qoy-yeshkilerdi aydap a’kelip, da’nge awmasti’radi’. *(K.M.)*

***39-shi’ni’g’i’w.*** Tekstti woqi’n’. Qara ha’rip penen jazi’lg’an so’zlerge di’qqat yetip, wolardi’n’ neshe ma’nili so’zden du’zilgenin ha’m du’zilisi boyi’nsha qanday so’z dizbegi yekenin ayti’p berin’.

**Qi’li’shko’ldin’ yeteginen ko’teriletug’i’n** biyik **tawdi’** Ko’kirek taw dep ataydi’. Bul tawdi’n’ arqa jag’i’ndag’i’ janbawi’rlari’ **tiken japi’raqli’ ag’ashlar** menen qaplang’an, al **qubla jaqtag’i’ janbawi’rlari’** bolsa, **tep-tegis jazi’qli’q**. Quyash penen jalti’rag’an **bul taw** tap ha’zir g’ana shashi’ ali’ng’an jalti’r basti’ yeske tu’siredi. Tawdi’n’ bul shetinde **arqa janbawi’ri’na bari’p tirelgenshe** i’lg’i’y ag’ashlar wo’sedi. Wolar wo’zlerinin’ putaqlari’ menen arqani’n’ suwi’g’i’n wo’tkermey, **tawdi’ jawi’p turg’i’si’ kelgendey i’rg’ali’si’p turadi’**. Yeger **Ko’kirek tawi’ni’n’ to’besine shi’g’i’p,** a’tirapqa qarasan’, aspan jiyeginin’ qayaqtag’i’ bir ali’s jaqlarg’a zi’n’g’i’p barati’rg’ani’n, al to’menge qarasan’i’z **Woral**

**da'ryasi'ni'n' jag'asi'na jaylasqan** Girma' awi'li'ni'n' u'ylerinin' ha'rrenin' uyasi'nday boli'p ko'zge tu'setug'i'ni'n ko'resiz.

Ha'zir Ko'kirek tawdi'n' qubla yeteginde Sharufullani'n' qoylari' **ko'k maysa sho'plerdi juli'p jep**, g'ashi'rlati'p shaynap ju'r, al tawdi'n' basi'nda bolsa ha'r qi'yli' jastag'i' bes adam woti'ri'pti'. *(M.K.)*

***40-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Qospa so'z dizbeginin' asti'n si'zi'p, wolardi'n' neshe so'zden du'zilgen ha'm bag'i'ndi'ri'wshi' sin'ari'ni'n' qanday so'z shaqabi'nan bolg'ani'n ani'qlan'.

1. Awi'li'mi'zda «Abat turmi's ji'li'»nda jan'adan sali'ng'an suli'w jaylar boy tikledi. 2. Awi'ldi'n' qaptali'nda 10 gektarli'q miywe bag'i' bar. 3. Ja'ne de «Abat turmi's ji'li'»nda awi'li'mi'zdi'n' ko'she a'tirapi' ko'klemzarli'qqa aylandi'ri'ldi'. 4. Jasi'l ag'ashlar wo'zi wo'setug'i'n jerdin' rejimin jaqsi'laydi', hawani'n' i'g'alli'g'i'n artti'radi', samaldi'n' ta'sir yetiw ku'shin pa'seytedi, hawani'n' tazali'g'i'n jaqsi'laydi'. 5. Yegilgen jasi'l ag'ashlar u'lkemizdin' kelbetin wo'zgertedi, adamlardi'n' jumi's islewi ha'm dem ali'wi' ushi'n qolayli' jag'daylar du'zep beredi. *(«Y.Q.»)*

**So'z dizbeklerin ta'kirarlaw ushi'n sorawlar.**

1. So'z dizbegi degen ne? Wonda neler u'yreniledi?
2. So'z dizbegin ani'qlaw belgilerin ayti'n'.
3. So'z dizbeginin' qospa so'z ha'm turaqli' dizbeklerden ayi'rmashi'li'g'i' qanday? Qospa so'zge, turaqli' dizbekke ha'm so'z dizbeklerine mi'sallar keltirin'.
4. So'z dizbegi du'zilisine qaray qanday tu'rlerge bo'linedi? Wolardi'n' ha'rbir tu'rine mi'sal keltirin'.

# GA'P

## § 8. Ga'p ha'm woni'n' tiykarg'i' belgileri

Ga'p qanday da bir haqi'yqatli'qqa qatnasli' waqi'ya-ha'diyseler tuwrali' xabar, soraw, buyri'q ma'nisin bildiretug'i'n sintaksislik birlik. Belgili bir pikir ti'yanaqli'li'g'i' ha'rbir ga'p arqali' ma'lim boladi'. Mi'sali':

— Masalbektin' jazg'an xati' senin' yadi'n'da bar ma?
— Yadi'mda, Tolg'anay. Bilemen.
—Awa, yekewimiz bilemiz. *(Sh.A.)*

Bul ga'pler yeki adamni'n' so'ylesiwinen, qari'm-qatnas jasawi'nan du'zilgen. Wolardi'n' ha'mmesinde de ga'plik belgi, pikir ti'yanaqli'li'g'i' bar. Ha'rbir ga'p wo'zine ta'n intonaciyasi'na iye boli'p, bo'linip ayti'lg'an.

Ga'p bir so'zden de, yeki yamasa birneshe so'zlerdin' dizbeginen de du'ziledi. Wolar neshe so'zden du'zilse de ga'plik belgi — intonaciya ha'm bir na'wiye pikir ti'yanaqli'li'g'i'n an'latadi'.

Til arqali' qari'm-qatnas jasawdi'n' yen' kishi sintaksislik birligine **ga'p** dep ataladi'.

Ga'ptin' wo'zine ta'n tiykarg'i' belgileri to'mendegiler:

1) ga'ptin' tiykari'n bas ag'zalar (baslawi'sh ha'm bayanlawi'sh) du'zedi.

2) ha'rbir ga'p intonaciya pu'tinligine iye boladi'.

3) ga'ptin' mazmuni'nan belgili bir ma'ha'lge qatnasli' is-ha'reket, waqi'yalar xabarlanadi': 1. Shigitler ko'gerip shi'qti'. 2. Ta'rbiya jumi'slari' ju'rgizilip ati'r. 3. G'awashalardi' suwg'ari'wdi' baslaymi'z.

Bul ga'pler wo'tken, ha'zirgi ha'm keler ma'ha'llerde qollani'lg'an.

Ga'p ayti'li'w maqsetine qaray **xabar**, **soraw**, **buyri'q ga'p** boli'p u'sh tu'rge bo'linedi.

Ga'pler adamni'n' ha'r tu'rli kewil-ku'y, tuyg'i'-sezimlerin (quwani'w, tan'lani'w, renjiw, ku'yiniw t.b.) bildirip, **u'ndew ga'p** ma'nisin de bildiredi.

***41-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Teksttegi ga'plerdin' qanday qari'm-qatnasli'q xi'zmet atqari'p kelgenin, ga'p boli'p du'ziliw belgilerin ha'm ma'ha'llik qatnaslari'n ani'qlan'.

Wog'an selten' beriwdin' keregi joq. Kempir irkilip turdi' da, biraz waqi'tqa deyin qi'r-do'geregine gu'n'girt tartqan, nursi'z ko'zleri menen qarap:

— Amanbi'san', qutli' dalam? — dedi a'ste g'ana.

— Shu'kir, Tolg'anay. Sen keldin' be? Boldi'ri'p qali'psan' g'oy. Shashlari'n' da appaq boli'pti'. Qoli'n'da hasa.

— Ha'-a', qartaydi'm g'oy, ken' dalam. Bi'lti'rdan beri kele almadi'm. Ko'rip turman, senin' yele sol turi'si'n'. U'stin'nen yegislik ketpeydi. Bu'gin menin' wo'tkenlerdin' ruwxi'n yeske alatug'i'n ku'nim.

— Bilemen, Tolg'anay. Wo'zim de seni keler dep ku'tip jati'r yedim. Bul sapari' da aqli'g'i'n'di' yertip kelmedin' be, Tolg'anay?

— Ko'rip tursan' g'oy. Qara basi'm keldim. *(Sh.A.)*

***42-shi'ni'g'i'w.*** Teksttegi ga'plerdi woqi'n'. Ha'rbir ga'ptin' aqi'ri'na qanday irkilis belgisi qoyi'li'p turg'ani'n ha'm wolardi'n' ayti'li'w maqsetine qaray qanday ga'p ma'nisinde kelgenin ayti'n'. Teksttin' da'slepki shi'ni'g'i'wdi'n' dawami' yekenine di'qqat yetin'.

— Demek, sen wog'an yele hesh na'rse aytpag'an yekensen' dag'i' wonda, Tolg'anay? Bir ku'ni bolmasa, bir ku'ni birew tosattan du'rs yettiredi g'oy yele?

— Wo'ytip woylap ne qi'layi'n. Yerte me, kesh pe, aqi'ri' bir ku'ni wo'zi-aq biler da'. Wo'zi de yeseyip, jaqsi'-jamanni'n' parqi'n ayi'ratug'i'n boli'p kiyati'r. Biraq, yele wol menin' ushi'n na'reste. Aytayi'n desem, tasbawi'r boli'p qalar dep qorqa beremen.

— So'ytse de, adamni'n' haqi'yqatli'qti' bilgeni maqul g'oy, Tolg'anay.

— Tu'sinemen ba'rin de. Biraq, qalay aytaman? Men biletug'i'n haqi'yqatli'qti', qa'dirdan dalam, sen biletug'i'n, ha'tteki, ha'mme biletug'i'n haqi'yqatti' ha'zirshe tek g'ana wol bilmeydi. Bilgennen keyin qanday qi'yallardi'n' basi'na barar yeken? Wo'tken-ketken ha'diyselerdin' to'rkinine duri's tu'sine alarmeken? Yele bala g'oy. Wo'mirden tu'n'ilip ketpese bolar yedi, — dep woylana beremen. *(Sh.A.)*

***43-shi'ni'g'i'w***. Berilgen ga'plerdegi ko'p noqatti'n' worni'na tiyisli qosi'mta yamasa ko'mekshi feyillerdi qoyi'p, ga'plerdi ti'yanaqli' yetip jazi'n'. Ga'pti du'ziwshi grammatikali'q tiykarlari'ni'n' (baslawi'sh ha'm bayanlawi'shti'n') tallaw u'lgisi boyi'nsha asti'n si'zi'n' ha'm feyil bayanlawi'shlardi'n' qaysi' bet, qaysi' ma'ha'lde turg'ani'na tu'sinik berin'.

Bali'qlar woynap..., quslar sayrap..., balalar na'rete toqi'p ... . G'abdulla menen Aydar wo'zlerinin' na'rete toqi'wi'n pitker... Wo'z qollari' menen islegen islerine su'ysin...

So'ytip balalar wo'zlerinin' ju'da' a'hmiyetli islerin islep bol... da, awi'lg'a qaray asi'g'i'sli'q penen ju'rip ... .

Men jardan jarg'a sekiriwdi u'yrendi ... . Tek bolg'ani' ju'ziwdi bilmey... . Yerten' azan menen ko'lge shi'g'i'w kerek.

Ha'mmemiz tan' qaran'g'i'si'nda monshani'n' qasi'na ji'ynala... . Al, senin' qayi'g'i'n' keshte tayar tursi'n. *(M.K.)*

## § 9. Ga'ptin' mazmuni'na qaray tu'rleri

Ga'pler mazmuni'na qaray **xabar ga'p, soraw ga'p**, **buyri'q ga'p ha'm u'ndew ga'p** boli'p to'rt tu'rge bo'linedi.

**Xabar ga'p.** Qanday da bir haqi'yqatli'q haqqi'nda xabar mazmuni'n bildiretug'i'n ga'plerge **xabar ga'p** delinedi.

Xabar ga'pler so'ylewde bir jo'n pa'sen' intonaciya menen ayti'ladi'. Jazi'wda xabar ga'ptin' aqi'ri'na noqat qoyi'ladi'.

Xabar ga'pler ma'nisi boyi'nsha boli'p wo'tken, boli'p ati'rg'an ya yendi bolatug'i'n is-ha'reket, qubi'li'slardi' xabarlaydi'. Mi'sali': U'lkemizde ba'ha'r baslandi'. Yendi sanawli' ku'nlerden son' diyqanlari'mi'z u'lken u'mitler menen jerge tuqi'm shashadi'. Ha'zir awi'llari'mi'zda ba'ha'rgi yegiske tayarli'q jumi'slari' qi'zg'i'n ju'rgizilip ati'r. *(«Y.Q.»)*

***44-shi'ni'g'i'w***. Tekstti woqi'n'. Mazmuni'n so'ylep berin' ha'm teksttin' qaysi' stilge qatnasli'li'g'i'n, waqi'yani'n' bayanlani'w waqti'n ayti'n'.

ATA JURTI' TU'RKSTAN

Tu'rkstan tog'i'z jol tu'yisken Shi'g'i's Ka'rwan joli' woraylari'ni'n' biri yedi. Bir waqi'tlari' Wori's xan bul jerdi worayli'q qalag'a aylandi'ri'p, Nog'ayli' yelinin' paytaxti' bolg'an. Woqqas Woti'rarg'a kelip wotawi'n tigip, Si'g'naqtan saray saldi'rg'an. Woni'n' uli' Muwsa Jayi'qqa qaray qashqannan keyin de bul jerde a'dewir bu'lginshilikler bolg'an.

Son'i'nan Shaybani' xan kelip sha'ha'rdi iyeledi. Usi'nday sebepler menen Tu'rkstanda wo'zbek, qazaq, qaraqalpaq xali'qlari' aralasqan, bir ma'mleket payda boldi'.

Qaraqalpaqlar bul jerdi «Ata jurti' Tu'rkstan» dep ataydi'. Bul at negizinen Woqqas zamani'nan qalg'an bolsa itimal. Nog'ayli'lar bir-biri menen kelispey qalsa, da'rhal «Ata jurti' Tu'rkstang'a ko'shemiz»,—dep qi'zi'l gegirdek boli'p ati'rg'ani'. Bul jerge qaraqalpaqlardi'n' bir bo'legi bir mi'n' bes ju'z yeliw segizinshi ji'li' ko'ship kelgen. Wo'zlerin «Qaraqalpaq» dep atap, Si'g'naq a'tirapi'n jaylaydi' yeken. *(K.M.)*

**Soraw ga'p.** Mazmuni' boyi'nsha sorawli' ma'ni bildiretug'i'n ga'plerge **soraw ga'p** delinedi.

So'ylewshi wo'zi bilmegen na'rselerin, is-ha'reket, waqi'yalardi' sorap biliw maqsetinde soraw ga'plerdi qollanadi'.

Soraw ga'ptin' sorawli' ma'ni bildiretug'i'n bo'legi basqa bo'leklerine qarag'anda ko'terin'ki ayti'ladi'. Jazi'wda soraw ga'ptin' keynine soraw belgisi qoyi'ladi'. Mi'sali': Bala u'ydin' aldi'na shi'g'i'p, kelgen mashinani' ko'rmekshi boldi'. Neshe do'n'gelekli yeken wo'zi? To'rt do'n'geleklimeken? Go'nemeken ya taza mashinameken? Izindegi tirkewi qanday yeken? *(Sh.A.)*

Soraw ga'plerdin' ma'nisi to'mendegi grammatikali'q qurallar arqali' bildiriledi:

1. **Kim, ne, qanday, qaysi', neshe, qansha, qalay, nege, ne wo'zi, ne ushi'n** t.b. soraw almasi'qlari' arqali': **Ne** dep tursan'? **Qaydan kiyati'rsan'**? **Sonda qalay boladi'**? **Mi'naw kim**, qaydan kelgen? Ne qi'li'p ju'r wo'zi? — dep soraydi'. *(Sh.A.)*

2. **-ma/-me (-ba/-be, -pa/-pe), -she** soraw ha'm **g'oy** ani'qlaw janapaylari' arqali': — Ka'rwani'n' aman-yesen jetip keldi me? Sawdan' gu'jip ati'r ma? — Ko'p waqi'ttan beri ko'rinbey kettin' g'oy?

3. Soraw intonaciyasi' arqali': Bul adamdi' bir jerde ko'rgendeymen?

— Sizin' bayag'i' sapari' mennen qatti' kewlin'iz qalg'an shi'g'ar, ag'a? — dedi.

***46-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti ko'shirip jazi'n'. Soraw ga'plerdi du'ziwshi grammatikali'q qurallardi'n' asti'n si'zi'n' ha'm ishinen intonaciya arqali' bildirilgen soraw ga'pti ani'qlan'.

«Sen hesh na'rse bilmey tursan' ba? Atam nege bunshelli qapa ko'rinedi? Ayi'bi' ne woni'n'? Wol nege Alabasti' jaydaq minip keshigip bardi'? Mu'mkin, wol tog'aydag'i' marallardi' ko'rip irkilip qalg'an shi'g'ar?... Al, yeger marallar joq bolsa-she? Mu'mkin, wolardi'n' kelgeni wo'tirik shi'g'ar. Sonda ne boldi'? Wol nege keldi dep aytti'? Usi'dan wo'tirik bolsa, mehriban shaqli' Maral bizlerge narazi' boladi'» — dep si'bi'rlap woti'rg'anday yedi. *(Sh.A.)*

**Buyri'q ga'p.** Buyri'q, wo'tinish-tilek, ma'sla'ha't-ken'es, shaqi'ri'w si'yaqli' buyri'qli' ma'ni bildiretug'i'n ga'plerge **buyri'q ga'p** delinedi.

Buyri'q ga'plerdin' mazmuni'nan qanday da bir so'y-lewshi ta'repinen basqa birewge (ti'n'lawshi'g'a) buyi'ri'w, wo'tinish yetiw, ma'sla'ha't beriw, shaqi'ri'q ha'm t.b. ma'niler an'lasi'li'p turadi'.

Buyri'q ga'plerdin' intonaciyasi' yeki tu'rli boladi': birde wolar xabar ga'ptin' intonaciyasi'na jaqi'n buyri'qli' ma'nide ayti'lsa, birde ko'terin'ki intonaciya menen ayti'ladi'. Ayti'li'w wo'zgesheligine qaray buyri'q ga'plerdin' keynine jazi'wda noqat (.) ya u'ndew belgisi (!) qoyi'ladi'. Mi'sali': Woti'r, Tolg'anay! Tu'rgelip tura ber me, wo'zin' ayaq awi'ri'w adamsan', tasti'n' u'stine jayg'asi'n'qi'rap woti'ri'p al, bir ilaji'n ko'reyik buni'n'. Senin' usi' jerge kelgenin' yesin'de bar ma, Tolg'anay?

— Yag'ay, Tolg'anay, sen wolay deme. Sen sol da'wir-lerin'di basi'nan baslap yadi'n'a tu'siriw ushi'n bir ta'wekel yetip ko'r. *(Sh.A.)*

Buyri'q ga'ptin' bayanlawi'shi' to'mendegishe an'la-ti'ladi':

1. Ko'binese, buyri'q meyilinin' II ha'm III bettegi tu'rleri arqali': Meyli, bunday ha'diyseler **ju'zege kelmey-aq qoysi'n.** Sen de hesh jaqqa **jog'ali'p ketpey-aq qoy.** Bultlarg'a qarap ti'm-ti'ri's **jata ber.** *(Sh.A.)* Wo'sken jerdin' woyli'-ba'lentin an'lap bari'w kerek, uli'm. Shayi'q atan'ni'n' zeynine **tiyme, sadi'q bol**. Yendigi ga'pti Amanqul biy **aytsi'n.** *(T.Q.)*

2. Buyri'q meyildin' II bettegi tu'rine **-shi'/-shi, -san'a/-sen'a'** janapaylari'ni'n' qosi'li'wi' arqali' an'lati'ladi': Azi'raq **ti'ni'shlanshi',** Bati'ray, **shawqi'm salmay turshi'.** *(S.K.)* Qo-si'bay hayali'ni'n' aqi'lsi'g'ani'n jaqti'rmay: — Qoysan'-a, — dep jekirindi. — Ha, ju'wernemek, kelsen'-a', berma-g'an. *(K.S.)*

***46-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Buyri'q ga'plerdi tawi'p, wolardi'n' irkilis belgilerine di'qqat yetin'. Qanday jag'dayda noqat ha'm qanday jag'dayda u'ndew belgisi qoyi'latug'i'ni'n tu'sindirin'.

Wol wo'z wo'mirinin' ishinde birinshi ma'rtebe dawi'si'n ko'terip ashi'wlani'p baqi'rdi':

— Qa'ne, attan tu's! — Atti'n' alalmay turg'ani'n ko'rmey tursan' ba? Tu's degende tu's!

Hayran qalg'an Worazqul wog'an u'nsiz boysi'ni'p, yetik-petigi menen atti'n' u'stinen suwg'a sekirip tu'sti.

—Qa'ne, qaptaldan deme!

Wolar yekewi birden ku'sh qosi'p womi'rawlap yedi, tasqa tirelgen bo'rene a'ste ji'li'slay basladi'.

— Atti' ko'ter! Atti'! — dep Mo'min Worazquldi' nuqi'p jiberdi. Wolar biraz qi'yi'nshi'li'qtan son' atti' tik ayag'i'na mindirdi.

— Shesh! —dep buyi'rdi' Mo'min.

— Nege?

— Shesh deymen men sag'an! Qaytadan tirkeymiz. Shesh arqanlardi'.

Worazqul bul sapari' da wog'an u'nsiz boysi'ndi'. At bo'reneden aji'rati'lg'annan keyin Mo'min woni' jeteley basladi'.

—Al, yendi ju'r,—dedi wol. —Bir aylani'p kelemiz. At azi'raq dem alsi'n. *(Sh.A.)*

***47-shi'ni'g'i'w***. Ga'plerdi woqi'n'. Wolardi'n' ayti'li'w mazmuni'na itibar berin' ha'm ma'nisin ani'qlan'.

1. Yendi sen usi' jerde qala ber. Shayi'q atan'ni'n' zeynine tiyme, sadi'q bol, uli'm. Yendigi ga'pti Amanqul biy aytsi'n. *(T.Q.)*

2. Qa'ne, ko'p irkilmeyik. — Basla wonda, kettik. *(T.Q.)* Yendi men woni'n' ju'zin ko'rmeymen. *(K.S.)*

3. — Worazqul ag'a, menin' portfelime qara! Mektepke baraman. Menin' portfelime qara! —dedi bala.

4. — He, ne dep sandalap tursan'! — dedi qorqi'p ketken Worazqul. *(Sh.A.)* 5. G'a'rezsizlik — aydi'n jol! 6. Xosh kelipsiz, abat ma'kan ji'li'ni'n' Nawri'zi'! 7. Ha'r ku'nimiz Nawri'z bolsi'n! *(«Y.Q.»)*

***48-shi'ni'g'i'w***. Wo'zlerin'iz woqi'p ati'rg'an ko'rkem shi'g'armalardan yamasa yadi'n'i'zdan xabar, soraw ha'm buyri'q ga'plerdin' ha'rbirine yeki-u'sh ga'pten tawi'p jazi'n'. Jazi'wda wolarg'a noqat, soraw ha'm u'ndew belgilerinin' qoyi'li'wi'na itibar berin'.

**U’ndew ga’p.** So’ylewshinin’ ayti’lajaq pikirge ha’r tu’rli emocionalli’q tuyg’i’-sezimlerin bildiretug’i’n ga’plerge **u’ndew ga’p** delinedi.

U’ndew ga’pler wo’zinin’ negizgi mazmuni’na qosa so’ylewshinin’ quwani’w, tan’lani’w, ku’yiniw ya su’ysiniw t. b. si’yaqli’ ku’shli emocionalli’q tuyg’i’-sezimlerdi an’latadi’. Mi’sali’: Bala kele sala ashi’q turg’an qapi’larg’a:— Keldi! Du’kan-mashina keldi! — dep ju’regi sha’wkildep birden qatti’ baqi’ri’p jiberdi. Kempir bolsa balani’ yerkeletip: — Yapi’rmay, buni’n’ ko’zinin’ ko’rgishligin-ay! — dep qoydi’. *(Sh.A.)*

U’ndew ga’pler intonaciyali’q jaqtan ayri’qsha ku’shli dawi’s tolqi’ni’ menen ayti’ladi’, jazi’wda keynine u’ndew belgisi qoyi’ladi’.

U’ndew ga’pler to’mendegi jollar menen u’ndewlik ma’nilerdi an’latadi’:

1. **Yapi’rmay, alaqay, pah, pay, uwh, ah, haw** t.b. si’yaqli’ tan’laq so’zler arqali’: **Pa**, du’nya-ay! Tuwi’p wo’sken jer qanday qa’dirli! **Alaqay**, Palman ag’am kiyati’r! *(N.D.)* **Uwh**, ju’regim jan’a jay tapti’ g’oy! *(G’.S.)*

2. **Qanday, qansha, qanshama, qaysi’, sonday, qalay, bunsha** si’yaqli’ ku’sheytkish ma’nili so’zler arqali’: Bul **qanday** awhal! Aysa’nem bolsa G’odalaqti’n’ qanji’g’asi’nda ji’lap ketti. *(S.X.)* Usi’nday a’piwayi’ miynet yerleri bizde **qanshama** ko’p deysiz! *(G’.S.)* Bug’an **bunsha** suli’wli’q, shi’ray, **bunsha** sawlat, kelisken qa’ddi-qa’wmet qalay payda bolg’an! *(S.X.)*

3. Ga’pler su’ren-shaqi’ri’q ma’nisinde kelgende u’ndewlik ma’ni an’latadi’: Jasasi’n barli’q jer ju’zinde paraxatshi’li’q! Yelimiz gu’llene bersin! Barli’q ku’sh, jetistirilgen zu’ra’a’tti sepsitpey ji’ynap ali’wg’a qarati’lsi’n! Ha’mme ji’yi’n-terimge! *(«Y.Q.»)*

U’ndewlik ma’ni joqari’dag’i’ du’zilislik wo’zgesheliginen basqa, ga’ptin’ mazmuni’ ha’m intonaciyasi’ arqali’ da bildiriledi. Bunday jag’dayda ga’p quwani’shli’ xabar, qutli’qlaw, alg’i’s ayti’w, su’ysiniw, xoshlasi’w, qa’ha’rleniw, g’arg’ani’w, g’a’zepleniw t.b. ma’nilerde keledi: **Ko’z aydi’n**, bati’r, ko’z aydi’n! *(«A.»)* Shabdar! At bolg’ani’n’a, ja’niwar! *(Sh.A.)* Su’yinshi sheshe, Gu’ljamal keldi! *(A.Bek.)*

Ko'rsetemen men sag'an! — dep wo'zinshe ishinen jekirindi Worazqul. Xosh bol dalam!... I'razi' bol, xosh yendi, qanazati'm Gu'lsari'! *(Sh.A.)*

***49-shi'ni'g'i'w***. Berilgen ga'plerdi woqi'n'. U'ndew ga'plerdin' du'ziliw jollari'n ha'm ma'nilerin tu'sindirin'.

1. —Mi'nag'an qara, yene, qanday ra'ha't bag'i'shlaytug'i'n jawi'n deysen'-a'! 2. Qaray qoysa yendi, qanday mo'ldir jawi'n bul! 3. Ah, sadag'an' keteyin, qudayi'm-ay! 4. —Ha, ha', doynaq taslawi'na qara! Qara! *(Sh.A.)* —Ha'si bolsam, qaytti'm! Jamanli'q jawdi'n' basi'na! *(K.S.)* 6. Pay, ku'n de jandi'-aw! *(T.Q.)* 7. Ah, Sultanmuratti'n' sondag'i' ayaq-ayag'i'na tiymey zi'mi'rawi'n-ay! 8. Wa'y, taksist degenlerde de iyman bolmaydi'-aw! 9. Tuwi'lg'an jerim, Qaraqalpaqstani'm, senin' suli'w ta'biyati'n' sonday ko'rkem! *(«Y.Q.»)*

***50-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Ga'plerdin' qaysi'si' buyri'q ga'p, qaysi'si' u'ndew ga'p yekenin ani'qlan'.

1. Wo'zi qarapa'ren' bolsa da, ku'limsiregen ju'zi sa'l qi'zg'i'sh do'nip, ko'zleri quwani'shti'n' ta'sirinen jaynap turg'an jas kelinshek yedi. Yesten shi'qpas yessiz g'ana kelinim-ay! Ah, A'liyman-ay!

2. Bir na'rse bolg'an qusaydi', yene,—dep baqi'ri'wi' menen A'liyman da juwi'ri'p ketti. 3. «Wo'zin' saqlag'aysan', qudayi'm» — dep gu'birleniwim menen men de juwi'ri'p kettim. Ah, sondag'i' juwi'rg'ani'mday! Toqtap turi'n'!—dep baqi'rayi'n desem, dawi'si'm shi'qpaydi'.

4. —Ti'ni'shlani'n'! Qa'ne, qoyi'n'lar qati'nlar?!, — dep yerkeklerdin' arasi'nda turg'an birew baqi'rdi'. 5. Wol sa'l u'ndemey turdi' da, qaptali'ndag'i' ja'rdemshilerine buyi'ri'p: — Nege an'i'rayi'p tursan'! Xodla motordi'! 6. Al, woraqshi'lar, sizler nege tursi'z yendi? Qa'ne, bari'n'lar, jumi'slari'n'i'zg'a! 7. Bizler de telmirip turmi'z. Soni'n' arasi'nda, bir qoli'na qi'zi'l, bir qoli'na sari' bayraqsha uslag'an temir jolshi' juwi'ri'p kelip:

— Toqtamaydi'! Toqtamaydi'! Bi'lay turi'n'! Joldan bi'lay shi'g'i'n'! — dep bizlerdin' ko'kiregimizden iytere basladi'.

Tap sol waqi'tta tu'bimizden:

— Apa-a-a! Aliyma-aan! — degen dawi's shi'qti'. Sol! Masalbek! Ah, sadag'an' g'ana keteyin, qudayi'm-ay! Wol tap tu'bimizden wo'tip barati'r yeken-aw, sonda.

8. Pay, a'ttegene-ay, yekewi de qara jerdin' qi'rti'si'n aylandi'ratug'i'n diyqan yedi-aw! *(Sh.A.)*

***51-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi ko'shirip jazi'p, u'ndew ga'pti du'ziwshi grammatikali'q qurallardi'n' asti'n si'zi'n' ha'm mazmuni' ha'm intonaciyasi'na qaray u'ndew ma'nisin bildiretug'i'n ga'plerdi tawi'p ayti'n'.

1. Assalawma a'leykum, a'yyemgi Aral! Sen qanday go'zzalsan'! Sen nelerdi ko'rmedin'-a'y qa'dirli Aral! *(Q.Y.)* 2. Diyqanshi'li'q dalasi'ni'n' bati'rlari'na sa'lem! *(N.D.)* 3. Uri's! Sag'i'yrani'n' ju'regine ha'siret salasan'! A'psherin' a'beshiy! *(K.S.)* 4. Ana boli'w degen qanday a'diwli is desen'-a'! *(Sh.A)* 5. Jasay ber, keleshegi ulli' O'zbekistan Respublikasi'! *(«Y.Q.»)* 6. Pah, Wo'tegennin' wo'sirgen almasi'n aytsan'-a! *(Q.Y.)* 7. Aytari' bar ma woni'n', avtolavkada ne joq deysen', ba'ri de bar! *(Sh.A.)*

## § 10. Ga'ptin' du'zilisine qaray tu'rleri

***52-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n', du'zilisi, wolardi'n' grammatikali'q tiykarlari'na di'qqat yetin'. Du'zilisine qaray qanday ga'p yekenligin ani'qlan'.

**Sabaq dawam yetti. Men** a'dep jay bo'lshek haqqi'nda woqi'wshi'lardan **sorap**, son'i'nan qalamasi'n **wo'zim tu'sindirdim.** Bul ku'ni jay bo'lshekler haqqi'nda taxtada shi'ni'g'i'w **isledik.** Birte-birte **woqi'wshi'lar** bug'an **tu'sinip ketti...**

Bunnan keyin **qon'i'raw qag'i'ldi'**, **bizler** mektep-u'yge **kirdik. Hawa rayi' jelemik tarti'p,** ku'nnin' suwi'ta baslag'ani'na ko'p **ku'nnin' ju'zi boldi'.** Mine, bu'gin aqsham ku'tilmegende yen' da'slepki **qar jawi'p shi'qti'**. Buri'n samal yesse qum sapi'ri'li'p, astan-kesten bolatug'i'n **Qi'zi'lqum aq ko'rpe jami'ldi'.** Tan'g'a jaqi'n qatti' **samal turi'p, qar u'rgini baslandi'.** *(W.X.)*

Ga'pler du'zilisine qaray jay ga'p ha'm qospa g'ap boli'p, yekige bo'linedi. Jay ga'pler bir grammatikali'q tiykar — baslawi'sh ha'm bayanlawi'shti'n' qatnasi'nan du'ziledi. Wolardi'n' mazmuni'nan ti'yanaqli' bir woy-pikir an'lati'ladi'. Mi'sali': **Woqi'wshi'lar** woqi'wg'a a'bden **quni'qti'.** Kewlime **ba'ri** de buri'ng'i'si'nan **jaqsi'.** *(W.X.)*

Bul ga'plerdin' yekewi de jay ga'p. Wolar baslawi'sh ha'm bayanlawi'sh tiykari'nan du'zilip, woqi'wshi'lardi'n' is-ha'reketi haqqi'nda woy-pikirdi bildiredi.

Wo’z aldi’na ti’yanaqli’ pikir bildiretug’i’n sintaksislik birlik **jay ga’p** dep ataladi’.

Qospa ga’p yen’ kemi yeki grammatikali’q tiykardan du’ziledi. Wolar neshe jay ga’pten du’zilse de, qospa woydi’ bildiretug’i’n xabarlawdi’n’ bir pu’tin sintaksislik birligi. Mi’sali’: 1. **Biz** g’awashani’ qanshelli a’lpeshlep **ta’rbiyalasaq, wol** sonshelli wo’nim **beredi.** *(«Y.Q.»)* 2. **Men** woni’n’ ja’ne bir na’rse aytqani’n jaqsi’ ko’rip u’mitlendim, biraq **wol** hesh na’rse **aytpadi’.** *(M.K.)* 3. Mi’rzasho’lde **jan’a jerler wo’zlestirildi** ha’m **suw a’kelindi.** Wonda u’lken **quri’li’s isleri pitkerilip**, buri’ng’i’ quwrag’an quw dalada pu’tkilley jan’a **sha’ha’rstanli’q payda boldi’.** *(W.X.)*

Bul ga’plerdin’ ha’mmesi de qospa g’ap. Wolar yen’ kemi yeki jay ga’pten du’zilip, bir pu’tin qospa woydi’ bildiredi. Qospa g’aptin’ qurami’ndag’i’ ha’rbir jay ga’pti’n’ wo’z aldi’na baslawi’sh ha’m bayanlawi’shi’ bar. Wolar qara ha’rip penen jazi’p ko’rsetilgen.

Yeki yamasa birneshe jay ga’plerdin’ ma’nilik ha’m intonaciyali’q baylani’si’nan du’zilgen ga’plerge **qospa ga’p** delinedi.

***53-shi’ni’g’i’w.*** Ga’plerdi woqi’p shi’g’i’n’. Wolardi’n’ ishinen da’slep jay ga’plerdi, son’i’nan qospa ga’plerdi terip ko’shirip jazi’n’. Wolardi’n’ bir-birinen ayi’ri’li’p turatug’i’n grammatikali’q wo’zgesheligin tu’sindirin’.

Woqi’wshi’lardi’ tarqati’p, demali’sqa shi’qqan ku’ni Toqjan shofyor jem ali’p qayti’w ushi’n kolxozg’a ju’rmekshi boldi’. Men de tayar mashinag’a ilestim, istin’ sa’ti tu’sti. Bulay bolmag’anda bir-yeki ku’n irkilip qali’w mu’mkin yedi.

Men chemodani’mdi’ jerden ko’terip ali’wg’a meyil bergenimde, ishke Aybergen ag’a kirip keldi. Mashina turg’an jerge shekem Jaybergen uzati’p saldi’. Mashina jerdegi qar u’stine jawg’an qi’rpi’qlarg’a buji’r-buji’r iz sali’p, a’ste alg’a ji’lji’di’. Sol waqi’tta men kabinani’n’ artqi’ a’yneginen basi’mdi’ buri’p qarasam, men mashinag’a mingen jerde Jaybergen qoli’n siltep izimnen yele qarap tur yeken.

Avtobus Shi’mbay shayxanani’n’ aldi’ndag’i’ ken’ maydang’a kelip toqtadi’. Men u’yge kirip kelgenimde, Jaybergennen basqa heshkim joq yedi. Biz yekewmiz a’jik-gu’jik so’ylesip woti’rg’anda, si’rttan Marjan sheshey kirip keldi. *(W.X.)*

***54-shi'ni'g'i'w***. Berilgen ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Ha'rbir ga'ptegi baslawi'sh ha'm bayanlawi'shti'n' tallaw u'lgisi boyi'nsha asti'n si'zi'n'. Grammatikali'q tiykarlari'ni'n' sani'na qaray, wolardi'n' du'zilisin ani'qlan'.

Bizlerdi arba quwi'p jetti. Bizler Oksana yekewimiz ja'ne wog'an woti'ri'p aldi'q. Arba aq u'yge jaqi'nlan'qi'rap, terek asti'na kelip toqtadi'. Ag'am menen Petro ag'ay u'yge qaray ketti, al bizler apam menen atti'n' qasi'nda qaldi'q. U'ydin' qasi'nda ji'lti'rag'an relsler jati'r, wolar hesh jerde pitpeytug'i'n qanday da bir sheksiz ali'slarg'a ketedi. Bul relsler boyi'nsha poezddi'n' degershikleri do'n'geleydi. U'ydin' aldi'na tep-tegis u'lken taslar qalang'an. Tek wolar bul jerde ko'p, birinin' u'stine yekinshisi qalani'p, wolar boyi'nsha adamlar ju'redi. Apam Oksana yekewimizdin' qoli'mi'zdan jetelep, bizler de usi' tegis tasti'n' u'sti menen ju'rdik. Apam so'ylemeydi de, u'ndemeydi de. *(M.K.)*

**Ga'pti ta'kirarlaw ushi'n sorawlar ha'm shi'ni'g'i'wlar**

1. Ga'p dep nege aytami'z ha'm woni'n' tiykarg'i' belgilerin ayti'n'.
2. Ga'pler ma'nisine qaray qanday tu'rlerge bo'linedi?
3. Buyri'q ga'plerdi ayti'n', wolarg'a qanday irkilis belgileri qoyi'ladi'?
4. U'ndew ga'plerdin' xabar, soraw, buyri'q ga'plerden ayi'rmashi'li'g'i'n ayti'n'.
5. Ga'plerdin' du'zilisine qaray bo'liniwin ayti'n'. Jay ga'p penen qospa ga'ptin' ayi'rmashi'li'g'i' qanday?

***55-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Wolardi'n' du'zilisine qaray qanday ga'p yekenin ha'm ayi'rmashi'li'g'i'n ayti'n'. Birinshi topar ga'plerdin' du'zilisi boyi'nsha tiykarlari'n (bas ag'zalari'n) tawi'n'. Sonday-aq, yekinshi topar ga'plerdin' neshe tiykardan du'zilgenine di'qqat yetin'.

I

Aspanni'n' saw jeri joq, jaynag'an juldi'zlar menen si'g'asi'p tur. A'sirese, No'kistin' aldi'ndag'i' taslaqti'n' u'stinde ko'z qamasti'ri'p ji'lt-ji'lt yetken jaqti'lar bi'g'an-ji'g'an. Geybir juldi'zlar ma'yektin' sari' uwi'zi'nday boli'p, jerge ag'i'p tu'sip ati'r. Sonda kem-kemnen jaqi'nlag'an sayi'n tuwi'lg'an jer ko'zge i'si'q ko'rinip, asfaltta zi'mi'rap kiyati'rg'an avtobusti'n' ishinde woti'ri'p, qi'r-do'gerekke na'zer sali'p qarayman.

Ba'ri de buri'ng'i'day. Mine, ko'ldin' bergi jag'i'ndag'i' woqi'wshi'lar lageri, a'ne, ku'n bati'sta Sorsha mazarstanli'g'i', al joldi'n' shi'g'i'si' aeroport... . *(W.X.)*

II

1. Ag'i'si' pa'tli taw wo'zenleri taslardi', tawlardi' buzadi', waqi't gu'lli jer betin tani'p bolmastay tu'rlendiredi. 2. Yeger okean ken'isliginde du'beley, dawi'l suwdi' astan-kesten yetetug'i'n bolsa, al Worta Aziya si'yaqli' kontinentlerde shan'g'i'tti' aspang'a suwi'radi' yamasa yegisliklerdi shan'g'a bati'ri'p taslaydi', ati'zlarg'a, bag'larg'a, mal sharwashi'li'q fermalari'na, yelatli' punktlerge no'ser jamg'i'r quyadi'. 3. Yeger sho'listanni'n' topi'li'si' toqtati'lmasa, wonda sahrani'n' wotli' ha'wiri bizin' planetami'zdi'n' wo'kpesi bolg'an tropikali'q tog'aylar zonasi'na da jetedi. *(«Y.Q.»)* 4. A'tiraptan ko'ktin' iyisi a'tirdey an'qi'p, tog'aylarda ma'kan yetken ha'r qi'yli' quslar simfoniyasi' jan'g'i'radi'. *(A.Bek.)* 5. Kimde-kim paxtadan joqari' zu'ra'a't alg'i'si' kelse, jumi'sti'n' heshbir tu'rin yekinshi da'rejeli dep qaramawi' kerek. *(A.A'.)*

***56-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Wolarg'a irkilis belgilerin qoyi'wdi' umi'tpan'. Irkilis belgilerinin' qoyi'li'w sebeplerin ha'm ne ushi'n ha'r tu'rli irkilis belgisi qoyi'latug'i'ni'na tu'sinik berin'.

Tawdi'n' an'g'ari'nan qa'dimgidey ku'shli samal yesip, pa'skeltek stanciyasi'ni'n' arjag'i'ndag'i' jardi' qi'ri'p ag'i'p ati'rg'an da'ryani'n' u'sti qaynawi'tlap tur

Joli'n'a ayday qarap woti'r yedik.

— Salamat barsi'z ba — dedi wog'an kelgen adamlar

— Qalaysi'zlar wo'zlerin'iz — dedi Seydaxmet

— Qalay bolatug'i'n yedi, woti'rmi'z a'ytewir. Wo'zin' nege keshiktin'?

— Al, Worazqul qayda u'yde me dep da'rhal soray basladi' kelgenlerdin' birewi

—U'yinde dedi Gu'ljamal. Sizler ti'ni'shsi'zlanbay-aq qoyi'n' Bizikinde-aq qonasi'z wori'n tabi'ladi'. Ju'rin'ler.

—Pah mi'lti'q bolg'anda ma dep jiberdi Seydaxmet tu'yeden posti'n taslag'anday yetip. — Yeki ju'z kilo go'sh shi'g'ar yedi wo'zinen, ya

—A'h ja'niwarlardi'n' suli'wi'n-ay dep jiberdi wol.

—Way boy, suw yemes, bul muz g'oy dep baqi'ri'p jiberdi qalti'raqlag'an Seydaxmet. *(Sh.A.)*

# BIR BAS AG'ZALI' GA'PLER

## §11. Bir bas ag'zali' ga'p haqqi'nda tu'sinik

***57shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Bas ag'zalardi'n' ga'p qurami'nda qatnasi'p yaki toli'q qatnaspay kelgenin ani'qlan'. Bas ag'zalari' toli'q qatnasqan ga'p penen toli'q qatnaspag'an ga'ptin' qanday ga'p bolatug'i'ni'n joqari'dag'i' temag'a qarap tu'sinik berin'.

1. Yemlewxanadan quwani'p shi'qti'm. Da'lizdegi aynag'a qarap yedim, betimde hesh daq joq. Tula boyi'm jep-jen'il, hesh jerim awi'rmaydi'. Qayta semirip ketippen. Raxmet doktorlarg'a. 2. U'yge kelgen son' ju'regim ali'p-ushi'p, hesh jerde turg'i'm kelmedi. 3. Ko'kte quyash jarqi'rap tur. Ku'n ji'lli'. Ati'zda jon'i'shqalardi'n' gu'zgi ko'rpe boli'wg'a qarag'an ma'ha'li. *(W.X.)* 4. U'lken alti' qanatli' u'y. Bi'layi'nsha, sharwa tili menen aytqanda, aq wotaw. Aldi' basti'rma. Artqi' shiy tu'riwli. To'r bette yeki-u'sh adam so'ylesip woti'r. *(W.X.)*

Jay ga'pler bas ag'zalardi'n' toli'q qatnasi'wi' ha'm qatnaspawi'na qaray **yeki bas ag'zali'** ha'm **bir bas ag'zali'** boli'p yekige bo'linedi.

Yeki bas ag'zali' ga'pler baslawi'sh ha'm bayanlawi'shti'n' qatnasi'nan du'ziledi. Al, bir bas ag'zali' ga'plerdin' qurami'n tek bir bas ag'za du'zedi. Mi'sali': 1. Gu'z baslandi'. 2. Tereklerdin' japi'raqlari' sarg'aya basladi'.

Bul ga'plerde baslawi'sh (gu'z, japi'raqlar) ha'm bayanlawi'sh (baslandi', sarg'aya basladi') toli'q qatnasi'p, yeki bas ag'zani'n' qurami'nan du'zilgen.

Bir bas ag'zali' ga'plerdin' bas ag'zalari' feyil ha'm atawi'sh so'zlerden boladi'. Mi'sali':

1. Dalag'a shi'qti'm. Bularg'a qaray beriwge ton'i'p kettim. Ishke kirdim. *(S.S.)* Woni'n' yele baqlay beriwi, ani'qlay beriwi kerek. *(S.S.)*

Bul ga'pler — feyil bir bas ag'zali' ga'pler. Bulardi'n' bas ag'zasi' feyiller arqali' bildirilgen.

2. Melshiyip jati'rg'an jaziyrali'q. *(S.S.)* Tu'n. Avgust ayi'. I'ssi' quyashli' ku'n. Terim waqti'. *(W.A.)*

Bul ga'pler — atawi'sh bir bas ag'zali' ga'pler. Bulardi'n' bas ag'zasi' atawi'sh so'zlerden bolg'an.

Bir bas ag'zali' ga'pler ken'eytilmegen ha'm ken'eytilgen ga'p tu'rinde du'ziledi. Mi'sali': 1. Tu'n. Mart ayi'ni'n' aqi'ri'. Ku'ndizgi saat u'shtin' shamasi'. *(Aybek)* 2. Tastay tu'nek qaran'g'i'. Ken' sahra dala. Aspandi' torlag'an qara bult. *(J.A.)*

Bir bas ag'zani'n' qurami'nan du'zilgen jay ga'plerge **bir bas ag'zali' ga'pler** dep ataladi'.

Bir bas ag'zali' ga'pler bas ag'zalari'ni'n' bildiriwine qaray yekige bo'linedi: 1) **feyil bir bas ag'zali' ga'pler** ha'm 2) **atawi'sh bir bas ag'zali' ga'pler**.

Bas ag'zasi' feyilden bolg'an ga'plerge **feyil bir bas ag'zali' ga'pler** dep ataladi'.

Bas ag'zasi' atawi'sh so'zlerden bolg'an ga'plerge **atawi'sh bir ag'zali' ga'pler** delinedi.

***58-shi'ni'g'i'w***. Woqi'n'. Qaysi'si' yeki bas ag'zali', qaysi'si' bir bas ag'zali' ga'p yekenligin ani'qlap ayti'p berin'. Bas ag'zalardi'n' qatnasi'na qaray wolardi'n' bir-birinen wo'zgesheligin ayti'n'.

Duman. Ku'n sari' jipektey ko'rinedi. Tu'n ti'ni'sh. Tu'n taza. Salqi'n hawa. Ti'ni'shli'q qushag'i'na bo'lengen bag'lar. Jasi'l lipas jami'lg'an daraqlar. Gu'mis shi'taq tag'i'ng'an shaqalar. Bu'lbu'llerdin' ju'rekke jag'i'mli' sayrap turg'an dawi'slari' adam balasi'n ra'ha'tke bo'leydi. G'umsha gu'ller, jasi'l atlastay japi'raq jer betine sa'n berip suli'wli'qqa bo'ledi. *(J.A.)*

***59-shi'ni'g'i'w***. Ko'shirip jazi'n'. Feyil bir bas ag'zali' ga'plerdin' asti'n iyrek si'zi'q penen, atawi'sh bir bas ag'zali' ga'ptin' asti'n tuwri' si'zi'q penen si'zi'n'. Wolardi'n' feyil bir bas ag'zali' ha'm atawi'sh bir bas ag'zali' ga'p dep atali'wi'n tu'sindirin'.

1. Men an'-tan' boldi'm. Sebebi, woni' keledi dep woylamag'an yedim. Ku'tpegen jerden gezlestim. *(N.D.)* 2. Ishim pisti. Vagong'a kelip joqari'g'a shi'g'i'p jatti'm. Taqati'm bolmadi'. Wolardi'n' bir na'rse jo'ninde so'ylespekshi bolg'ani'n bildim. *(S.S.)* 3. Tu'n. Yari'm aqsham. Du'nya ti'ni'sh. Adamlar tu'nnin' tatli' ra'ha'tinde. Bu'gingi tu'n qanday tamasha. *(J.A.)* 4. Qatti' suwi'q. Qi'zi'lqum. Qi'zi'l qi'ya ken' dala. *(T.N.)*

***60-shi'ni'g'i'w***. Woyi'n'i'zdan yamasa ko'rkem shi'g'armalardan bir bas ag'zali' ga'plerdin' bas ag'zalari'ni'n' feyilden bolg'an tu'rine 3 ga'p, atawi'sh so'zlerden bolg'an tu'rine to'rt ga'p tawi'p jazi'n'. Wolardi'n' ken'eytilmegen ha'm ken'eytilgen jay ga'p tu'rinde keliwin yesapqa ali'n'.

## FEYIL BIR BAS AG'ZALI' GA'PLERDIN' TU'RLERI

Feyil bir bas ag'zali' ga'pler is-ha'reket iyesinin' (baslawi'sh-ti'n') ani'q belgili ha'm belgisizligine qaray **iyesi belgili ga'p, iyesi belgisiz ga'p, iyesi uluwmalasqan ga'p** ha'm **iyesiz ga'p** boli'p, to'rt tu'rge bo'linedi.

### §12. Iyesi belgili ga'p

Iyesi belgili ga'ptin' bayanlawi'shlari', ko'binese I — II betlerdegi ani'qli'q yamasa buyri'q meyillerden boli'p, sol betlik qosi'mtalari' arqali' baslawi'shi' belgili boli'p turadi'. Mi'sali': 1. Shi'day almadi'm. Bazarbaydi' woyata qoyayi'n dep u'n'ilip yedim. Shi'rt uyqi'da yeken. Wo'zimdi irktim. Yendi ju'rip keteyin dep tur yedik. Si'm ha'm wo'reler a'kelgen mashinag'a duslasi'p qaldi'q. *(S.S.)* 2. G'awashani' ko'p ta'rbiyalasan', wo'nimdi de ko'p alasan'. *(«Y.Q.»)*

Iyesi belgili ga'p ma'nisi boyi'nsha baslawi'shi' betlik almasi'g'i'nan bolg'an yeki bas ag'zali' ga'pke ku'ta' jaqi'n keledi. Biraq wonnan betlik almasi'g'i'ni'n' qollani'lmawi' jag'i'nan ayi'ri'li'p turadi'. Bunday ga'plerde baslawi'shti'n' qollani'li'wi' sha'rt yemes. Sebebi, baslawi'sh woni'n' bayanlawi'shi'ni'n' betlik formasi' arqali' belgili boli'p turadi'.

Sali'sti'ri'n':

| **Yeki bas ag'zali' ga'p** | **Iyesi belgili ga'p** |
|---|---|
| Men kelgen jumi'si'mdi' aytti'm. | Kelgen jumi'si'mdi' aytti'm. |
| Bizler jan'a jayg'a ko'shtik. | Jan'a jayg'a ko'shtik. |

***61-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Baslawi'shi' qatnasqan ga'ptin' bayanlawi'shi'ni'n' asti'n bir, baslawi'shi' qatnaspag'an iyesi belgili ga'ptin' bayanlawi'shi'ni'n' asti'n yeki si'zi'n'. Wolardi'n' bayanlawi'shlari'ni'n' qanday meyillerden bolg'ani'n ha'm neshinshi bette yekenin ayti'n'.

Qalada jer asti' kabellerin ju'ritemiz. Jaqi'nda razryad ushi'n imtixan tapsi'rdi'm. Jumi'sqa aralasqali' berli neler islep, nelerdi qoydi'm, woni'n' ba'rine yesap bere almayman. Ko'pshiligi yesimnen de shi'g'i'p ketti. Qi'yali'm ilgeri ji'lji'ydi'. *(S.S.)*

Wo'tegen ag'ani'n' 140 gektar paxtasi'n araladi'q. Bunnan keyin yekewimiz tag'i' skladti'n' basi'na keldik. Wol adamlarg'a tag'i' jumi's tapsi'rdi'. So'ytip, meni awi'ldi' aralawg'a ali'p ketti. Bunnan keyin Ma'wlen ag'amni'n' u'yine baratug'i'n boldi'q. *(S.S.)*

***62-shi'ni'g'i'w***. Irkilis belgilerin qoyi'p ko'shirip jazi'n'. Berilgen ga'plerdin' bir bas ag'zali' ga'ptin' qaysi' tu'ri yekenin ha'm wolardi'n' bayanlawi'shlari'ni'n' asti'n si'zi'p, neshinshi bette, qaysi' sanda kelgenin ani'qlan'.

1. Jigitler ha'm qi'zlar ulli' xali'q miyrasi'n iyelen'iz. Joqari' na'tiyjeli do'retiwshilik penen islewdi u'yrenemiz. 2. Joqari' ha'm worta mektep xi'zmetkerleri woqi'wdi'n' turmi's penen baylani'si'n bekkemlen'iz. Woqi'wshi'lar menen studentlerdin' ti'yanaqli' bilim ali'wi' ushi'n gu'resin'iz. 3. Yelimizdin' miynetkeshleri barli'q jerde ha'm barli'q na'rsede jedel turmi'sli'q poziciyani' iyelen'iz. Watani'mi'zdi'n' qu'diretin jigerli miynet penen bekkemlen'iz. *(«Y.Q.»)*

***63-shi'ni'g'i'w***. Ko'rkem shi'g'armalardan yamasa woyi'n'i'zdan baslawi'shi' qatnasqan ga'pke 4 ga'p, iyesiz ga'pke 2 ga'p tawi'p jazi'n'. Wolardi'n' bayanlawi'shlari'ni'n' ani'qli'q meyildin' ha'r tu'rli betlik qosi'mtali' boli'p keliwin yesapqa ali'n'.

## §13. Iyesi belgisiz ga'p

***64-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Wolardi'n' baslawi'shi'ni'n' bari'-joqli'g'i'na di'qqat awdari'n' ha'm bayanlawi'shi'ni'n' neshinshi bette qollani'li'p kelgenin ayti'n'.

1. Bala jerde jati'rg'an portfelin ali'p, du'rmiyindi qolti'g'i'na qi'sti'. 2. Tawdan tez tu'sti de, janbawi'rdan ji'landay atli'g'i'p ketti. 3. U'yine jaqi'nlag'an sayi'n ishi uli'-du'pildi boli'p qorqa basladi'. 4. Woni'n' yendi bag'anag'i' baspaq jalmag'an ko'ylekke juwap beriwi kerek. 5. Men woni' bilqastan islegenim joq. 6. Ba'rinen de beter balani'n' atasi'na jani' ashi'ytug'i'n yedi. *(Sh.A.)*

Iyesi belgisiz ga'ptin' bayanlawi'shlari', ko'binese ani'qli'q meyildin' 3-bet, ha'zirgi, keler ha'm wo'tken ma'ha'llerinde qollani'ladi'. Mi'sali': G'awashalardi' **aynali'p shi'qti'**.

Geypara ati'zlarda toqtap, bir na'rselerdi **woylasti'**. Sol jerde biraz **irkilip turdi'**. Jerden topi'raq **ali'p ko'rdi.** *(W.X.)*

Bul ga'plerdegi qara ha'rip penen jazi'lg'an feyiller ani'qli'q meyildin' III bet, wo'tken ma'ha'linde kelgen. Bul feyillerdin' is-ha'reket iyeleri belgisiz boli'p kelgen.

**Bayanlawi'shi' belgisiz iyeni (betti) bildiretug'i'n bir bas ag'zali' ga'ptin' tu'rine iyesi belgisiz ga'p delinedi.**

Iyesi belgisiz ga'plerde tiykarg'i' di'qqat is-ha'rekettin' iyesine yemes, is-ha'rekettin' wo'zine qarati'lg'an boladi'. Is-ha'rekettin' iyesi aldi'ng'i' ga'plerde ayti'li'p, kontekst arqali' ma'lim boli'p turadi'. Mi'sali': 1. Shi'li'mbet keldi de, adamlardi' bo'listirdi. 2. Menin' shegim Bazarbay menen tu'sti... 3. Bug'an men wonsha quwanbayman. 4. Sebebi, Bazarbay tirseklew. 5. Wol yeregisiwdi jaqsi' ko'redi. 6. Qa'lesen', senin' menen de to'belesiwden qaytpaydi'. 7. Shi'li'mbetti de wonsha jaqti'rmaydi'. *(S.S.)*

Bul mi'sallarda yen' son'g'i' 6 — 7-ga'p — iyesi belgisiz ga'p. Wolarda is-ha'rekettin' iyesi (baslawi'sh) aldi'ng'i' ga'plerde ayti'lg'anli'qtan, stillik talapqa i'layi'q tu'sirilip qaldi'ri'lg'an.

***65-shi'ni'g'i'w***. Woqi'n'. Iyesi belgisiz ga'pti tawi'p, woni'n' bayanlawi'shi'ni'n' neshinshi bette yekenin ha'm sol ga'ptin' ne ushi'n iyesi belgisiz ga'p dep atali'wi'na tu'sinik berin'.

Telefonogrammani' kesh aldi'. Trestke bari'wi' kerek yeken. Bul xabardi' obyektlerdi aralap kelgennen keyin yesitti. Azanda yerte jolg'a shi'g'i'wdi' go'zlegen menen, ne yekenine tu'sinbey, kabinetinde yeglenip qaldi'. Buni'n' u'stine keshki jobalasti'ri'wg'a adamlardi' shaqi'ri'p qoyg'an yedi.

Temirbay kabinetin aynali'p ju'rip, saati'na qaradi'. Telefonni'n' trubkasi'n ko'terip, wo'zin No'kis penen tutasti'ri'wdi' soradi'. Mu'mkinshiligi bolsa, tezirek ali'p ber dep wo'tinish yetti.

Trest basqari'wshi'si'ni'n' ja'rdemshisi ashi'm-ayri'q hesh na'rse ayta almadi'. Bul qi'sqa so'ylesiwden keyin telefon stanciyasi'nan bas injenerdin' u'yinin' nomerin ali'p beriwdi wo'tinish yetti. Trubkani' ko'tergen dosti'si'ni'n' dawi'si'n yesitti. *(S.S.)*

***66-shi'ni'g'i'w***. Ko'shirip jazi'n'. Iyesi belgisiz ga'plerdi tawi'p, bayanlawi'shi'-ni'n' asti'n si'zi'n'. Sol bayanlawi'shlardi'n' qaysi' meyilden bolg'ani'n ha'm neshinshi bette yekenin ani'qlan'.

1. Worayli'q ko'sheler menen ju'rip, Juma adamlardi'n' keynine ser saldi'. 2. Jurtti'n' ju'ris-turi'si'nan, so'zlerinen qanday da bir ta'shwishlerdi sezdi. 3. Sonli'qtan wonsha tan'lana bermey-aq, Sahibjamaldi'n' keliwin ku'tip woti'rdi'. 4. Ku'tilmegende aldi'nan shi'qti'. *(W.X.)* 5. Buri'ng'i' qa'ddinshe isley berdi. 6. Jumi'stan bosag'an waqi'tlari'nda tiyip-qashi'p kishkene qaqi'ra da sali'p aldi'. *(N.D.)* 7. Qasqi'rdi'n' awzi'nan silekeyi ag'i'p, ashli'qtan ishi qabi'si'p, jutap qala berdi. 8. Wo'zine ta'n saqli'q penen gu'man yetip, ali'si'raqtan bir aylani'p shi'qti'. *(Sh.S.)*

## §14. Iyesi uluwmalasqan ga'p

Iyesi uluwmalasqan ga'p mazmuni' jag'i'nan tek bir betke qatnasli' bolmay, ha'mme betke wortaq uluwmali'qti' bildirip turadi'.

Mi'sali':

1. Jaqsi' ko'redi yeken dep bara berme,
Beredi yeken dep ala berme. *(Q.n.m.)*

2. Bolmas iske polat bol, polattan da qatti' bol. *(Q.n.m.)*

Bul ga'plerde **bara berme, ala berme** feyilleri 2-bet, buyri'q meyil tu'rinde ayti'lg'an. Wolarg'a yekinshi betti bildirip keliwine i'layi'q sol betke tiyisli baslawi'shti' (sen) qoyi'p ayti'wg'a bolmaydi'. Sonday-aq, yekinshi ga'ptegi **polat bol, qatti' bol** bayanlawi'shlar da sonday. Sebebi, bul ga'plerdin' mazmuni'nan tek bir betke g'ana yemes, uluwma ha'mme betke qarata ayti'li'p turg'ani' ma'lim boli'p keledi.

Ma'nisi bir betke qarati'lmay, uluwma u'sh betke qatnasli' ayti'latug'i'n bir bas ag'zali' ga'ptin' tu'rine **iyesi uluwmalasqan ga'p** delinedi.

Iyesi uluwmalasqan ga'ptin' bayanlawi'shi', ko'binese yekinshi bettegi buyri'q meyilden, geyde sha'rt meyilden de boladi'. Bunday ga'pler, ko'binese naqi'l-maqallarda qollani'ladi'. Mi'sali': Jer aydasan' gu'z ayda, gu'z aydamasan' ju'z ayda. Bir ku'nlik jolg'a shi'qsan', u'sh ku'nlik azi'q al. Ne yeksen', soni' worasan'. *(Q.n.m.)*

***67-shi'ni'g'i'w***. Ko'shirip jazi'n'. Iyesi uluwmalasqan ga'pti tawi'p, bayanlawi'shi'ni'n' asti'n si'zi'n'. Wolardi'n' qanday feyillerden bolg'ani'n, neshinshi bette yekenin ha'm ga'plerdin' ne ushi'n iyesi uluwmalasqan ga'p dep atali'wi'n tu'sindirin'.

1. Wol awi'r minezli jigit yedi. 2. Bir na'rseni soramasan', wo'zinshe illa' dep awzi'n ashpaydi', u'ndemeydi. *(W.X.)* 3. Wo'nimsiz dep jerden tu'n'ilme, suwsi'z dep japtan tu'n'ilme. *(Q. n. m.)* 4. Qon'si'ni' gewleme ko'shirersen', wotti' qozg'ama wo'shirersen'. 5. Jalqawg'a is buyi'rsan', sag'an aqi'l u'yretedi. 6. Tawi'p alsan' da sanap al. 7. Yerte jati'p, yerte tur, bedenin' bolsi'n salamat. 8. U'yin'e kelgende, u'ydey wo'kpen'di aytpa. *(Q. n. m.)*

***68-shi'ni'g'i'w***. Ga'plerdi woqi'n'. Ishinen iyesi belgili ga'p penen iyesi uluwmalasqan ga'plerdi tawi'n', wolardi'n' bir-birinen ayi'rmashi'li'g'i'n ha'm qaysi' betke qatnasli'li'g'i'n ani'qlan'.

1. Sa'lmen usi' ko'lge kelip qarmaq saldi'. Kishigirim bo'rge-shabaqlar usladi'. Ti'ni'q suwdi' i'layti'p kiyati'rg'an sazang'a ko'zi tu'sti. A'ste qolayi'n ala berip shani'shqi'ni' urg'an yedi, sazan ti'rp yetpey qaldi'. Bali'qlari'n jormalg'a dizip, shani'shqi'ni'n' sabi'na qi'sti'ri'p iynine saldi'. *(S.X.)*

2. Bali'qshi' awi'lg'a shekem bari'p qaytti'm. Sa'lemin'izdi atama aytti'm. 3. U'ziksiz dep u'yden tu'n'ilme, bilimsiz dep yerden tu'n'ilme. 4. Mi'n'di' tani'g'ansha birdin' ati'n bil. 5. Wo'z pikirimdi wog'an ayti'wg'a bati'na almadi'm. 6. Bul jerge ta'jiriybe wo'tkeriw ushi'n keldim. *(G.I.)* 6. Qi'zi'n' yerjetse, qi'zi' jaqsi' menen qon'si' bol, uli'n' yerjetse, uli' jaqsi' menen qon'si' bol. *(Q. n. m.)*

***69-shi'ni'g'i'w***. Naqi'l-maqallardan paydalani'p, ta'lim-ta'rbiyag'a, densawli'q, tazali'qqa, diyqanshi'li'q ha'm sharwashi'li'q ka'sibine baylani'sli' 8 ga'p tawi'p jazi'n'. Wolardi'n' bayanlawi'shlari'ni'n' asti'n si'zi'p, qaysi' meyil, qaysi' bette yekenin ayti'p berin'.

## §15. Iyesiz ga'p

***70-shi'ni'g'i'w***. Woqi'n'. Ha'rbir ga'pke di'qqat yetip, woni'n' baslawi'shi'ni'n' bar-jog'i'na ser sali'n'. Yeger baslawi'shi' joq bolsa, wonda woni' bayanlawi'shi' arqali' tawi'p qoyi'wg'a bolatug'i'ni' yamasa bolmaytug'i'ni'na tu'sinik berin'.

1. Pursatti' qoldan bermey, tek tuqi'm sebiw kerek. *(W.X.)* 2. Usi' brigadani' aldi'ng'i' qatarg'a qosi'w ushi'n qanday sharayatlar ko'rmek kerek? *(A. Bek.)* 3. Palwanni'n' so'yleskisi de keldi. 4. Bul g'awashalardi' qayta rawajlandi'ri'wg'a bolmaydi'. *(W.X.)* 5. Ju'regin'nin' yoshi' nege jumsalg'ani'n umi'ti'w mu'mkin yemes. *(«Y.Q.»)* 6. Menin' irkiliwime tuwra keldi. *(S.S.)*

Baslawi'shi' joq, woni' bayanlawi'shi' arqali' tawi'p qoyi'wg'a bolmaytug'i'n bir bas ag'zali' ga'ptin' tu'rine **iyesiz ga'p** delinedi.

Iyesiz ga'ptin' bayanlawi'shi', ko'binese qospa bayanlawi'sh tu'rinde keledi. Mi'sali': 1. Adamni'n' Aralg'a ju'rgisi, woni' ko'rgisi keledi. *(P.Sh.)* Ta'biyattan jaqsi'li'q **ku'tip woti'ri'wg'a bolmaydi'.** *(W.X.)*

Bul mi'sallarda qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zler — qospa bayanlawi'sh. Wolar atawi'sh feyil menen ko'mekshi feyildin' dizbeklesiwinen bolg'an. Bularda is-ha'reket iyesi — baslawi'sh joq, ha'tte woni' bayanlawi'shi' arqali' tawi'p qoyi'wg'a bolmaydi'.

Iyesiz ga'ptin' bayanlawi'shi', ko'binese to'mendegi so'zlerden boladi':

1. **-i'w/ -iw, -w, -maq/-mek** qosi'mtali' atawi'sh feyilge **ke-rek, mu'mkin, lazi'm, da'rkar** t.b. bayanlawi'shli'q so'zlerdin' dizbeklesip keliwi arqali' bildiriledi: G'awashalardi' tez-tez **suwg'ari'p turi'w kerek.** *(W.X.)* Wog'an tezden **ja'rdem bermek kerek.** *(A.Bek.)*

2. Qospa feyil tu'rindegi tilek meyilden boladi': Bug'an Seyilxanni'n' **woti'rg'i'si' kelmedi.** *(W.X.)* Ko'shenin' shetine shekem **ju'rip qaytqi'm keledi.** *(S.S.)*

3. Bari's sepligindegi atawi'sh feyilge **tuwra** (tuwri') **keldi, bolmaydi'** ko'mekshi feyillerinin' dizbeklesiwi arqali' bildiriledi: Menin' de irkiliwime **tuwra keldi.** *(S.S.)* Ayi'ri'm waqi'tlarda ma'mleketlik rezervlerdi **paydalani'wg'a tuwri' keldi**. *(«Y.Q.»)* G'awashalardi' uyag'a 1 — 2 tu'pten arti'q **qoyi'wg'a bolmaydi'.** *(Y.A.)*.

4. **-i'p/-ip, -p** qosi'mtali' hal feyil ha'm **bolmaydi'** ko'mekshi feyilinin' dizbeklesiwinen boladi': Bul zatlardi' **qozg'ap bolmaydi'**. *(W.A.)* Woni' so'zden **uti'p bolmaydi'.** *(A.A'.)* Aydi' yetek penen **jawi'p bolmaydi'.** *(Naqi'l.)*

*71-shi'ni'g'i'w*. Woqi'n'. Iyesiz ga'ptin' bayanlawi'shi'n tawi'p, wolardi'n' qanday so'zlerden bolg'ani'n ha'm ne ushi'n iyesiz ga'p dep atali'wi'n tu'sindirin'.

1. Anaw Sorko'ldegi 2 gektar g'awashani' kultivaciyalaw kerek. 2. Jamal To'reshtin' shaqi'rg'an jumi'si'ni'n' ma'nisin yendi tu'sindi. 3. Woylasi'qti'n' salmag'i' wo'zine tu'sip turg'ani'n sezip, waqi'tti' uzaqqa sozg'i'si' kelmedi. 4. Meyli, jari'ssaq ta bir-birewge ja'rdemlesiw kerek g'oy. *(K.S.)*

5. Qori'qpay ushi'p bari'p qi'yag'a,
Qarshi'g'aday qong'i'm keledi.
— A'lem tar gewdeme si'ya ma?
Jayg'asti'ri'p ko'rgim keledi.

*(U. X.)*

*72-shi'ni'g'i'w*. Kestede ko'rsetilgen feyil bir bas ag'zali' ga'plerdin' ha'rbir tu'rine ko'rkem shi'g'armalardan paydalani'p yamasa yadi'n'i'zdan yeki ga'pten tawi'p jazi'n'. Feyil bir bas ag'zali' ga'plerdin' tu'rlerinin' bir-birinen wo'zgesheligin ayti'n'.




## ATAWI'SH BIR BAS AG'ZALI' GA'P

## §16. Ataw ga'p

*73-shi'ni'g'i'w*. Woqi'n'. Yeki bas ag'zali' ha'm bir bas ag'zali' ga'plerdi tawi'p, bas ag'zalari'n atap ko'rsetin'. Shi'ni'g'i'wdag'i' qara ha'rip penen jazi'lg'an ga'plerge di'qqat yetip, wolardi'n' yeki bas ag'zali' ga'plerden wo'zgesheligin tu'sindirin'.

1. Jaz ayi' yedi. 2. Adamlar g'ajja-g'aj bali'q awlawda. 3. **Tu'n**. 4. Jag'i'stag'i' shi'ralar ji'lt-ji'lt yetip ko'rinedi. *(K.S.)* 5. Gu'z keldi. 6. Yegislikler ji'ynali'p, a'tirap si'rdanday dalag'a aylandi'. *(Sh.S.)* 7. **Qatti' suwi'q**. 8. **Qaran'g'i' tu'n**. 9. **Qaqaman qi's**. 10. **Qi'zi'lqum**. 11. **Qi'zi'l qi'ya ken' dala**. 12. Woni' du'nyani'n'

ko'pshiligi biledi. *(T.N.)* 13. **Bir mi'n' tog'i'z ju'z qi'rq u'shinshi ji'l**. 14. **Ba'ha'r**. 15. Ba'ha'r jaynap jasnaydi', a'lemge wo'mir bag'i'shlaydi'. *(«Y.Q.»)* 16. **Tu's awg'an ma'ha'l**. Aqqalag'a qaray sozi'lg'an jol menen mashina zi'mi'rap kiyati'r. *(N.D.)*

Ataw ga'pler belgili zat yamasa qubi'li'sti'n', wori'n ha'm waqi'tti'n' ha'zirgi waqi'tqa qatnasli' atali'wi'n bildiredi. Wolardi'n' is-ha'reketi tuwrali' ayti'lmaydi'. Mi'sali': 1. **To'rtku'l jag'i'si'**. 2. **Bi'q-ji'q adam**. 3. **1943-ji'l**. 4. **Qi's**. **Qaqaman suwi'q.** *(W.X.)* 5. **Tu'n**. Ju'k mashinasi' tuwri' qalag'a qaray jol aldi'. 6. **Dekabr**. Suwi'q kem-kem ha'wij ali'p ati'ri'pti'. *(T.N.)*

Ataw ga'plerdin' keynine noqat yamasa u'ndew belgisi qoyi'li'p jazi'ladi'.

Bas ag'zasi' atawi'sh so'zden bolg'an bir bas ag'zali' ga'ptin' tu'ri **ataw ga'p** dep ataladi'.

Ataw ga'pler du'zilisi jag'i'nan dara so'z yamasa tu'sindiriwshi so'zlerge iye boli'p ken'eyip te keledi: **Ba'ha'r. Jayi'li'p jati'rg'an ken' jazi'q dala. Jer betin ko'k lipasqa bo'lep, ta'biyatqa jasi'l ton kiydirgen qutli' ba'ha'r.** *(T.N.)*

Ataw ga'pler, ko'binese ko'rkem shi'g'armalarda, gazeta-jurnal ocherklerinde qollani'ladi'. Mi'sali': **Alti'n gu'z**. **Tu'n. Terim waqti'**. Terimshiler «aq alti'n» di' qanasi'nan asi'g'a suwi'radi'. *(W.A.)*

***74-shi'ni'g'i'w***. Berilgen ga'plerdi woqi'p, ataw ga'plerdi tabi'n'. Wolardi'n' neshe so'zden du'zilgenin, ma'nisin ani'qlan'.

1. Ba'ha'r tan'i'. Ku'n shug'lasi' Qi'zi'lqum menen Qaraqum arasi'na nur taratti'. *(X.S.)* 2. Avgust ayi'. I'ssi' quyash boyi'n tiklep qarag'an sayi'n zat pitken gu'mistey jarqi'raydi'. 3. Terim waqti'. Terimshiler «aq alti'n» di' shaqqan terip ati'r. 4. Kesh. Brigadani'n' qi'rmani'nda paxtani' qabi'l ali'w ju'rip ati'r. *(W.A.)* 5. Tu'n. Ja'n-jaqqa a'jayi'p ti'ni'shli'q sho'kti. *(A. B.)* 6. Du't tog'ay. Qapi'ri'q i'ssi'. Yelpip yesken jel joq. 7. Qi'zketken!!! Qalayi'nsha usi'lay atalg'an. 8. Jaz ayi'. Shan'qay tu's. Ku'n i'ssi'. A'tirap ji'm-ji'rt. *(J.A.)* 9. 1926-ji'l. Xalqabad ko'shesinde adamlar bir jerge ji'ynalg'an. *(T.Q.)* 10. 1944-ji'l. Iyul ayi'. Tu'n. Aqda'ryani'n' jag'asi' si'g'asqan keme. 11. Su'ttey jari'q tu'n. Aspandag'i' ay alti'n zerendey jarqi'raydi'. *(K.S.)*

***75-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Ataw ga'plerdi tawi'p asti'n si'zi'n'. Ataw ga'plerdin' du'zilisin (dara so'zden bolg'an ba yamasa ken'eytilgen be) tu'sindirin'.

1. 1943-ji'ldi'n' jaz wortasi'. Saratandag'i' tami'lji'g'an i'ssi'. Ulli' sa'ske waqti'. Aq saqalli' shallar, u'lken jastag'i' kempirler ken'senin' qubla ta'repinen sali'ng'an skladti'n' aldi'nda qatara aw ko'ngelep woti'r.

2. Aqda'ryani'n' yeki boyi' si'g'asqan yelat. Bul awi'ldi' «wori's awi'l» dep ataydi'. 3. Yekinshi du'nya ju'zilik uri's ji'llari'. Wol buri'ng'i' 40 jup na'rete worni'na bir wo'zi ju'z juptan aslam na'rete sali'p, Watani'n qorg'awg'a ketken jawi'nger ma'rt-lerge ja'rdem ushi'n ju'zlegen centner bali'q uslap berdi. *(K.S.)*

4. ... Aqda'rya! Jan'arg'an qoni's! Men tu'we atam menen anamni'n' kindik qani' tamg'an jer. Mi'n' du'rkin qi'z-jigit ka'malg'a kelgen yelat. Aqda'rya senin' suli'w ta'biyati'n' wo'z aldi'na g'oy! *(K.S.)*

### Bir bas ag'zali' ga'plerdi ta'kirarlaw ushi'n sorawlar ha'm shi'ni'g'i'wlar

1. Bir bas ag'zali' ga'p dep nege aytami'z?
2. Bir bas ag'zali' ga'plerdin' yeki bas ag'zali' ga'plerden ayi'rmashi'li'g'i' qanday?
3. Bir bas ag'zali' ga'plerdin' tu'rleri qanday?
4. Feyil bir bas ag'zali' ga'plerdin' tu'rlerin ayti'n'.
5. Ne ushi'n feyil bir bas ag'zali' ga'pler iyesi belgili, iyesi belgisiz, iyesi uluwmalasqan ha'm iyesiz ga'p dep atalg'an, atali'w sebeplerin ayti'n'.
6. Ataw ga'p degenimiz ne? Ataw ga'ptin' feyil bir bas ag'zali' ga'pten ayi'rmashi'li'g'i' qanday?

***76-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi kestede ko'rsetilgen bir bas ag'zali' ga'plerdin' feyil bir bas ag'zali' tu'rine bir-bir ga'pten, atawi'sh bir bas ag'zali' ga'pke yeki ga'p woyi'n'i'zdan yamasa ko'rkem shi'g'armalardan tawi'p jazi'n'. Feyil bir bas ag'zali' ga'plerdin' bas ag'zasi'ni'n' asti'n si'zi'p, qanday feyillerden bolg'ani'n ani'qlan'.



## §17. Toli'q ha'm toli'q yemes ga'pler

***77-shi'ni'g'i'w***. Tekstti woqi'n'. Ga'plerdin' toli'q ha'm toli'q yemes boli'p du'ziliw wo'zgesheligine di'qqat yetin'. Toli'q ga'plerdin' bas ag'zalari'n tawi'p ayti'n'.

Serkebaydi'n' shi'rayi'nda ashi'ng'anli'qti'n' belgisi, dawi'si'nda ku'yingenliktin' tolqi'ni' bar yedi. Soni'n' ushi'n da, woni'n' bul ha'diyse tuwrali' heshten'e bilmeytug'i'ni'na isengen son' Jiyemurat so'zdi kesip taslap, shay ishiwin dawam yetti.

— Inim, neli bolasan'? — dedi Serkebay kesesine shay quyi'p.

— Qon'i'ratli'man.

— A'ke-sheshen' bar ma?

— Joq. Jaslayi'mda wo'lgen.

— Anan' nelinin' qi'zi' yekenin bilmeytug'i'n shi'g'arsan'?

— Bilemen, kenegesler dayi'm.

— Wonda qari'n bo'le boli'p shi'qti'q g'oy.

— Men de ali'slap ketpey, jaqi'ni'mdi' tani'p qong'an yekenmen, — dep Jiyemurat ku'ldi. *(T.Q.)*

Jay ga'pler pikir bildiriw ushi'n za'ru'rli ag'zalari'ni'n' toli'q qatnasi'w ya'ki toli'q qatnaspaw wo'zgesheligine qaray **toli'q ga'p** ha'm **toli'q yemes ga'p** boli'p yekige bo'linedi.

Du'zilisi ha'm ma'nilik jaqtan za'ru'rli ag'zalari' toli'q qatnasqan jay ga'p **toli'q ga'p** dep ataladi'.

Toli'q ga'plerde, ko'binese bas ag'zalari' tu'sirilmey qollani'ladi'. Mi'sali': 1. Shi'mi'ri' ayaz joq. 2. Ko'ktin' ju'zi juwi'lg'an aynaday ti'ni'q. 3. Ati'zlarda miynetke ja'wlan urg'an jaslar jumi'sqa pa't yendirmekte. *(A.Bek.)*

Bul ga'plerde pikir bildiriwge za'ru'rli ga'p ag'zalari' toli'q qatnasi'p kelgen.

***78-shi'ni'g'i'w***. Tekstti woqi'n'. Teksttin' qanday stilge qatnasli' yekenin ani'qlan' ha'm tekstten jay ga'plerdi tawi'p, wolardi'n' jay ga'ptin' qanday tu'ri yekenin ayti'n'.

GU'NJI

Gu'nji mayli' yeginler arasi'nda mayli'li'g'i' boyi'nsha birinshi wori'nda turadi'. Da'ninde 50 — 60 procent may bar. Woni'n' mayi' awqatqa, medicinada, konserva ha'm konditer wo'ndirisinde qollani'ladi'.

Ku'ydirmey preslew arqali' mayi'n alg'andag'i' qaldi'q qurami'nda 8 procent may ha'm 40 procent belok boladi'. Woni' konditer sanaati'nda qollanadi'.

Da'ndi ku'ydirip mayi'n alg'annan keyin qalg'an qaldi'q mallar ushi'n jug'i'mli' azi'q boli'p, woni'n' 100 kilogrami' 132 azi'q birligine ten' keledi.

Gu'nji Aziya ha'm Afrika yellerinde a'yyemgi waqi'tlardan beri yegiledi. Ha'zirgi waqi'tta gu'nji O'zbekistanda, Tu'rkmenstanda ha'm Ta'jikstanda yegiledi. Gu'nji suwg'ari'lmaytug'i'n jerlerde 10—12 centner, al suwg'ari'latug'i'n jerlerde 18—20 centner wo'nim beredi. *(«Y.Q.»)*

***79-shi'ni'g'i'w***. Woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an ga'plerge di'qqat yetip, wolarda qanday ag'zani'n' tu'sirilgenin ani'qlan'.

1. — G'arri'g'a da wo'mir kerek, balam!
— Bizge de kerek!!!
— Ba'rimizge de!
2. Ayti'sti'. Ayti'slari' di'm qi'zi'q.
3. Wonday adamdi' ha'rkim de jaqsi' ko'redi.
**Qayerlik yeken? — Shi'mbaydan**. Al, woni'n' ati'n bilmeymen.
4. Mi'rzabektin' u'nine suw quyi'ldi'. **Ishinen ti'ni'p tur**.
— Mi'rzabek, mi'nda kel.
— Qayerge barmaqshi' yedin'?
— **Rayong'a.** *(W.A.)*

Jay ga'plerdin' geyparalari'ni'n' bir yamasa birneshe ag'zalari' buri'ng'i' ayti'lg'an ga'plerden belgili bolg'anli'qtan, stillik jaqtan qaytalanbaw ushi'n tu'sirilip te ayti'ladi'. Bunday ga'pler du'zilisi jag'i'nan toli'q bolmasa da, ma'nilik jaqtan toli'q boladi'. Woni'n' toli'qli'g'i' kontekst yamasa aldi'ng'i' ga'p arqali' ma'lim boli'p turadi'. Mi'sali': 1. — Qaysi' awi'ldan bolasi'z? — Sarayko'ldin' arjag'i'ndag'i' bati'r-molla awi'li'nan. *(Q.D.)*

Da'slepki ga'pte baslawi'sh tu'sirilgen. Son'g'i' ga'pte baslawi'sh ha'm bayanlawi'shti'n' ko'mekshi feyili (bolami'z) tu'sirilgen. Bularda ga'p ag'zalari'ni'n' qatnasi'wi' toli'q bolmasa da, ma'nilik jaqtan toli'q pikir an'lati'ladi'.

Pikir bildiriwge qatnasli’ bas yamasa yekinshi da’rejeli ag’zalari’ni’n’ bir yamasa birneshewi tu’sirilip ayti’lg’an jay ga’pke **toli’q yemes ga’p** delinedi.

Toli’q yemes ga’pler, ko’binese dialoglarda qollani’ladi’.

Mi’sali’:

— Ag’an’ keldi me?

— **Keldi** (baslawi’sh tu’sirilgen).

— **Qashan keldi?** (baslawi’shi’).

— **Won bes minuttay boldi’**. (baslawi’sh ha’m yekinshi da’rejeli ag’zasi’ tu’sirilgen).

Geyde toli’q yemes ga’p qospa ga’ptin’ qurami’nda da ushi’rasadi’. Mi’sali’: Ha’miydulla yesapshi’ boli’p islep ati’rg’an avtobazasi’na, al Fatiyma mektebine ketti. *(Q.D.)*

Bunda stillik talapqa i’layi’q da’slepki jay ga’pte bayanlawi’sh tu’sirilgen.

***80-shi’ni’g’i’w***. Ko’shirip jazi’n’. Toli’q yemes ga’plerdin’ asti’n si’zi’p, wolardi’n’ tu’sirilip qaldi’ri’lg’an ag’zalari’n ha’m toli’q ga’pten wo’zgesheligi tuwrali’ tu’sinik berin’.

1. Fatiyma so’ylep sherin tarqatti’. Sariev istin’ bag’i’ti’n sheshetug’i’n jaqqa buri’p, jas kelinshekke soraw berdi.

— Siz kim boli’p isleysiz?

— Mug’allim boli’p isleymen.

— Qaysi’ mektepte?

— A’jiniyaz ati’ndag’i’ mektepte.

— Familiyan’i’z kim?

— Polatova.

— Ati’n’i’z?

— Fatiyma.

— Sizge kelgen telegrammada, xatta usi’lar jazi’lg’an ba?

— Usi’lardi’n’ barli’g’i’ jazi’lg’an.

— Men ayti’p boldi’m. *(Q.D.)*

2. Yele shag’i’na jetpegen bala yekenin ko’rip, buni’n’ aqi’ri’n an’lag’i’si’ keldi.

— Ati’n’ kim?

— Reyipnazar.

— Awi’li’n’ qayda?

— Da’rya boyi’nda.

— Qaysi’ da’rya?

— Anaw berjaqtag'i' da'rya, — dep qoli'n shoshayti'p, ku'nnin' asti'nan ko'ringen shoqa-shoqa qumlardi' ko'rsetti. *(S.K.)*

***81-shi'ni'g'i'w.*** Televizordan yamasa kinoteatrdan qi'zi'g'i'p ko'rgen kinofilmdi su'wretlep, **«Kinofilm ko'rgennen keyin», «Demali's ku'ni», «Su'yikli awi'li'm»** degen temalardi'n' birin tan'lap qi'sqa gu'rrin' jazi'n'. Jazi'w stilin'iz ko'birek ko'rkem shi'g'arma stilinde bolsi'n. Du'zgen ga'plerin'izde atawi'sh bir bas ag'zali' ha'm toli'q yemes ga'plerdin' qollani'li'wi'n umi'tpan'.

## SO'Z-GA'PLER

### § 18. So'z-ga'pler tuwrali' tu'sinik

***82-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdegi qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge di'qqat yetin'. Wolar bas ha'm yekinshi da'rejeli ag'zalarg'a aji'rati'la ma yamasa tek so'z-ga'p wazi'ypasi'n atqara ma, usi' ta'replerin ani'qlan'.

1. Balam. Qoybag'ar! Talabi'n' won' bolsi'n, baxi'tli' boli'n'-lar. 2. Koncertke barasi'zlar ma? — **A'lbette!** *(«Y.Q.»)* 3. Yaqshi', qalada tani's u'yin' bar ma? — **Joq.** *(S.X.)* 4. **Ya quday!** Seyilbek quwang'ani'nan baqi'ri'p jiberdi. *(X.S.)*

5. **Jolawshi'lar!**
Tuwi'sqanbi'z bilsen'iz,
Biz tani'spi'z,
Awi'li' bir yelatti'n'. *(M.L.)*

6. — **Harman'lar? Iske sa't!**...

— **Bar boli'n'i'z**. Xosh keldin'iz, sapa keldin'iz — desti biren'-saran'. — **Ba'rekella!** Tap waqti'nda kelipsiz, — dep ko'pshiliktin' kewilleri jay boldi'. *(W.X.)*

So'z-ga'pler du'zilisi jag'i'nan, ko'binese bir so'zden, geyde ga'p ag'zalari'na bo'linbeytug'i'n so'zlerdin' dizbeginen boladi'. Wolar intonaciyali'q jaqtan ga'plik belgige iye boli'p keledi.

Bir so'z yaki ga'p ag'zalari'na bo'linbeytug'i'n so'zlerdin' dizbeginen bolg'an ga'plerge **so'z-ga'pler** delinedi.

So'z-ga'pler morfologiyali'q bildiriliwi jag'i'nan maqullaw ha'm biykarlawshi' (awa, joq, yaq, jaq) so'zlerden, modal so'zlerden, tan'laqlardan, modalli'q ma'nige ko'shken gey-para atawi'sh ha'm feyillerden, frazeologiyali'q dizbeklerden boladi'.

So'z-ga'pler ma'nisine qaray maqullaw ya biykarlaw, soraw-juwap, modal, tan'laq, buyri'q, u'rp-a'det ha'm qari'm-qatnas, qaratpa ma'nilerinde birneshe tu'rlerge bo'linedi.

So'z-ga'plerden keyin ayti'li'w maqsetine qaray noqat, soraw yamasa u'ndew belgisi qoyi'ladi'.

## §19. Maqullaw ha'm biykarlawshi' so'z-ga'pler

1. Maqullawshi' so'z-ga'pler tiykarg'i' ga'pten an'lati'lg'an pikirge maqullaw yamasa sog'an kelisim beriw ma'nisin bildiredi. Maqullawshi' so'z-ga'ptin' wazi'ypasi'n *awa*, *bar*, *a'lbette*, *duri's*, *tuwri'*, *mu'mkin*, *maqul*, *a'jep*, *yaqshi'*, *meyli*, *ju'da' jaqsi'*, *ju'da' maqul* t.b. modal so'zler atqaradi'.

So'z-ga'plerdin' bul tu'ri soraw-juwap tu'rindegi dialog ga'plerde ko'plep ushi'rasadi'. Mi'sali': 1. Qaysi' Mi'rzag'ul wol. Sizin' klastag'i' ma? — **Awa.** *(Sh.A.)* 2. Sonda woni' usi' jerge tigesiz be? — **A'lbette.** *(W.X.)* 3. Duri's pa, joldas Da'wletov?— **Duri's.** *(T.Q.)* 4. Bu'gin qayda, kimnin' u'yinde qonasi'z? — Sizin' u'yde. — **Ju'da' jaqsi'.** *(S.X.)*

2. Biykarlawshi' so'z-ga'pler tiykarg'i' ga'p arqali' ayti'lg'an pikirge so'ylewshinin' biykarlaw ma'nisindegi juwabi'n yamasa kelisim bermeytug'i'ni'n bildiredi. Bul ga'ptin' wazi'ypasi'n **joq, yaq, yag'-a', hesh, hesh na'rse, heshqanday, duri's yemes, naduri's** t.b. biykarlaw ma'nisindegi so'zler atqaradi'. Mi'sali':

Wol kisi u'yinde bar ma?

— **Joq.**

— Ayparsha, ji'lag'anbi'san'?

— **Joq.** *(G.I.)*

Siz ayi'bi'n'i'zdi' moyi'nlaysi'z ba? — **Yaq**. Joldas Bekasov, siz wo'zin'izdin' yetken ha'reketin'iz tuwrali' ne aytasi'z? — dep soradi' wonnan Qasqatayev biraz jumsari'p. — **Hesh na'rse.** *(Sh.A.)*

***83-shi'ni'g'i'w***. Woqi'n'. Maqullaw ha'm biykarlawshi' so'z-ga'plerdi tawi'p, wolardi'n' qanday so'z shaqabi'nan bolg'ani'n ha'm qanday ga'plerdin' qurami'nda kelgenin ayti'n'.

1. Sen Uri'qli'dag'i' Womardi' bilesen' be? — **Awa**, bilemen. 2. Balalar, sizler ash bolg'an shi'g'arsi'z. — **Awa**. Ha'zir tamaq boladi'. 3. Tamaq berse, kiyim berse, ketip qalmaysi'z ba? — **Joq**... **Joq**... Ketpeymiz. 4. Boldi'n'i'z ba? — Boldi'q. Boldi'q. 5. Keshke shekem ash bolmaysi'z ba? —**Joq**... **Joq**... Ash boladi' degen ne... . *(N.D.)* 6. Balan'i'z bar ma? — Bar. 7. Haw senbisen'?—deppen. Awa, men. 8. Jaran' qalay? — dep soradi' serjant. — **Hesh na'rse yemes**. 9. Mi'nalar menen ali'sami'z ba? — **A'lbette.** *(N.D.)*

***84-shi'ni'g'i'w***. Ko'rkem shi'g'armalardan dialog tu'rindegi maqullaw ha'm biykarlawshi' so'z-ga'plerdin' ha'r qaysi'si'na 3 ga'pten 6 ga'p tawi'p jazi'n'. So'z-ga'plerdin' qanday so'zlerden bolg'ani'n tawi'p ayti'p berin'.

## §20. Soraw ha'm tan'laq so'z-ga'pler

1. Soraw so'z-ga'pler tiykarg'i' ga'pten an'lasi'lg'an pikirge qatnasli' so'ylewshinin' sorawi'n bildiredi. So'z-ga'plerdin' bul tu'ri *nege, newe, ne ushi'n, ya, solay ma, ma'selen, i'rastan ba, duri's pa, solay de, bul nesi, qa'ydem* t.b. so'zler arqali' bildiriledi.

Soraw so'z-ga'pler ani'q soraw ma'nisinde keliw menen qatar, emocional-modalli'q ma'nige iye boladi'. Mi'sali': 1. Bug'an xojali'q basshi'lari' ayi'pli', — dedi brigadir. — **Nege?** Direktordi'n' qi'sqa ha'm qatal sorawi' Aralbayevti' albi'ratti'. Brigadir menen ma'lelimiz ko'p — **Nege?** Bi'yi'l brigadir ku'ta' qi'ti'mi'r. Bi'lti'r bunkerdi neshe kilogramm-g'a jazsa, bi'yi'l jarti'si' da joq. — **Ne ushi'n?** Siz ruqsat yetpeytug'i'n ko'rinesiz. *(T.Q.)* 2. — **Awa**. Wol qi'z Mi'rzan ag'ani'n' u'yinde toqtag'an yeken. Mi'rzan ag'ani' bir jawi'z ati'p ketipti. — **Ya? Ne ushi'n?**

Soraw so'z-ga'plerdin' keynine soraw belgisi qoyi'ladi'.

2. Tan'laq so'z-ga'pler tiykarg'i' ga'pten an'lasi'lg'an pikirge, waqi'ya, ha'diyselerge so'ylewshinin' ha'r tu'rli tuyg'i'-sezimlerin (tan'lani'w, qayg'i'ri'w, quwani'w t.b.) bildiredi. Tan'laq so'z-ga'plerdin' xi'zmetin, ko'binese tan'-laqlar atqaradi'. Mi'sali': 1. **Uwh!** Jumagu'l bir gu'rsindi. *(T.Q.)* 2. **Woho!** Ag'amni'n' qoli' tap temirshi ustani'n' qoli'nday sira' qayi'spaydi'. *(A.Bek.)* 3. **Yasha-a!** Ha'miy-dulla yendi tiri qaldi'. *(A.S.)*

Geypara tan'laq so'z-ga'pler buyri'q ma'nisinde de keledi. Buyri'q ma'nisindegi tan'laq so'z-ga'plerdin' wazi'ypasi'n modalli'q ma'nige wo'tken feyiller, tan'laqlar ha'm yeliklewish so'zler atqaradi'. Mi'sali': 1. **Boldi'!** Usi' ku'lgenin'iz jeter, — dep ashi'wlang'an yedi. 2. **Wo'sh**. Wol ga'pin' biykar. *(A.S.)* 3. **Shuw!** — dep a'kem ala wo'gizge shi'bi'q ko'terdi. *(Q.D.)* 4. **Posh! Posh!** jol ber, shi'g'i'n' bir shetke. *(M.T.)* 5. **Hi'qq! Shuw!** — degen dawi'slar ha'r jer-ha'r jerden yesitile basladi'. *(A.S.)*

Tan'laq so'z-ga'plerdin' keynine ayti'li'w intonaciyasi'na qaray u'ndew, noqat belgileri qoyi'ladi'.

***85-shi'ni'g'i'w***. Ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Soraw so'z-ga'plerdi tawi'p, asti'n si'zi'n'. Soraw so'z-ga'plerdin' qanday so'zler arqali' bildirilgenin ha'm ma'nisin ani'qlan'.

1. — Men sag'an bayag'i'da ne degen yedim. Da'wletovqa qamari' boyarka kiygizbedin' be?

— Kiygize almadi'm.

— Nege?! Wo'z waqti'nda nege aytpadi'n'. 2. U'sh ku'nlikte a'kesi menen birge ko'ship keldi.

— A'kesi menen keldi? Qalayi'nsha? Wol Aral jag'i'si'ndag'i' bali'qshi' yedi g'oy.

3. — Men bu'gin Yerjan Serjanovqa i'razi' boldi'm, — dedi Qudaybergen.

— Buri'n-she?! — dedi ko'pshilikten bir adam. Bu'gin haqi'yqattan i'razi'man.

— Ne ushi'n? Kesip ayt,— dedi ja'ne dawi'slar.

4. Serjanov biraz tan'lang'an tu'r bildirdi.

— Solay ma? *(T.Q.)*

5. — Ag'a, waqti'nda shi'qqan ku'ndi qayti'p uyasi'na ti'g'a almaysan'— Ya, ya? Mi'naw ne deydi-a'y. *(S.X.)*

***86-shi'ni'g'i'w***. Woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge di'qqat yetip, wolardi'n' son'i'na ne ushi'n u'ndew ha'm noqat belgileri qoyi'lg'ani'n tu'sindirin'.

1. **Uwh!** Menin'she, woni' G'ayi'pxan demey, G'ayi'p jumbaq degen abzal. *(T.Q.)* 2. — Sen ma'rtpisen'? Na'ma'rtpisen'? — **Haw!** Wo'zin na'ma'rt deytug'i'n adam bar ma? *(X.S.)* 3. — **Ya quday!** Seyilbek quwang'ani'nan baqi'ri'p jiberdi. *(X.S.)*

4. **Yapi'rmay-a!** Qorqi'ni'shli' yemes pe? *(Sh.A.)* 5.—**Wo'sh!** Wol ga'pin' biykar. *(A.S.)* 6.—**Qoysan'-a!**—dep Bektay jalt buri'ldi'. *(Sh.A.)* 7. **Posh! Posh!** Jol ber, shi'g'i'n' bir shetke. *(M.T.)*

***87-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Tan'laq ha'm buyri'q so'z-ga'plerdi tawi'p, wolardi'n' qanday so'z shaqaplari'nan bolg'ani'n ha'm ma'nisin ayti'n'.

1. — Siz nege taqtaylardi' satti'n'i'z?

— Haw! Men qalay taqtay sataman? — dedi qarawi'ldi'n' hayrani' shi'g'i'p. Taqtaylardi'n' iyesi PMK ni'n' prorabi' boladi'. *(T.Q.)*

2. — Yapi'rmay-a! Haw, wonda suwg'a ati'lg'an kim yeken?

— Ya qudayi'm-ay, wo'zin' pana bol!...

— Pay, Ja'ha'ngirdin' ju'rimi bar yeken dag'i',— dep Ha'kimbay birden biyhushlandi'.

— Haw, taqsi'r, haw!... Mi'naw ne qi'ladi'? — dep molla Yaqi'pti'n' urqanati' ushi'p, qatti' qorqi'p ketti. *(W.X.)*

3. Jit! Jit! — dep jan'a kelgen Xojanazar Qa'dirbaydi'n' qasqi'rday iytlerin kesekledi. *(A. Bek.)* 4. Woho! Qanday sheber usta boli'p, jetisip shi'qti' (J.S.). 5. A'ttegenay! Mashina pitpey qaldi'. *(W.A.)* 6. Ba'rekella! Mine, buni' qaharmanli'q dese boladi'. *(R.F.)*

## §21. Qaratpa so'z-ga'pler

Qaratpa ma'nisindegi so'zler wo'z aldi'na ga'plik intonaciyag'a iye boli'p, qaratpa (vokativ) so'z-ga'p xi'zmetinde keledi. Wolar ti'n'lawshi'g'a qarata di'qqat awdari'w, qarati'w, shaqi'ri'w ma'nilerin bildiredi. Qaratpa so'z-ga'plerden keyin u'ndew belgisi qoyi'ladi': **A'diwli xalqi'm! Hu'rmetli bawi'rlaslari'm!** Wo'sken jerimdi, sizlerdi ko'rip sheksiz quwani'shtaman. *(W.A.)*

Qaratpa so'z-ga'pler, ko'binese apa, ag'a, ata, balam, xalayi'q, joldaslar t.b. si'yaqli' g'alabali'q atli'qlar, geypara menshikli adam atlari' ha'm turaqli' dizbekler arqali' bildiriledi.

Qaratpa so'z-ga'pler tiykarg'i' ga'pke qatnasli' to'mendegi ma'nilerdi an'latadi':

1) jay qarati'w, di'qqat awdarti'w ma'nisinde keledi: **Balam!** Men aqi'lsi'zli'q yetip, jasi'mda medresege tu'se almadi'm. *(K.S.)*

**Gagarin!**

Bosli'qqa su'n'gip ush ba'lent. *(A.X.)*

2) buyri'q ma'nisin bildiredi: 1. — A'y, tabelshi! Qosjanovqa ayti'p bar, wo'zin-wo'zi urlaytug'i'n tabelshi kerek yemes. *(T.Q.)* 2. **Tolg'anay! Brigadir!** Tur. Uyqi'n'di' ash! — dep daladan birew baqi'rdi'. *(Sh.A.)*

3) emocional-ekspressivlik ma'nide keledi: **Ha'y, shi'mshi'q! Qi'rg'i'y bolg'i'si' kelgen shi'mshi'q!** I'zg'ardan shan' shi'g'arajaqsan' ba? — dedi Maman biy. *(T.Q.)*

***88-shi'ni'g'i'w***. Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Qaratpa so'z-ga'plerdi tawi'p, wolardi'n' qanday so'z shaqaplari'nan bolg'ani'n ha'm ma'nilerin ani'qlan'.

1. Joldaslar, — degen yedi sonda Da'wletov — bizin' Ana A'mu'wda'ryami'zdi' ko'z aldi'n'i'zg'a keltirin'ler. Bir waqi'tlari' wol toli'p-tasi'p ag'atug'i'n yedi. 2. Mag'luwmatnama bersem bola ma? — dedi wol qol ko'terip. Quri'ltaydi' basqarti'p woti'rg'an basli'q woni' jaqti'rmay: — Mag'luwmatnama son' boladi', joldas Serjanov! — dedi. 3. Woo, ja'rdemshi! Men wo'zimnin' ju'gimdi sherek a'sirge shamalas waqi'ttan bergi jag'i'nda heshkimge ko'tertpegenmen. 4. — Qi'zi'm, — dedi Nurjan g'arri' Sha'riypag'a bet buri'p. — Sen bir ga'pin'de Veneciya degen qalani'n' suw asti'na bati'p barati'rg'ani' jo'ninde aytqan yedin'. Sol i'ras ga'p pe? *(T.Q.)* 5. Ha'y balalar! Qaydasi'zlar? Dawi's berin'ler?! — dep baqi'rdi'm. *(Sh.A.)* 6. Xalayi'qlar! — dedi Yolshi' toli'qsi'p. Bos kelmen'ler, ayaqti' tirep, ku'shti ko'rsetiw kerek. *(M.A.)*

***89-shi'ni'g'i'w***. Ko'rkem shi'g'armalardan qarasti'ri'p, so'z-ga'plerdin' ha'rbir tu'rine yeki ga'pten tawi'p jazi'n'. Ne ushi'n so'z-ga'p dep atalatug'i'ni'n, ma'nilerin tu'sindirin'.

**Toli'q yemes ga'p ha'm so'z-ga'plerdi ta'kirarlaw ushi'n sorawlar ha'm shi'ni'g'i'wlar**

1. Qanday ga'pler toli'q yemes ga'p dep ataladi'? Woni'n' toli'q ga'pten ayi'rmashi'li'g'i'n ayti'n'. Mi'sal keltirin'.
2. Toli'q yemes ga'pler, ko'binese qanday ga'plerdin' qurami'nda keledi?
3. So'z-ga'pler qanday so'z shaqaplari' arqali' bildiriledi?
4. So'z-ga'pler qanday tu'rlerge bo'linedi?
5. Maqullawshi' ha'm biykarlawshi' so'z-ga'plerdi ayti'n' ha'm mi'sallar keltirin'.
6. Tan'laq so'z-ga'plerdin' xi'zmetin qanday so'zler atqaradi'?

***90-shi'ni'g'i'w***. Tekstten toli'q yemes ga'plerdi tawi'p, wolarda qaysi' ag'zani'n' tu'sirilgenin ani'qlan' ha'm sol toli'q yemes ga'plerdi toli'q ga'p yetip ko'shirip jazi'n'.

1. Menin' aytqanlari'mdi' jazdi'n' ba? — dedi biy. — Jazdi'm, biy ag'a.

2. — Sen kimnin' balasi'san'? — Su'yinnin' balasi'man. — Ati'n' kim? — Yesemurat. Qaraqum ha'zirette woqi'di'm. Ka'mbag'alli'q arqasi'nda bi'yi'l woqi'wg'a bara almay qaldi'm.

— Qaraqum ha'zirette neshe ji'ldan bermag'an woqi'ysan'?

— Tog'i'z ji'l boldi'.

— Jasi'n' neshede?

— Jigirma alti'da.

— Tag'i' qansha woqi'w kerek?

— Tag'i' bes-alti' ji'l woqi'ymi'z g'oy, ag'a.

3. Wol zatlari'n ashi'p qoyi'p, xali'qlarg'a ko'rsete basladi'.

— Mi'nawi'n'a neshe ten'ge bereyin? — dedi birew.

— Bir yari'm ten'ge.

Monshaqti' uslap bir hayal:

— Ag'a, mi'nawi'n'a ne bereyin?

— Yeki ten'ge bere g'oy?

— Wojawi'n'a ne aytasan'?

— Bir ten'ge.

— Men aldi'm, — dedi Ayparsha kempir. *(S.Ari's.)*

***91-shi'ni'g'i'w***. Woqi'n'. So'z-ga'plerdi tawi'p, wolardi' ma'nisi boyi'nsha so'z-ga'plerdin' qaysi' tu'ri yekenin ayti'n'.

1. Apa-a! — dep Palwan iship woti'rg'an shayi'n jerge qoydi'.

— Joldaslar! Men sizlerge jasi'ri'n si'rdi'n' tu'yinin aytpaqshi' boli'p woti'rman. *(S.A.)*

2. — Demek, meni quwatlaysi'z? Qosi'lasi'z?

— A'lbette. Qosi'lami'z. *(T.Q.)* 3. A'lbette, paxta bizin' ko'zimizdin' qarashi'g'i'nday qa'dirli. 4. Mu'mkin, Ma'lpey soyaqta shi'g'ar. — Itimal. 5. — Demek, ha'r ji'li' qosi'li'p baradi' yeken da'.

— A'lbette. Aqi'ri' bi'yi'l ushpa tu'ynek salg'an ju'zim yendigi ji'li' si'ri'g'i'p qalmay ma? 6. — Qalamasi'n tez boli'p taslarsan'. — A'jep. 7. Bay-bay! Qayta qalada ko'rmegenin'di ko'rip, qi'zi'qqa batasan'. *(W.X.)* 8. Ha'sseniy! Tap sol Da'rmenbaydi'n'

wo'zi tawi'p ju'rgen ba'le yemes pe yeken? 9. Jekkeshilik jaman. Uwh-uwh! *(T.Q.)*

## BIRGELKILI AG'ZALI' GA'PLER

### §22. Ga'ptin' birgelkili ag'zalari' tuwrali' tu'sinik

***92-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zler qanday grammatikali'q qurallar arqali' baylani'sqani'n, qaysi' so'z benen ma'nilik baylani'sqa tu'skenin, sorawlari'n ha'm bul di'qqat yetilgen so'zlerdin' ga'ptin' qanday ag'zalari' dep atalatug'i'ni'n ani'qlan'.

Japti'n' yeki boyi'nda yeki jal g'ana tut ag'ashlari' yegilgen. Ten'gedey japi'rag'i' joq shoshayi'sqan **putaqlar** menen sobi'rayi'sqan **shaqalar** qalg'an. **Qa'lligu'l** menen **Abadan** rayondag'i' ataqli' pillekeshlerdin' biri yedi. Wol waqi'tta Abadan ku'ta' **saldamli', so'zleri jupker, woyshi'l** hayal yedi. Soni'n' ushi'n da, Qa'lligu'l Abadang'a birinshi ku'nnen baslap-aq yeliklewdi maqul ko'rip qalg'an yedi. Bul ushi'n wol pillekesh boli'wdan basladi'. Qa'lligu'l juwapkershilikti basqalardan kem sezbedi. Nawqan ma'wsimi baslanaman degenshe pillekeshlik boyi'nsha ko'p adamlar menen **ken'esti, woylasti', si'rlasti'.** *(T.Q.)*

Birgelkili ag'zalar yeki yamasa birneshe so'zlerdin' bir-birine g'a'rezsiz ten' ma'nili sintaksislik baylani'si'nan du'ziledi. Wolar ga'pte neshew bolsa da, bir sorawg'a juwap beredi ha'm bir ag'zani'n' xi'zmetin atqaradi'. Ga'pti'n' barli'q ag'zalari' birgelkili ag'za xi'zmetinde keledi.

Birgelkili ag'zalar intonaciya ha'm dizbeklewshi da'nekerler arqali' baylani'sadi'. Intonaciya arqali' baylani'sqan birgelkili ag'zalardi'n' arasi'na u'tir qoyi'li'p jazi'ladi'. Mi'sali': 1. Ko'z ushi'nda tolqi'nlani'p ko'ringen **bag'lar**, qali'n' **terekler** a'tirapti' a'jayi'p tu'ske bo'lep tur. *(G.I.)* 2. Bul sapari' wol tawg'a **du'rmiyinin de**, **portfelin** de ali'p kelgen yedi. 3. Da'ryani'n' arg'i' jag'asi' **tikjarli' ha'm tog'ayli'q**. *(Sh.A.)*

Ma'nileri wo'z ara ten' boli'p dizbeklese baylani'sqan yeki ya birneshe ag'zalarg'a ga'ptin' **birgelkili ag'zalari'** delinedi.

**An'lati'w:** Ga'ptin' ma'nisin ku'sheytiw ushi'n yamasa dawi's i'rg'ag'i'na baylani'sli' ta'kirarlani'p qollani'lg'an

so'zler birgelkili ag'za bola almaydi'. Mi'sali': Wol **ba'rin, ba'rin** jalan' ayaq gezgenlerin yesledi. *(T.Q.)*

Aspani'n'da kepter qanat **qag'adi', qag'adi'**,
Jollari'n'da xali'q ka'rwan **ag'adi', ag'adi'**.

*(I.Y.)*

***93-shi'ni'g'i'w***. Woqi'n'. Ga'ptin' birgelkili ag'zalari'n tawi'p, wolardi'n' qaysi' ag'zag'a qatnasli' yekenin, sorawlari'n, qalay baylani'si'p kelgenin ayti'n'.

1. Tikjarlardi'n' u'stin qaplag'an qayi'n'lar menen osinalar qi'zg'i'sh, sari' ren'ge do'nedi. 2. Bul jerden tawdi'n' janbawi'ri'ndag'i' say ani'q ha'm jaqsi' ko'rinedi. *(Sh.A.)* 3. Ha'rbir u'yde elektr shi'rag'i', radiotochka bar. 4. Neft ha'm gaz xali'q xojali'g'i'nda paydalani'ladi'. *(«Y.Q.»)* 5. Sadulla ag'a jerge, suwg'a iye boldi'. *(N.D.)* 6. Wolar ken'sede ko'p waqi't woti'rdi', woylasti' ha'm ken'esti. *(J.A.)* 7. Ga'p adamgershilikte, uqi'pta ha'm iskerlikte. *(W.X.)*

***94-shi'ni'g'i'w***. Ko'shirip jazi'n'. Birgelkili ag'zalardi'n' asti'n si'zi'p, wolardi'n' qanday so'z shaqaplari' arqali' bildirilgenin ha'm wo'zi baylani'sli' ag'zag'a qatnasli' qanday sorawlarg'a juwap berip kelgenin, qaysi' ag'zani'n' xi'zmetinde yekenin tu'sindirin'.

1. Wol jerde mal padasi'z ha'm tan'basi'z jayi'ladi'. 2. Qalani'n' worta jerinde ma'deniyat u'yi, worta mekteptin' jayi', dem ali'w bag'i', miymanxana ha'm usi' si'yaqli' basqa da ma'kemelerdin' jaylari' yeski Qon'i'ratti' i'si'ri'p shi'g'ari'p, qalani' jan'arti'p tur. *(I.Y.)* 3. Wol qaraqalpaqsha, wo'zbekshe, tu'rkmenshe, russha mu'ltiksiz so'yleydi. 4. Wol joldaslari' menen biraz woylasti' ha'm ken'esti. *(J.A.)* 5. Taza hawadan, nurlani'p shi'qqan ku'nnen, jag'i'mli' yesken samaldan adamzat penen janli' maqluqatlar ra'ha't aldi'. *(T.Q.)* 6. Aq biydaydi'n' uni'nan islengen sho'rek, sari' mayg'a pisirilgen bawi'rsaqlar dasturqanda u'yilip tur. *(G'.S.)*

## §23. Birgelkili ag'zalardi' baylani'sti'ri'wshi' qurallar

***95-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdegi qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge di'qqat awdari'n'. Wolardi'n' qanday grammatikali'q qurallar arqali' baylani'sqani'n ani'qlan'.

1. Qi’zi’m ku’ta’ **miynet su’ygish, g’ayratli’, hu’jdanli’, anasi’nday ar-nami’sli’.** *(A.Bek.)* 2. **Shamurat** ha’m **Seydulla** — awi’li’mi’zdi’n’ ataqli’ paxtakeshleri. 3. Shamurat — **jer** ha’m **paxta** menen ku’ta’ tu’sinikli tilde so’ylese biletug’i’n adam. *(I.Y.)* 4. Ko’k jipektey ko’gergen **jon’i’shqalar**, g’ali’day qulpi’ do’nip jatqan **gu’zlik biydaylar,** uzag’i’raqta dirildep **sag’i’mlar** ko’rinedi. *(M.D.)* 5. Bizler wolardi’ **uzaq** ha’m **ko’p** ku’ttik. *(J.Sap.)* 6. Bizler jaqta ga’ **jawi’n**, ga’ **burshaq** jawi’p turadi’. *(Sh.A.)*

Ga’ptin’ birgelkili ag’zalari’ da’nekersiz intonaciya ha’m dizbeklewshi da’nekerler arqali’ baylani’sadi’.

1. Da’nekersiz intonaciya arqali’ baylani’sqan birgelkili ag’zalardi’n’ arasi’na u’tir qoyi’ladi’: Awi’ldi’n’ si’rti’nda **mallar, buzawlar, qoy-yeshkiler** jayi’li’p ju’r. *(A.W.)* Men woni’ a’ri-beri **izlestirdim, tappadi’m.** *(W.X.)*

2. Birgelkili ag’zalar **biriktiriwshi** (ha’m, ja’ne, tag’i’, menen (benen, penen), da/de), **qarsi’las** (biraq, lekin, sonda da, so’ytse de, degen menen), **awi’spali’** (ya, yaki, yamasa, bolmasa, ya bolmasa, ne), **gezekles** (ga’, ga’hi, bir, birese, birde, geyde, bazda, a’ri) da’nekerleri arqali’ baylani’sadi’. Mi’sali’: 1. Ko’sheler ku’ndegige qarag’anda azada **ha’m** kewilli ko’rinedi. *(Q.A.)* Wol **ja’ne** qaraydi’, **ja’ne** qosi’g’i’n dawam yetedi. *(M.D.)* 2. Wol az g’ana woylani’p turdi’, **biraq** u’ndemedi. *(L.T.)* Wol tayi’p tu’sip ji’g’i’ldi’, **sonda da** jatqan jerinen ushi’p turdi’. *(K.S.)* 3. Heshkim **ya** maqullamaydi’, **ya** qasari’spaydi’. *(T.Q.)* 4. Wol jipektey jumsaq qoli’ menen **ga’hi** basi’mnan**, ga’hi** shashi’mnan si’ypaydi’. *(W.X.)*

3. Birgelkili ag’zalar intonaciya ha’m da’nekerlerdin’ aralas keliwi arqali’ da baylani’sadi’. Mi’sali’: Agronom Ju’ginis Yerlepesov *Allanazarovti’, Yelmuratti’, Wo’mirniyazovti’* ha’m *Gu’lsa’nemdi* qatti’ si’ng’a aldi’. *(J.Sap.)*

***96-shi’ni’g’i’w.*** Ko’shirip jazi’n’. Birgelkili ag’zalardi’n’ asti’n si’zi’p, wolardi’n’ qanday grammatikali’q qurallar arqali’ baylani’sqani’n tu’sindirin’.

Qanday ken’ menin’ tuwi’lg’an yelim,
Tog’aylar, da’ryalar, ko’ller ko’p wonda.

Arqa ten'izlerden, tu'slik tawlardan,
Tap ali's jerlerge shekem,
Usi' ken' dalani'n' iyesi adam,
Qushaq jetpes Watani'mdi' ji'rlayman.

Woqi'wg'a, islewge ha'm dem ali'wg'a,
Ha'r adamni'n' barli'q waqta yerki bar.
Usi' dan'qli' so'zdin' ulli' ma'nisin,
Joq yete almaydi' heshqanday ji'llar.

*(M.L.)*

A'mu'w asaw yedi,
Ju'wensiz yedi,
Wo'ner, bilim menen ju'wenlep berdin'.
Suwlar jetkerip,
Bag'lar ko'gertip,
Sen ashti'n' baxti'n yeldin' ha'm jerdin'.

*(N.J.)*

***97-shi'ni'g'i'w***. Woqi'n'. Birgelkili ag'zali' ga'plerdegi da'nekerlerdi tawi'p, wolardi'n' da'nekerdin' qaysi' tu'ri yekenin ha'm birgelkili ag'zalardi' baylani'sti'ri'w ma'nilerin ayti'n'.

1. Yelmurat atani'n' wo'zi de jerindegi jemisli ag'ashlar menen ko'klerge qarap tan'landi'. 2. Wol bag'da woti'rg'an Yelmurat penen Arzi'wdi' ko'rdi. *(J. A.)* 3. Maman quwandi', biraq marapatlanbadi'. 4. Shi'damadi', tag'i' ta'kirarladi'. 5. Heshkim ya maqullamaydi', ya qasari'spaydi'. *(T.Q.)* 6. Ne ati'z-shelde, ne jolda qi'bi'rlag'an jan joq. *(W.B.)* 7. Ta'biyat ji'lma-ji'l wo'zinin' ma'wsimi kelip, az irkilis jasaydi' da, ja'ne aldi'na qaray zi'rlay beredi. *(W.X.)* 8. Wol ku'ni-tu'ni qi'rman basi'nda, bolmasa da'n qabi'llaytug'i'n stanciyada, yamasa jolda ju'retug'i'n yedi. *(Sh.A.)* 9. Ji'li'mni'n' qalqi'lari' birese bati'p, birese ko'rinip turadi'. *(W.A.)*

***98-shi'ni'g'i'w***. To'mendegi kestede ko'rsetilgen da'nekerlerdin' ha'rbir tu'rine 2 ga'pten yadi'n'i'zdan ga'p du'zin' ha'm wolardi'n' birgelkili ag'zalardi'n' arasi'n baylani'sti'ri'w ma'nilerin tu'sindirin'.




## §24. Birgelkili bas ag'zalar

***99-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n', wolarg'a sorawlari'n qoyi'w arqali' bas ag'zalardi' tawi'p ayti'n'.

1. Wortag'a dasturqan jayi'li'p, nan, pechenye, qant, konfeta qoyi'ldi'. *(A. Bek.)* 2. Babalari'mi'z dana bolg'an, bilgen. 3. Shayi'q ko'p so'ylemeydi, woyli'. 4. So'ylesiwleri, woti'ri'p-turi'wlari' ha'mmege ibrat alarli'q, jen'il, shaqqan, a'lpayi'm. *(T.Q.)* 5. Sali'ng'an jay, yegilgen yeginler, jer menen daraqlar qali'p qoyg'an. *(J.A.)* 6. Qi'sqi' tolqi'ndag'i' qayi'qtay wo'rkesh-wo'rkesh qumlarg'a birese wo'rmelep, birese si'rg'i'ydi'. *(Sh.S.)*

**1. Birgelkili baslawi'sh.** Jay ga'plerdin' qurami'nda bayanlawi'sh penen baylani'sqan ataw formadag'i' yeki yamasa birneshe so'zlerdin' ten' ma'nili dizbegine **birgelkili baslawi'sh** delinedi. Birgelkili baslawi'shlar bir-biri menen intonaciya ha'm da'nekerler arqali' baylani'sadi': Jer de, janli' maqluqlar da, ha'mme tiri zat qi'sqi' uyqi'dan woyandi'. *(W.X.)*

**2. Birgelkili bayanlawi'sh.** Jay ga'plerdin' qurami'nda baslawi'shti'n' yeki yamasa birneshe is-ha'reket belgisin bildirip kelgen ten' ma'nili so'zlerdin' dizbegine **birgelkili bayanlawi'sh** delinedi. Birgelkili bayanlawi'shti'n' xi'zmetin, ko'binese betlik feyiller ha'm atawi'sh so'zler atqaradi': Bul bari'si'nda wol heshkimnin' so'zin **ti'n'lamaydi' da, so'ylespeydi de, do'geregine qaramaydi'.** *(I.Q.)* Da'ryani'n' yeki jag'asi' jasi'l aq terektey sallang'an qami's, pishen, jeken. *(K. S.)*

***100-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Birgelkili baslawi'shti'n' asti'n si'zi'p, woni'n' qaysi' ag'za menen baylani'si'p kelgenin ha'm bildiriliwin ani'qlan'.

1. Wo'tkinshi de, ketkinshi de, bazarshi' da, shopan da, sharwa da usi'lar haqqi'nda soraytug'i'n yedi. *(J.A.)* 2. Serjan da, A'met te wa'deli ku'ni kelmedi. *(T.Q.)* 3. Gu'di biyiklegen sayi'n basi'na qami's shi'g'ari'w, tasi'w qi'yi'ng'a tu'sti. *(W.A.)* 4. Maqtap woti'rg'ani', ya basqa na'rse woylap woti'rg'ani' tosi'nnan aralasqan adamg'a belgisiz. *(W.A.)* 5. Shanani'n' shi'qi'rli'si', atlardi'n' du'biri, adamlardi'n' shawqi'm-su'reni ten'iz u'stin bazar yetti. *(K.S.)*

***101-shi'ni'g'i'w***. Woqi'n'. Birgelkili bayanlawi'shti'n' qaysi' ag'zag'a qatnasli' yekenin ha'm bildiriliwin tu'sindirin'.

1. Wol gu'pisinin' jag'asi'n jaqsi'lap qi'mtadi' da, qardi' si'qi'rlati'p ju'rip ketti. *(T.Q.)* 2. Bir jerde ko'rgenge shi'rami't-ti'm, biraq yesley almadi'm. *(Sh.S.)* 3. Bul ko'ldin' qami'si' menen jekenin paydalang'an, qus atqan. *(I.Y.)* 4. Nurjamal to'rge quraqli' ko'rpeshe jayi'p, dasti'q tasladi'. *(K.S.)* 5. Qublani'n' samali' jumsaq, jag'i'mli'. *(T.Q.)* 6. Ku'sh bizde, sende, anaw jigitte, xali'qta. *(A.Bek.)*

***102-shi'ni'g'i'w***. Ko'shirip jazi'n'. Birgelkili bas ag'zalardi'n' asti'n si'zi'p, wolardi'n' qanday qurallar arqali' baylani'si'p kelgenin ha'm baylani'si'w ma'nilerin ani'qlan'.

1. Traktordi'n' gu'rildisi, mashinani'n' gudogi, baltalardi'n' toqi'ldi'si', adamlardi'n' g'awi'rli'si' usi' ka'rada u'lken jumi'slar-di'n' islenip ati'rg'ani'nan xabar berip tur. *(J. Sap.)* 2. Biz yeke-wimiz a'stelep dalag'a shi'qti'q ta, ko'l jag'alap qi'di'ri'p kettik. *(A'.T.)* 3. Bizin' urani'mi'z hadal miynet yetiw, woqi'w, islew. *(X.Sap.)* 4. Dawi'l birese pa'seyip, birese ku'sheyip ketedi. *(K.S.)* 5. Ilimpaz da, jazi'wshi' da bilimdi mektepten aladi'. *(«Y.Q.»)*

## §25. Birgelkili yekinshi da'rejeli ag'zalar

**Birgelkili ani'qlawi'sh.** Zat ha'm zatli'q ma'nidegi so'zlerdin' yeki yamasa bir tu'rdegi birneshe belgilerin bildiretug'i'n so'zlerge **birgelkili ani'qlawi'sh** delinedi: **At jaqli', sari' si'nli', qoy ko'zli, worta boyli'** qi'z tusi'nan wo'tip barati'rg'ani'n Abatti'n' ko'zi shaldi'. *(T.Q.)* Ti'n' ha'm partaw jerlerdi wo'zlestiriw xalqi'mi'zdi'n' ma'rtlik isi boldi'. *(Gazetadan)*

Ani'qlawi'shti'n' yeki tu'ri de — jupkerlesiwshi ha'm izafetlik ani'qlawi'shlar birgelkili boli'p keledi: Ashi'lg'an yesikten **toli'q deneli, qoy ko'zli, jasi' qi'rqtan wo'tken** birew kirip keledi. *(W.A.)* **Qazaqstanni'n', Uraldi'n', Sibirdin', Povoljyenin'** buri'nlari' adam turmag'an ken' dalalari'nda **wonlag'an** ha'm **ju'zlegen** posyolkalar payda boldi'. *(Gazetadan)*

**2. Birgelkili toli'qlawi'sh.** Is-ha'reketti (bayanlawi'shti') zatli'q ma'nide tu'sindiretug'i'n ten' ma'nili yeki yamasa birneshe so'zlerdin' dizbegine birgelkili toli'qlawi'sh delinedi.

Birgelkili toli'qlawi'shlar morfologiyali'q bildiriliwi jag'i'nan bir tu'rli seplik qosi'mtali' ha'm tirkewishli qollani'ladi': Ayqi'z buri'n sholanda islep ju'rgen **yer** ha'm **hayal-qi'zlardi'** wo'zine tartti'. *(A.B.)* Ha'rkim wo'z awi'li' menen, **topari' menen, shan'lag'i' menen** woylassi'n. *(T.Q.)*

**3. Birgelkili pi'si'qlawi'sh.** Is-ha'reketti wori'n, waqi't, si'n, mug'dar-da'reje t.b. ma'nilerde si'patlaytug'i'n yeki yamasa birneshe ten' ma'nili so'zlerdin' dizbegine **birgelkili pi'si'qlawi'sh** delinedi. Birgelkili pi'si'qlawi'shlar wo'z ara sanaw intonaciyasi', da'nekerler arqali' baylani'si'p, u'tir arqali' bo'linip jazi'ladi': Wol ha'r ku'ni azanda, tu'ste, keshte, mallarg'a rejim menen wot saladi'. *(J.S.)* 1964-ji'li' Xorezmde, Qaraqalpaqstanda ha'm Buxara gazoprovodi'ni'n' boyi'na jollar sali'w baslandi'. *(Gazetadan)* Bizler wolardi' uzaq ha'm ko'p ku'ttik. *(J.Sap.)*

***103-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Birgelkili yekinshi da'rejeli ag'zalardi' tawi'p, wolardi'n' yekinshi da'rejeli ag'zalardi'n' qaysi' tu'ri yekenin ha'm ga'ptin' qaysi' ag'zasi' menen baylani'sqani'n tu'sindirin'.

1. Jalan'bas, tompaq, qara pa'ren' bala Tilepbaydi'n' jani'na keldi. 2. Wol baxi't, jer, suwg'a iye boldi'. *(Q.D.)* 3. Yesengeldi wo'z u'yine ji'ynalg'an awi'llaslari', za'n'gilesleri, biyler arasi'nda bulqi'p so'ylep woti'r. *(T.Q.)* 4. Ha'zir wolar qanatsi'z korabllerde sonday joqari', sonday tez ushi'p ju'r. *(Gazetadan)* 5. Wol bali'qti'n' molshi'li'g'i' ushi'n gu'resti ku'n sayi'n, saat sayi'n qi'zdi'ra berdi. *(A.B.)* 6. Woni'-buni' ayti'sqanli'qtan, ku'liskenlikten, ha'mme bir jerge ji'ynalg'anli'qtan tu'ski demali's kewilli wo'te berdi. *(A'.T.)*

***104-shi'ni'g'i'w***. Ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Birgelkili yekinshi da'rejeli ag'zalardi' tawi'p, wolardi'n' baylani'sqan so'zi menen asti'n si'zi'p ko'rsetin'.

1. To'beleri aspan menen tiresken tawlar yeteginen qaynap shi'qqan ti'ni'q suw ken' ha'm suli'w say tu'bindegi ji'lg'alardi' tolti'ri'p, kewilli ha'm jag'i'mli' ses berip, woypatlarg'a rawana boladi'. 2. Rawana boladi' da, dalalardi', sho'llerdi gezedi. 3. Wol wo'zinin' jang'a jayli' suwi' menen gu'ller ha'm yeginlerdin', ag'ashlar ha'm wo'simliklerdin' tami'ri'na azi'q beredi, miynetkesh xali'qti'n' ju'regin u'mit ha'm quwani'sh penen tolti'radi'. *(Sh.R.)* 4. Wol qoylardi' ga' jerden wonlap, ga' jerden jigirmalap qurasti'radi'. *(W.X.)* 5. Men miynet yetpege, miynetim arqali' maqsetime jetpege kelgenmen. *(A.Bek.)*

***105-shi'ni'g'i'w***. Wo'zlerin'iz woqi'p ati'rg'an ko'rkem shi'g'armalardan yamasa wo'zin'izdin' u'y turmi'si'n'i'zdan ali'p, birgelkili ani'qlawi'sh ha'm toli'qlawi'shqa bir-birden, pi'si'qlawi'shqa 2 ga'p tawi'p jazi'n'.

## §26. Birgelkili ag'zalardi'n' irkilis belgileri

***106-shi'ni'g'i'w***. Woqi'n'. Irkilis belgileri qoyi'lmay berilgen birgelkili ag'zalardi' tawi'n'. Wolardi'n' arasi'na irkilis belgileri qoyi'la ma yamasa qoyi'lmay ma, usi' jag'i'na di'qqat yetip tu'sinik berin'.

1. Jigitler de atlar da sharshag'an yedi. 2. Amanli'qqa bul jekkelik quwat berdi yoshti'. 3. «Worta da'rmiyan» degen so'z Amanli'qti' ha'm quwantti' ha'm mun'aytti'. *(T.Q.)* 4. Wortag'a dasturqan jayi'li'p u'stine nan pecheniye qant qoyi'ldi'. *(A.Bek.)* 5. Jayhun — bul ta'biyatti'n' sawg'asi', woni' hu'rmetlew abaylap saqlaw kerek». *(Abu Rayxan Beruniy)* 6. Da'ryami'z wo'zinin' shiyrin suwi' bali'qlari' quslari' haywanlari' tog'aylari' menen xalqi'mi'zdi' hayran qaldi'rdi', su'yiwshiligine izzet-hu'rmetine iye boldi'. *(P.Sh.)*

Ga'ptin' birgelkili ag'zalari'ni'n' arasi'na to'mendegi jag'daylarda u'tir qoyi'ladi':

1. Da'nekersiz, intonaciya arqali' baylani'sqan birgelkili ag'zalardi'n' arasi'na u'tir qoyi'ladi'. Mi'sali': **Arqa Kavkazda, Worayli'q Aziya respublikalari'nda** tamshi' usi'li' menen pali'z yeginlerin ashi'q jerde jetistiriwge boladi'. *(«Y.Q.»)* Bizin' ha'mmemiz woni' **jaqsi' bilemiz, tani'ymi'z, si'ylaymi'z.** *(A'.G.)*

2. Da'nekerler birgelkili ag'zalardi'n' ha'rbiri menen ta'kirarlani'p kelgende de, birgelkili ag'zalardi'n' arasi'na u'tir qoyi'ladi': Ata aqi'li' ko'l boladi', balam, ha'm **manti'qti'radi'**, ha'm **qalqi'tadi'**. Al, ko'l dep tasti'yi'qlawg'a ya **qami'sli'q**, ya **jayi'li'm suw** joq. *(T.Q.)*

3. Birgelkili ag'zalar qarsi'las da'nekerleri arqali' baylani'si'p kelse, da'nekerlerdin' aldi'na u'tir qoyi'ladi': Worazan bati'r uli'ni'n' dawi'si'n **yesitti**, lekin **qaramadi'**. Maman **quwandi'**, biraq **marapatlanbadi'.** *(T.Q.)*

4. Biriktiriwshi ha'm awi'spali' da'nekerler ta'kirarlanbay, yeki qatarli' birgelkili ag'zalardi' baylani'sti'ri'p kelse, birgelkili ag'zalardi'n' arasi'na u'tir qoyi'lmaydi': **Buri'ng'i' joba** ha'm **is a'disleri** Abduraxmandi' hesh qanaatlandi'rmadi'. *(X.G.)* Woni' **Arzi'w** ya **Shi'ni'biykege** bildirgen joq. *(J.A.)*

**Da/de** da'nekeri yeki qatarli' birgelkili bayanlawi'shti' baylani'sti'ri'p kelgende yeki tu'rli wo'zgeshelikke iye boladi':

a) birgelkili bayanlawi'shlar tu'sindiriwshi ag'zalari'na iye boli'p ken'eyip kelse, aralari'na u'tir qoyi'ladi': Wol albi'raqlap do'geregine jalt **qaradi' da**, da'rhal su'wretti qaltasi'na sali'p qoydi'. *(Sh.S.)*

b) **da/de** da'nekeri arqali' baylani'sqan birgelkili bayanlawi'sh tu'sindiriwshi ag'zasi'z kelgende, birgelkili bayanlawi'shti'n' arasi'na u'tir qoyi'lmaydi': Wol aytajaq boli'p **woylani'p turdi' da u'ndemedi.** *(Sh.S.)*

***107-shi'ni'g'i'w***. Tekstti woqi'n'. Birgelkili ag'zalardi' tawi'p, wolardi'n' arasi'na irkilis belgilerinin' qoyi'li'w ha'm qoyi'lmaw sebeplerin tu'sindirin'.

Ma'wjiregen A'mu'wda'rya menen Araldi'n' diydarlasqan jerindegi jasi'l woypatli'qta, shet-shebirsiz U'stu'rtten baslap Qi'rqqi'z dalalari'na, wonnan ari' ken' jaylawli' Qi'zi'lqum qoynawlari'na shekem sozi'li'p jati'rg'an quyashli' alapta bir gu'listan u'lke — Qaraqalpaqstan jaylasqan. Bul jerdin' hasi'l topi'rag'i'nda, qi'ya-qi'ya tawlari' menen suwlari'nda qanshama g'a'ziyne qatlani'p jati'r deysen'. Ten'izimiz benen da'ryami'z, ko'p aydi'n ko'llerimiz mol-molaqay bali'q beredi. U'stu'rt penen tawlari'mi'zdi'n' bawi'rayi'nda neft, gaz, quri'li's materiallari', mineral duzlar mol. *(«A.» j.)*

***108-shi'ni'g'i'w***. Tekstti tiyisli irkilis belgilerin qoyi'p ko'shirip jazi'n'. Birgelkili ag'zalardi'n' asti'n si'zi'p, wolardi'n' qanday so'z shaqabi' arqali' bildirilgenin, sorawlari'n ha'm qaysi' ag'zani'n' xi'zmetinde yekenin ani'qlan'.

GU'Z

Gu'z dalalarg'a miywe ag'ashlari'na wo'zinin' alti'n boyawi'n jag'i'p si'rlap ati'r. Ja'rdemge kelgen ku'nnin' yerten'ine-aq bizler g'arri' menen tani'si'p ha'm u'yrenip kettik. Seydulla ag'ani'n' ku'nge ku'ygen bet ko'rinisi sharg'alaw boyi' saqal-murti' u'st kiyimi woni' ko'rer ko'zge qarapayi'mlasti'ra tu'skendey.

Gu'zdin' sonday ashi'q kewilli ku'ni yedi. Din' aspang'a ko'terilgen qi'rg'i'y bir wori'nda ti'pi'rshi'p biraz turadi' da ju'werilikke wo'zin taslaydi'. I'zi'q-i'zi'q qara g'arg'alardi'n' dawi'si'nan da pishen ha'm ko'k sho'plerdin' xosh iyisinen de yerik ag'ashi'ni'n' pashshayi' tu'sinen de gu'zdin' wo'zine ta'n ni'shanlari' seziledi. *(I.Y.)*

## §27. Birgelkili ag'zalardi' uluwmalasti'ri'wshi' so'zler ha'm wolardi'n' irkilis belgileri

***109-shi'ni'g'i'w***. Berilgen ga'plerdegi qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdin' qanday ag'zalardan keyin kelip turg'ani'na, qaysi' so'z shaqabi' yekenine ha'm ma'nisine itibar berin'.

1. Wol kem-kemnen zerige basladi'. Ha'tte woni'n' tawdan tu'sip kiyati'rg'an avtolavkani' ko'rgendegi quwani'shi' da, kewlindegi alag'adalari' da — **ba'ri** bir pul boli'p joqqa shi'g'i'p qaldi'. *(Sh.A.)* 2. Woni'n' kishipeyilligi, mu'la'yimliligi, Tarasqa bergen juwaplari' — **barli'g'i'** Tarasti' wo'zine tartti'. *(W.B.)* 3. Bul waqi'tta Yernazar, Pirim, Muxammed — **u'shewi** izirekte a'n'gimelesip kiyati'r yedi. 4. Hayallardi'n' shan'qi'ldag'an dawi'slari', g'arri'lardi'n' buwli'qpa jo'telleri, kempirlerdin' ton'qi'ldi'si' — **ha'mmesi** qosi'li'p da'ryani'n' jag'asi'n du'r-du'r silkindirdi. *(K.S.)* 5. Shor jerlerdi juwi'w ha'm paxta jerlerdi wo'z waqti'nda tayarlaw, shigit yegisin wo'z waqti'nda wo'tkiziw — **bulardi'n' ha'mmesi** zu'ra'a'ttin' yerte pisiwine mu'mkinshilik beredi. *(«Y.Q.»)*

Uluwmalasti'ri'wshi' so'zler birgelkili ag'zalardan keyin kelip, wolardi' ja'mlep, uluwmalasti'ri'p ko'rsetedi.

Birgelkili ag'zali' ga'plerdegi uluwmalasti'ri'wshi' so'zler **ba'ri, ha'mmesi, ba'rshe, barli'g'i', ja'mi, bulardi'n'** —

**barli'g'i', bulardi'n' ha'mmesi** t.b. si'yaqli' ja'mlew ha'm siltew almasi'qlari'nan, **yekewi, u'shewi, to'rtew** si'yaqli' ji'ynaqlaw sanlardan ha'm geypara atli'qlardan boladi'. Mi'sali': Wolardi'n' i'lg'alli' miyneti, texnika ha'm ximiya — **ha'mmesi** yeginlerge xi'zmet yetiwge jumsaladi'. 2. Turizm, awg'a shi'g'i'w, bali'q uslaw — **bulardi'n' barli'g'i'** adamdi' g'ayratlandi'radi'. *(«Y.Q.»)* 3. A'jiniyaz, A'zbergen, Pirim — **u'shewi** de juwi'ri'p kelip, na'wbet penen sa'lemlesti.

Birgelkili ag'zalar qaysi' ag'zani'n' xi'zmetin atqarsa, uluwmalasti'ri'wshi' so'zler de sol ag'zani'n' xi'zmetinde keledi. Mi'sali': 1. Elektr, kino, radio, televidenie — **bulardi'n' ha'mmesi** bizde a'dettegi ha'm u'yrenisken na'rselerge aylandi'. *(«Y.Q.»)* 2. Bul ko'shedegi bay, ha'meldar atag'i'n keship ju'rgen Qalmurat, **Ma'demin**, Qudiyar — **u'shewi.** *(K.S.)* 3. Wonda, bizde — **ba'rimizde** shad ju'rek. *(«Y.Q.»)*

***110-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Uluwmalasti'ri'wshi' so'zlerdi birgelkili ag'zalari' menen birge asti'n si'zi'n', wolardi'n' qaysi' ag'zani'n' xi'zmetinde yekenin tu'sindirin'.

1. Aw, qayi'q, sholan, keme — ha'mmesi awi'l ken'estin' yerkinde boldi'. 2. Menin' dawagerim Qosi'bay, Qayi'p, Yerjan — u'shewi. 3. Kiyim-kenshek, to'sek, tabaq-qasi'q, bilezik-si'rg'a — ba'rin bazarg'a a'kelgen. 4. Qonaqlar u'yden shi'g'i'p ketken son', Ja'miyla, Saliyma, Sapar, Nazli' — to'rtewi won'asha qaldi'. *(K. S.)* 5. Woni'n' sanaati'nda da, awi'l xojali'g'i'nda da, ma'deniyat maydani'nda da — ha'mme jerde wo'z isinin' sheberleri miynet yetip ati'r. *(«Y.Q.»)* 6. Xanjapti'n' ishi, jag'asi' ha'm si'rti' — ba'ri de tolg'an xali'q. *(S.A.)*

Birgelkili ag'za menen uluwmalasti'ri'wshi' so'zdin' arasi'na to'mendegi jag'daylarda irkilis belgileri qoyi'ladi':

1. Uluwmalasti'ri'wshi' so'z birgelkili ag'zadan keyin kelse, uluwmalasti'ri'wshi' so'zdin' aldi'na si'zi'qsha qoyi'ladi'. Mi'sali': 1. Qi'zketken, Quwani'shjarma, Kegeyli — **bular** respublikani'n' arqa rayonlari'n suw menen ta'miyinleydi. 2. I'ssi', qurg'aq jaz, qatti' suwi'q, dalani'n'

ku'shli samallari' — **bulardi'n' ha'mmesi** ko'p qi'yi'nshi'li'qlar tuwdi'radi'. *(«Y.Q.»)*

2. Birgelkili ag'zani'n' aldi'nda uluwmali'q ma'nidegi ayqi'nlani'wshi' so'z kelip, son'i'nda uluwmalasti'ri'wshi' so'z kelse, ayqi'nlani'wshi' so'zden keyin qosnoqat, uluwmalasti'ri'wshi' so'zden aldi'n si'zi'qsha qoyi'ladi'. Mi'sali': Jumabay qayi'qshi'ni'n' qaptali'nan qalmaytug'i'n ha'jet a'sbabi': su'ymen, balta, bel, gu'rek — **ha'mmesin** bir jerge qoydi'. *(K.S.)*

3. Uluwmalasti'ri'wshi' so'zdin' aldi'nda juwmaqlawshi' ma'ni beriwshi **qullasi', mine** so'zleri kelse, sol so'zlerdin' aldi'nan si'zi'qsha, keyninen u'tir qoyi'ladi'. Mi'sali': Tori', Aqboz, Ayqasqa — **qullasi', ba'ri** de tabi'li'p ati'r. *(Sh.A.)* Sanaat wo'ndirisin rawajlandi'ri'w, wo'nim islep shi'g'ari'w ha'm ko'lemin artti'ri'w — **mine, bulardi'n' ha'mmesi** jumi'sshi'lardi'n' aldi'nda turg'an yen' a'hmiyetli wazi'ypa. *(«Y.Q.»)*

***111-shi'ni'g'i'w***. Woqi'n'. Birgelkili ag'za ha'm uluwmalasti'ri'wshi' so'zlerdi tawi'p, wolardi'n' arasi'na qanday irkilis belgileri qoyi'lg'ani'n ha'm qoyi'li'w sebeplerin ayti'n'.

1. A'njir, alma, qurma, almurt, qa'reli, shabdal — ba'ri qatar wo'sedi. *(X.S.)* 2. Wo'zinin' u'y-ishi: Nurjamal, Ma'mbetniyaz, A'jiniyaz — ha'mmesi de usi' qi'rman basi'nda. 3. Azg'ana waqi'ttan son' Tilemis, Niyazov, Xaliyla tag'i' yeki bali'qshi' — besewi kirip keldi. *(K.S.)* 4. Ko'p jumi'slar islew kerek boldi': jerdi tegis yetip kartalaw, shorli'qtan tazalaw ushi'n qum ha'm hasi'l topi'raqlar to'giw, suw ali'p keliw — mine, usi'nday isler shaqqan islewdi ku'tip tur. *(W.X.)* 5. Bazarshi'lardi'n' ko'pshiligi sari'biyli, a'mirabadli', ulli'bag'li', bag'japli', shoraxanli', shabbazli', shi'mbayli' — qullasi', u'sh boli'sti'n' qaramag'i'nan kelgenler yedi. *(A.Bek.)*

***112-shi'ni'g'i'w***. Berilgen ga'plerdegi birgelkili ag'za ha'm uluwmalasti'ri'wshi' so'zlerge tiyisli irkilis belgilerin qoyi'p ko'shirip jazi'n'. Birgelkili ag'za ha'm uluwmalasti'ri'wshi' so'zdin' qanday so'z shaqabi'nan bolg'ani'n ha'm qaysi' ag'zani'n' xi'zmetinde kelgenin ani'qlan'.

1. U'lken-kishi ag'ayin jegjat ba'ri xoshlasi'wg'a keldi. 2. Qusbegi biy qazi' u'shewi an'gimelesip wotawg'a kirdi. *(K.S.)*

3. Arbani'n' asti'nan ko'terilgen shan' da do'n'gelek te atlardi'n' doynaq taslawi' da sherim dizginler de aspanda qalqi'p barati'rg'an bultlar todasi' da do'gerektegi sho'pler de tuslari'nan wo'tip ati'r-g'an basqa atlar menen arbalar da jol boyi'ndag'i' qarli'g'ashlar da qullasi' bulardi'n' ba'ri de baxi't pa'rwazi'nda pa'lpellegen go'zzalli'qti'n' ko'rinisi yedi. *(Sh.A.)* 4. Si'ng'an qurallar menen qaltadan tu'sip qalg'an qa'lem ali'si'raqta jati'rg'an qamshi' shala shegilgen shi'li'm barli'g'i' da balani'n' qatan' qarsi'lasqani'n ko'rsetedi. *(V.K.)* 5. Ti'n'lap woti'rsan', bul jerde ne joq deysiz, maymi'l pil banan shaydi'n' du'nyadag'i' yen' jaqsi' tu'ri ha'r qi'yli' jabayi' miyweler ha'm buri'n ko'rmegen wo'simlikler qullasi' ba'ri de bar bunda. *(Sh.A.)*

**Birgelkili ag'zali' ga'plerdi ta'kirarlaw ushi'n sorawlar ha'm tapsi'rmalar**

1. Ga'ptin' birgelkili ag'zalari' dep nege aytami'z?
2. Birgelkili ag'zalar qanday grammatikali'q qurallar arqali' baylani'sadi'?
3. Birgelkili ag'zalardi' baylani'sti'ri'wshi' da'nekerlerdi ayti'n'.
4. Birgelkili ag'zalardi'n' arasi'na irkilis belgilerinin' qoyi'li'w ha'm qoyi'l-maw sebebin ayti'n'.
5. Birgelkili ag'zali' ga'plerdegi uluwmalasti'ri'wshi' so'zlerdin' xi'zmetin qaysi' so'z shaqaplari' atqaradi'?
6. Birgelkili ag'zali' ga'plerdegi uluwmalasti'ri'wshi' so'zlerdin' irkilis bel-gilerin ayti'n', mi'sal keltirin'.

***113-shi'ni'g'i'w***. Ga'plerdi woqi'n'. Birgelkili ag'zalardi'n' qanday gram-matikali'q qurallar arqali' baylani'si'p kelgenin ha'm baylani'sti'ri'wshi' da'nekerlerdin' qaysi' tu'ri yekenin ani'qlan'.

1. Jamiyla rulge woti'ri'p mashinani' ju'rgizgende ju're pitken adam woylani'p ta, quwani'p ta qaldi'. 2. Bi'layi'nsha, woni'n' si'n-si'nbati' yel gezgen da'rwish ya mollag'a usas yedi. *(W.A.)* 3. Buri'n g'alaba sawatsi'z bolg'an xalqi'mi'z ha'zir jer ju'zilik klassik jazi'wshi'-shayi'rlardi'n' roman, povest, poema ha'm qosi'qlari'n wo'z ana tilinde woqi'ydi'. 4. Jigit a'ri quwani'p, a'ri hawli'g'i'p, a'ri qorqi'p u'yine qaray ushti'. *(Sh.S.)* 5. Geyde wa'ziri de, geyde jasawi'l basi' da wo'zlerinin' ko'n'illes adamlari' menen so'ylesedi. *(W.X.)* 6. I'ri'squl biy xanni'n' ga'pinde az g'ana ju'zego'ylik sezgendey boldi', biraq u'ndemedi. *(T.Q.)*

## AYI'RI'MLANG'AN AG'ZALI GA'PLER

# § 28. Ga'ptin' ayi'ri'mlang'an ag'zalari' tuwrali' tu'sinik

***114-shi'ni'g'i'w***. Woqi'n'. Ga'plerdegi aji'rati'p ko'rsetilgen so'zlerge itibar berin'. Wolardi'n' qaysi' so'zge qatnasli' yekenin ha'm qanday xi'zmet atqari'p kelgenin ani'qlan'.

1. Biz, **jaslar**, yelimizdin' haqi'yqi'y azamati' yekenimizdi iste ko'rsetewimiz kerek. *(«Y.Q.»)* 2. Buni' Xiywa a'tirapi'nda tek yeki adam — **xan** ha'm **ha'kim** biletug'i'n yedi. *(T.Q.)* 3. Wol jaqtan qarag'anda bul jerde, yag'ni'y **u'ylerdin' tasasi'nda** ne boli'p ati'rg'ani' ko'rinbeydi. *(Sh.A.)* 4. Zarli'q toyg'a tu'ske jaqi'n, yag'ni'y **toydi'n' a'yne qi'zg'an waqti'nda** jetip keldi. *(Q.J.)* 5. Bul qabag'i'n jar basi'na taslap ketken qi'zdi'n' anasi' — **Da'rbiyke.** *(K.S.)*

Wo'zi qatnasli' ga'p ag'zani'n' ma'nisin ayqi'nlap, ani'qlap kelgen so'zlerge **ga'ptin' ayi'ri'mlang'an ag'zalari'** delinedi.

Ga'p ag'zalari', ko'binese ayqi'nlawi'sh, siyregirek ani'qlawi'sh ma'nisinde ayi'ri'mlanadi'. Ayi'ri'mlang'an ag'zalar wo'zi ayqi'nlap, ani'qlap kelgen ag'zalardan keyin keledi ha'm wolardan intonaciya arqali' ayi'ri'mlani'p ayti'ladi'. Mi'sali': Bizler, **balalar**, bul adamni'n' izinen ju'rgendi jaqsi' ko'retug'i'n yedik. *(Q.A.)* Da'slepki gudoklardan son' jolawshi'lar poezdg'a — **vagonlarg'a** mindi. *(T.N.)* Awi'l arasi' ag'ash, sup-suli'w, i'rg'ali'si'p si'ldi'r-si'ldi'r yetedi. *(W.A.)*

Ayi'ri'mlang'an ag'zalar wo'zi ayqi'nlap, ani'qlap kelgen ag'zag'a qatnasli' **ayi'ri'mlang'an ayqi'nlawi'sh** ha'm **ayi'ri'mlang'an ani'qlawi'sh** boli'p yeki tu'rge bo'linedi.

***115-shi'ni'g'i'w***. Ko'shirip jazi'n'. Ayi'ri'mlang'an ag'zalardi'n' asti'n si'zi'p, wolardi'n' qaysi' ag'zag'a qatnasli' yekenligin ha'm qanday ma'nide tu'sindirip kelgenin ayti'n'.

1. Biz, basshi'lar, ulli isti de, kishene isti de xali'q penen ma'sla'ha'tlesip sheshemiz. *(G'.S.)* 2. Arba jegilgen sa'men jorg'a — Gu'lsari' da ku'ta' g'arri' yedi. *(Sh.A.)* 3. Xasan — zawi'qli',

qollari' rulde. *(M.T.)* 4. Jazg'i' demali's waqti'nda men spartakiadag'a — Moskvag'a kettim. *(G.I.)* 5. Sag'i'ndi'q bahadi'rdi'n' worni'na bizden — man'g'i'tlardan adam jollamaqshi' yeken. *(T.Q.)*

## § 29. Ayi'ri'mlang'an ayqi'nlawi'sh

***116-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Di'qqat yetilgen so'zlerge itibar berin', wolardi'n' qaysi' so'zge qatnasli' yekenin ha'm qalay ayi'ri'mlani'p kelgenin tu'sindirin'.

1. Bizler, **jazi'wshi'lar**, Berdaqti'n' yeskertkishine gu'l qoyi'w ushi'n keldik. *(I.Y.)* 2. Toy tarqar ku'n — **Mamanlardi' jolg'a uzatatug'i'n ku'n** tuwdi'. 3. Qonaqlar, a'sirese **Mamanni'n' jaqi'n doslari'** wo'z waqti'nda keldi. *(T.Q.)* 4. Wol I'ssi'qko'l matrosi', yag'ni'y **a'kesin** tap usi' paroxodta isleydi degen sheshimge kelgen yedi. *(Sh.A.)* 5. «Soyuz — 2» transport korablinin' tu'siriletug'i'n apparati' Qazaqstan aymag'i'ni'n' belgilengen rayoni'na — **Ko'kshetaw qalasi'ni'n' qubla jag'i'nda yeki ju'z kilometr jerge** kelip tu'sti. *(«Y.Q.»)*

Wo'zinen aldi'ng'i' ga'p ag'zasi'ni'n' ma'nisin tu'sindirip, ayqi'nlap kelgen so'zge **ayi'ri'mlang'an ayqi'nlawi'sh** delinedi.

Ayqi'nlawi'sh tu'sindirip, ayqi'nlap kelgen so'z **ayqi'nlani'wshi' ag'za** dep ataladi'. Mi'sali': 1. Biz, **jaslar,** ja'miyetimizdin' haqi'yqi'y du'ziwshilerimiz. 2. Usi' jerge, **G'a'rezsizlik maydani'na** paytaxtti'n' ko'p sanli' sportshi'lari' ji'ynaldi'. *(«Y.Q.»)*

Bul ga'plerdegi di'qqat yetilgen ayqi'nlawi'shlardi'n' aldi'nda kelgen so'zler ayqi'nlani'wshi' ag'za. Wolar usi' ga'plerde tiykarg'i' ga'p ag'zasi' xi'zmetin atqaradi'.

Ayqi'nlani'wshi' ag'za qaysi' ag'zani'n' xi'zmetinde kelse, ayqi'nlawi'shlar da sol xi'zmetti atqaradi'. Mi'sali': 1. Bizin' woljami'z — **awqat** penen **kiyim** mut. *(K.S.)* 2. Qubladan, **A'mu'w ta'repten** bir topar atli' kiyati'r. 3. Woni', **To'reshti** ko'p uzamay balalar u'yine jiberdi. *(N.D.)* 4. Ilim menen texnikani'n' rawajlani'wi'na yerisken xali'qti'n' — **rus xalqi'ni'n'** tili ku'ta' u'lken qi'zi'g'i'wshi'li'q tuwg'i'zdi'. *(Gazetadan)*

Bul mi'sallarda 1-ga'ptegi di'qqat yetilgen so'z — ayqi'nlawi'sh baslawi'sh, 2-ga'ptegi ayqi'nlawi'sh toli'q-lawi'sh, 3-ga'ptegi ayqi'nlawi'sh ani'qlawi'sh, 4-ga'ptegi ayqi'nlawi'sh pi'si'qlawi'sh xi'zmetlerin atqari'p kelgen.

***117-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Ayqi'nlawi'shlardi' tawi'p, wolardi'n' qaysi' ag'zani' ayqi'nlap kelgenin ha'm sorawlari'n ayti'p berin'.

1. Ha'mme, a'sirese qi'zlar quwani'shli' tu'rde qol shappatlap jiberdi. *(J.Sap.)* 2. Men wo'z ati'mnan siz — jaslarg'a alg'i's aytaman. *(K.S.)* 3. Buxara sha'ha'rine wol ku'ndiz — sa'skede kelip jetti. *(T.Q.)* 4. Wol shigitlerden usi'nday pitik — wog'ada boli'q paxtalar ka'malg'a keldi. *(W.A.)* 5. Jeke adamni'n' shi'qqan jerin tabi'w qi'yi'n — du't tog'ay. *(T.Q.)*

***118-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Ayqi'nlani'wshi' ha'm ayqi'nlawi'sh-lardi'n' asti'n si'zi'n'. Wolardi'n' qanday so'z shaqaplari'nan bolg'ani'n ha'm qaysi' ag'zani'n' xi'zmetinde yekenine tu'sinik berin'.

1. Ku'ndegishe yesikti asi'qpay ashi'p, menin' a'kem — mektep mug'allimi kirip keldi. *(Q.D.)* 2. Biz wo'z tuwi'sqanlari'mi'z — g'a'rezsiz yeldin' xali'qlari'n qi'zg'i'n qutli'qlaymi'z. 3. Wol wo'z bilimlerin, wo'zinin' do'retiwshilik ilhami'n ulli' maqsetke — yelimizdi gu'llendiriwge jumsaydi'. *(«Y.Q.»)* 4. Mu'mkin, duz nesip bolsa Hindstanda, sizin' yelin'izde ushi'rasarmi'z. *(O.B.)* 5. Wol isenimli fermer ag'zalari'na, a'sirese Jumagu'lge ko'p ja'rdem yetti. *(Y.Q.)*

## § 30. Ayi'ri'mlang'an ani'qlawi'sh

Ani'qlawi'sh ayi'ri'mlani'p kelgende inversiyalani'p, tiy-karg'i' ani'qlawi'shtan son' keledi. Ayi'ri'mlang'an ani'qla-wi'shlar da tiykarg'i' (ayi'ri'mlanbag'an) ani'qlawi'shlar si'yaqli', zatlardi'n' belgisin, kimge, nege tiyisliligin bildiredi. Wolar ayi'ri'mlanbag'an ani'qlawi'shlarg'a qarag'anda ani'q-lani'wshi' ag'zani'n' ma'nisin ku'shli, ta'sirli yetip ko'rsetedi. Intonaciyali'q jaqtan tiykarg'i' ani'qlawi'shtan pauza arqali' ayi'ri'mlani'p ayti'ladi'. Mi'sali':

Xorezm, Tashawi'z, qaraqalpaq,
Bir maqsetke shapqan u'sh at — arg'i'maq.

*(I.Y.)*

***119-shi'ni'g'i'w***. Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Ayi'ri'mlang'an ani'qlawi'shlardi' tawi'p, wolardi'n' wo'zinen buri'ng'i' ani'qlawi'shlardi' tu'sindiriw ma'nilerin ani'qlan'.

1. Barli'g'i' da top-toli', ji'lti'r monshaqtay, jup-jumalaq. 2. G'o'rekleri bir tegis ashi'lg'an, mi'sali' appaq shag'aladay. *(W.X.)*

3. Bir jag'i'nda Gissar woypati' —
Aspanday ken' ashi'q hawali'.

4. Bir jag'i'nda Baxi'sh woypati' —
Qulp do'ngen gu'lge worani'p.
5. Isenemen, Xasan — ma'rt nag'i'z,
Alti'nnan da taza ju'regi.

*(M. Tursunzada)*

***120-shi'ni'g'i'w***. Ko'shirip jazi'n'. Ayi'ri'mlang'an ani'qlawi'shlardi'n' asti'n si'zi'p, wolardi'n' qanday so'z shaqaplari' arqali' bildirilgenin, sorawlari'n, qaysi' ag'zani' tu'sindirip kelgenin ani'qlan'.

1. Wol wo'z-wo'zinen isingen, qabag'i' u'yiwli. *(T.Q.)* 2. Moyni' uzi'n shiyshe si'yaqli', jup-juwan. *(M.G.)* 3. Shigitleri mu'sindey, tap-taza, ishinde semin'kiregeni ya bir de pushi' joq. *(W.X.)* 4. Basi'n keshe ya bu'gin qi'rg'i'zi'pti', ma'yektey ji'lti'r. *(T.Q.)* 5. Terekler, tap a'wliyenin' si'ri'g'i'nday, sorri'yi'si'p tur. *(M.G.)*

***121-shi'ni'g'i'w***. Ko'shirip jazi'n'. Ayi'ri'mlang'an ani'qlawi'shlardi' tawi'p, wolardi' wo'zi tu'sindirip, ani'qlap kelgen ag'zasi' menen birge asti'n si'zi'n' ha'm qaysi' so'z shaqaplari' arqali' bildirilgenin ayti'n'.

1. Qi'z degenin', qi'zi'l ju'zli,
Worta boyli', jawdi'r ju'zli.

*(Wo'mar shayi'r)*

2. Bayli'qlari'n, ne tu'rli,
Alatug'i'n yettin'iz.
Gazlerin, hawa sekilli,
Jag'atug'i'n yettin'iz.

*(S.N.)*

3. O, tut bag'i', gu'lgin japi'raqli',
Qushag'i'n'di' sag'i'ni'p keldim.

La'zzetine, mol ra'ha'tli,
Bayag'i'day bag'i'ni'p keldim.

*(T.S.)*

5. Bul toy — ulli' tan'da qayta tuwi'lg'an,
Azat Aziyani'n' quwani'sh toyi'.

*(I.Y.)*

6. Bizin' diyqan qi'yi'nli'qtan taymag'an,
Bizin' diyqan — nag'i'z bati'r awmag'an.

*(I.Y.)*

7. Bizin' kishkene g'ana Arzi'mas, yeski diywallar menen qorshalg'an, bag'lari' mol ti'ni'sh bir qala yedi. *(A'.G.)*

## § 31. Ayi'ri'mlang'an ag'zalardi'n' irkilis belgileri

***122-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Ayi'ri'mlang'an ag'zalardi'n' irkilis belgilerinin' qoyi'li'wi'na di'qqat yetin'. Wolarg'a qanday irkilis belgilerinin' qoyi'lg'ani'n ani'qlan'.

1. O'zbekistan qa'dirli miymanlarg'a, Belorussiya wa'killerine, wo'z qushag'i'n ashti'. *(«Y.Q.»)* 2. Shama menen Tashkentten tu'sligirek jerde, Yangiyul rayoni'nda, mashina si'naw stanciyalari'ni'n' u'lken xojali'g'i' jaylasqan. *(V.T.)* 3. Wol ku'n-shi'g'i'sqa — Buxara sha'ha'rine qaray ji'li'sti'. *(T.Q.)* 4. A'tirapi' sho'l wo'simlikleri: seksewil, ko'sik, qarabaraq aralas jantaq. *(T.Q.)* 5. Sol tawlardi'n' qar basqan yetekleri menen joqari' ta'replerin qali'n' tog'ayli'q — du'ttey qarag'ayli'q qaplap jatatug'i'n yedi. *(Sh.A.)*

Ayi'ri'mlang'an ag'zalar ma'ni ha'm intonaciyali'q wo'zgesheligine qaray ga'ptin' basqa ag'zalari'nan u'tir, si'zi'qsha ha'm jekke-siyrek qos noqat arqali' ayi'ri'mlani'p jazi'ladi'.

1. Ayi'ri'mlang'an ag'zalardi'n', ko'binese bir yamasa yeki jag'i'nan pauza islenedi. Pauza islengen wori'ng'a u'tir qoyi'ladi'. U'tir arqali' bo'linip jazi'lg'an ayi'ri'mlang'an ag'zani'n' intonaciyasi' qi'sqa, pa'sen' ayti'ladi'. Mi'sali': Ku'yme Jan'akent qalasi'na, **G'ayi'p xanni'n' awi'li'na** kelip toqtadi'. Bul konferenciyani'n' sheshimlerin biz, **respublika-mi'zdi'n' jazi'wshi'lari'**, yelimizdin' barli'q xali'qlari'nday-aq asi'g'i'sli'q penen ku'tken yedik. *(J.S.)*

2. Ayi'ri'mlang'an ag'za ayqi'nlani'wshi' ag'zani'n' ma'nisin ani'qlap, daralap tu'sindirip kelgende, ayqi'nlani'wshi' ha'm ayqi'nlawi'shti'n' arasi'ndag'i' intonaciya biraz sozi'n'qi' ayti'ladi'. Bunday jag'dayda ayi'ri'mlang'an ag'za si'zi'qsha arqali' bo'linip jazi'ladi'. Mi'sali': A'skerlikke ali'wdi' wo'tinip arza bergen jaslar — **Watandi' qorg'awshi'lar** A'skeriy Komissariatlarg'a ko'plep keldi. *(S.Sm.)* Bi'yi'l bir qansha iri obyektler — **jan'a elektrostanciyalar, gigant domnalar, ximiya zavodlari', jen'il** ha'm **azi'q-awqat ka'rxanalari'** iske qosi'ladi'. *(«Y.Q.»)*

3. Uluwmali'q ma'nide kelgen ayqi'nlani'wshi' ag'za daralap tu'sindirilip kelgende, ayi'ri'mlang'an ag'zadan aldi'n qos noqat qoyi'ladi'. Mi'sali': Jer beti ha'r qi'yli' taw ji'ni'slari'nan: **qum, saz i'lay, ha'k, granit, qumli' topi'raq** ha'm basqa da ji'ni'slardan quralg'an. *(Fizikali'q geografiyadan)*

***123-shi'ni'g'i'w***. Ko'shirip jazi'n'. Ayi'ri'mlang'an ag'zalardi' tawi'p, asti'n si'zi'n' ha'm wolarg'a qanday jag'dayda u'tir, qanday jag'dayda si'zi'qsha ha'm qos noqat qoyi'latug'i'ni'n tu'sindirin'.

1. Ko'shtin' aldi' A'mu'wda'ryani'n' quyar ayag'i'na, Aral ten'izinin' jag'alari'na ju'gin tasladi'. *(T.Q.)* 2. Wol qaran'g'i' tu'siwin — qaran'g'i' tu'skennen keyin qa'wip-qa'terdin' bunnan ko're az bolatug'i'ni'n ku'tti. *(Sh.A.)* 3. Qural-saymanlardan: gu'nde, mala, moyi'nti'ri'q, shi'g'i'r, arba jetispeydi. *(A.Bek.)* 4. 1939-ji'ldi'n' gu'zinde uluwma xali'qli'q quri'li'sqa, u'lken Ferg'ana kanali'na 160 mi'n' qazi'wshi' shi'qti'. *(«Y.Q.»)* 5. Wolar bu'gingi mashqi'ni' qoyi'p, topari' menen izge, Jan'akentke kirdi. *(T.Q.)*

***124-shi'ni'g'i'w***. Ayi'ri'mlang'an ag'zalarg'a tiyisli irkilis belgilerin qoyi'p, ko'shirip jazi'n'. Wolarg'a irkilis belgilerinin' qoyi'li'w sebeplerin ha'm qaysi' ag'zani'n' xi'zmetinde kelgenin ayti'p berin'.

1. Biraq biz man'g'i'tlar ushi'n wolardi' ku'tiwden payda ko'rinbeydi. 2. Jan'a qalani'n' Jan'akenttin' quri'li'si' baslandi'. *(T.Q.)* 3. Sol waqi'tta wol qarsi' aldi'ndag'i' ali's dalan'li'qta yag'ni'y wo'zi'ne ma'lim Sari'o'zek kosmodromi' ta'repte tikke aspang'a qaray shashi'li'p zi'mi'rap barati'rg'an bir na'rseni ko'rdi.

*(Sh.A.)* 4. Shayi'rlar aytqan gorizontti' ana tilimizdegi ko'k jiyegin bu'gin de ko're almadi'q. *(S.S.)*

5. Jan'a woray Dushanbemizdi,
Su'yiw men baxi'tqa toldi'q.
Dushanbege jas paytaxti'ma,
Jan'a temir jol mennen keldim.

*(M.T.)*

**Ta'kirarlaw ushi'n sorawlar ha'm tapsi'rmalar**

1. Ga'ptin' ayi'ri'mlang'an ag'zasi'ni'n' qag'i'ydasi'n ayti'n', mi'sal keltirin'.
2. Ga'ptin' qaysi' ag'zalari' ayi'ri'mlani'p ayti'ladi'?
3. Ayi'ri'mlang'an ayqi'nlawi'shlar ga'ptin' qaysi' ag'zalari'n ayqi'nlaydi'?
4. Ayi'ri'mlang'an ag'za qanday irkilis belgileri arqali' ayi'ri'mlani'p jazi'ladi'?

***125-shi'ni'g'i'w***. Berilgen ga'plerdi ko'shirip jazi'p, ayi'ri'mlang'an ayqi'nlawi'shlardi'n' asti'n si'zi'n'. Wolardi'n' ayqi'nlani'wshi' ag'zag'a qatnasli' qaysi' ag'zani'n' xi'zmetinde yekenin, qanday so'z shaqabi' arqali' bildirilgenin ayti'p berin'.

1. Men sizlerdi ma'n'gi qar basi'p jati'rg'an tawlardi'n' arjag'i'ndag'i', I'ssi'qko'lge — do'geregi qali'n' tog'ay menen qaplang'an ji'lli' ten'izge ali'p ketemen, — dedi. *(Sh.A.)* 2. Yeki ko'zimiz da'ryani'n' wo'rinde, Zayi'r jaqta. 3. Da'slepki ji'li' awi'l jaslari', a'sirese hayal-qi'zlar jan'adan sho'lkemlestirilgen klubqa ag'za boli'p, a'dewir jaqsi' jumi'slardi' a'melge asi'rdi'. *(N.D.)* 4. Sonnan Jan'ada'rya boyi'na — Ubaydulla biy awi'li'na bari'p qaytti'. 5. Wolar Peterburgqa — patsha sarayi'na amanyesen jetipti. 6. Wot jaqqi'shi' boli'p woti'rg'an sol — Da'lixan. *(K.S.)* 7. Yertede, bunnan birneshe ji'l buri'n, Durun degen ag'ayinli to'rt bala bolg'an yeken. 8. A'lbette, yendi sol jas jawi'nger — Nayman-Anani'n' balasi'n izlew heshkimnin' woyi'na kelmey, yadi'nan shi'g'i'p ketipti. *(Sh.A.)*

## QARATPA AG'ZALI GA'PLER

## § 32. Qaratpa ag'za tuwrali' tu'sinik

***126-shi'ni'g'i'w***. Woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdin' ga'p ishinde u'tir arqali' bo'linip jazi'li'wi'na ha'm tiykarg'i' ga'pke qatnasli' ma'nilerine di'qqat yetin'.

1. Ji'ynaqti' uzaqqa sozi'p woti'ri'wg'a waqi't joq, **joldaslar!** *(K.S.)* 2. **Balalar,** menin' ag'amdi' ko'rdin'iz be? Jan'ag'i' menin' ag'amdi' ko'rdin'iz be?! 3. — A'y, **ka'nari' ken' Yenesay**, sen ulli' da'ryasan'. 4. Men sag'an usi'lardi' aytayi'n dep ju'rip yedim, **Yenesay-aw.** *(Sh.A.)* 5. Ko'rdin'iz be, **joldas Muratov**, yele qanday terimshiler boladi'. *(T.Q.)* 6. **Ata**, bag'manli'qti' qaydan u'yrendin'iz? *(N.D.)*

Qaratpa ag'zalar ayti'lajaq pikirge basqani'n' di'qqati'n awdari'w, qarati'w ushi'n so'ylewshi ta'repinen qollani'ladi'.

Qaratpa ag'za ga'ptin' qurami'nda qaysi' wori'nda kelse de, intonaciya arqali' bo'linip ayti'ladi'. Mi'sali': Qa'ne, **balalar**, a'n'gimeni son' so'ylesemiz. **A'jag'a**, seni atam shaqi'ri'p ati'r. *(K.S.)* **Azat**, sen bug'an hesh qapalanba. *(A.B.)* Wo'ytip sadali'q yetpe, **nadan!** *(W.X.)*

So'ylewshinin' so'zi qarati'lg'an adam yamasa basqa bir zatlardi', qubi'li'slardi' bildiretug'i'n so'zlerge **qaratpa ag'za** delinedi.

***127-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Qaratpa ag'zalardi' tawi'p, so'ylewshinin' so'zine qatnasli' wolardi'n' ma'nilerin ayti'n'.

1. A'zizim, ho'nerli adamlardi'n' ta'rbiyasi'na a'mel yet. Adamlardi' atasi'ni'n' xi'zmetleri yemes, al wo'zlerinde bolg'an qa'biletine qarap ta'r-biyalaw kerek. *(Termiziy)* 2. Balalar, sizlerdin' ba'rin'izge de ko'p-ko'p sa'lem ayti'pti'. *(Sh.A.)* 3. Usi'ni' ag'ama tu'sindirip aytarsan', apa! 4. Bul qa'telik yekilenbeydi, joldas xatker. 5. Xalayi'q, bu'gingi ji'ynaqti' ashi'q dep ja'riyalayman. 6. Ko'rdin' be, Ba'ke, wolar qanday adamlar?! *(W.X.)*

***128-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Qaratpa ag'zalardi' tawi'p, wolardi'n' asti'n si'zi'n' ha'm ha'rbir ga'ptin' mazmuni'n tu'sindirin'.

1. «A'y mo'minler, sizler wo'z ara si'bi'rlasi'p so'yleskenin'izde gu'na' ha'm zorli'q jo'ninde, payg'ambarg'a hu'rmetsizlik ko'rsetiw jo'ninde so'ylespen'ler. Sizlerdin' so'zlerin'izdi Alla tala yesitip turadi'. Wonnan qorqi'n'lar» (Quran, 58-su'resinen).

2. A'y balalari'm, yeger shayi'rlar so'z jari'sti'ri'p ayti'satug'i'n bolsa, wonda wolar shayi'r yemes, al qosi'qti'n' dushpani'na aylanadi'. 3. A'y, balalari'm, yeger adam aqi'li' danali'q penen yemes, al bayli'g'i'na mardi'yi'p bopsa qi'lsa, buni'n'

aqi'beti jaqsi' bolmaydi'. 4. A'y balalari'm, buri'ng'i' zamanda wo'tken adamlar, bayli'qtan asa ketkennen menmenlik kelip shi'g'adi', al menmenliktin' aqi'ri'-zawali' bar degen. 5. A'y balalari'm, qay jerde aqsha ko'p bolsa, sol jerde go'zzalli'q penen ibratli' so'z pasi'qqa shi'g'i'p qaladi'. *(Sh.A.)*

## § 33. Qaratpa ag'zani'n' bildiriliwi

***129-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge di'qqat yetip, wolardi'n' qanday so'z shaqaplari' arqali' bildirilgenin ani'qlan'.

1. **Joldaslar**, ma'seleni ju'da' ha'm duri's sheshtin'iz. 2. Gu'z-din' ku'ni ta'rezige tartqanday bir na'rse wo'ne me, joq pa, ko'rsek qalay boladi', **Ja'ke?** — Ju'da' maqul, inim. 3. Bizler, **joldas xatker,** g'awashalardi' tekserip ko'rdik. G'awashalardi'n' rawajlani'wi', ta'rbiyasi' menen tani'sti'q. *(W.X.)* 4. Kelip turi'-n'i'z, **Qa'lender ag'a**, bizge ja'rdem berin'iz, bilmegen jerimiz bolsa u'yretin'iz. 5. — **Aqsaqal**, raxmet sizge, — dedim men wo-g'an. *(W.X.)* 6. Senin' asti'n'da wo'mirdin' mol azi'g'i' jati'r-aw, Aral. *(W.A.)*

Qaratpa ag'zalar, ko'binese ataw sepligindegi adam atlari' ha'm adamg'a qatnasli' ayti'latug'i'n so'zler arqali' bildi-riledi. Mi'sali': — U'yden shi'g'a bereyin degenimde, meni Aybergen ag'a toqtatti'. — **Aybosi'n**, qayda barati'rsan' shi'-rag'i'm? — dep soradi' wol tunji'rap woti'ri'p. — **Aqsaqal**, jay so'yley berin'iz. *(W.X.)* Hal-jag'dayi'm jaman yemes, **qurdas**, ul-qi'zi'm yerjetti. *(I.Q.)*

Qaratpa ag'zalar geyde atli'qlasqan kelbetlik ha'm alma-si'qtan da boladi'. Mi'sali': Ju'zin'e ju'zim tu'spesin, **wopa-si'z!** *(W.X.)* **Sen**, Jiemuratti'n' to'segin sali'p bersesh, — dedi Serkebay gu'birtiklep ju'rgen kempirine. *(T.Q.)*

Qaratpa ag'za wazi'ypasi'n jer, suw, watan, ta'biyat qubi'li'slari'n, haywanat atlari'n bildiretug'i'n atli'qlar da atqaradi'.

Mi'sali': I'razi' bol, xosh yendi, **Gu'lsari'!** *(Sh.A.)* **Dawi'l**, qarasti'n' g'oy. *(W.A.)*

Sa'lem, **Tashkent**, mehribanli' bas qalam,
Jer ju'zine dan'q ko'tergen astanam. *(T.J.)*

Qaratpa ag'zalar yeki yamasa birneshe so'zlerdin' dizbeginen de boladi': Mine, bul u'lken iste bizin' ja'miyetimiz yen' aldi' menen mektepke, **qa'dirli joldas mug'allimler**, sizlerge su'yenedi. *(«Y.Q.»)*

***130-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Qaratpa ag'zalardi' tawi'p, wolardi'n' qanday so'z shaqaplari' arqali' bildirilgenin ayti'n'.

1. Jaqsi', Asqar Wo'tewlievich, wonda bizlerdin' ketiwimizge ruqsat yetin'iz. 2. Apa, bul jerge ku'lki boli'wg'a kelgenimiz joq. 3. Qi'zlar, jigitler, menin' ku'lgenimnin' ma'nisi da'slepki waqi'tta men de — sizlerdey boldi'm. 4. Sultan jora, «arpan' bolsa qamshi'ni'n' keregi joq», — dep wo'zin' aytatug'i'n yedin' g'oy. *(J.M.)* 5. Haw sorli', nege quwani'p ati'rsan', berman juwi'r, bo'riler ko'rmesin, — dep qi'shqi'rdi' wol. *(A.Bek.)* 6. Balalari'mni'n' nesiybesinen qi'ydi'n', ka'sip-ka'rimnen ayi'rdi'n', zali'm! *(T.Q.)*

***131-shi'ni'g'i'w***. Ko'shirip jazi'n'. Qaratpa ag'zalardi' tawi'p, asti'n si'zi'n' ha'm qanday so'zler arqali' bildirilip kelgenin tu'sindirin'.

1. Begdulla, sen berman bir kelshi. *(W.A.)* 2. Sheshe, wol aytqani'n' duri's g'oy... 3. Bul Aral mol g'a'ziyne, zor i'ri's g'oy, balalari'm. *(K.S.)* 4. Jan'a ka'sip penen yelge qa'demin' qutli' bolsi'n, azamat. *(T.Q.)* 5. Diyqan, jer suwg'ar. *(«Y.Q.»)*

6. Samal, sen ali'p ushi'p qanatlari'n'da,
Bizin' xali'q shadli'g'i'n gu'z tan'lari'nda,
Quslar, xoshent yetkil pa'rwazlari'n'da,
Shadli'q yesitilsin hawazlari'nda.

*(T.S.)*

## § 34. Qaratpa ag'zani'n' intonaciyasi' ha'm irkilis belgileri

***132-shi'ni'g'i'w***. Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Qaratpa ag'zalardi' tawi'p, wolardi'n' ga'ptin' qaysi' wori'nlari'nda kelgenin ha'm qanday irkilis belgisi qoyi'lg'ani'n ani'qlan'.

1. Turdan, sen mi'na tu'yinshiklerdi qaltan'a sal. 2. Pavel Grigorevich, siz benen da'lillesip turi'wg'a waqi't az. *(J.M.)* 3. Awa, menin' barli'q wo'tinishim, bu'gingi ku'nim menen

ayqi'n keleshegim senin' menen ta'g'dirles, qu'diretli Watani'm! *(T.S.)* 4. Meni, Sa'ke, awdi'n' quni' sarsi'ldi'ri'p woti'rg'an joq, joyti'lg'an uyati' sarsi'ldi'ri'p woti'r. *(K.S.)* 5. Bizlerdin' tilegimiz senin' na'zerin' ba'lent bolg'ay, uli'm. *(W.X.)* 6. Si'yli'g'i'n'i'z qutli' bolsi'n, joldaslar. *(«Y.Q.»)*

Qaratpa ag'zalar wori'n ta'rtibi jag'i'nan ga'ptin' basi'nda, wortasi'nda ha'm aqi'ri'nda kele beredi. Qaysi' wori'nda kelse de, wolar intonaciya arqali' bo'linip ayti'ladi'. Mi'sali': **Mexanizator**, ma'rtlik iste jawlan ur. *(«Y.Q.»)* So'zge tu'sinbey, **Jelgeldi ag'a**, ku'lsen' ku'le ber. *(W.X.)* Quwan, basqani' da quwant, **rus qi'zi' Gu'lzar.** *(T.Q.)*

Qaratpa ag'zalardi'n' irkilis belgisi wori'n ta'rtip ha'm intonaciyasi'na qaray to'mendegishe qoyi'ladi':

1. Qaratpalar xabar ga'plerde pa's intonaciya menen ayti'ladi'. Qaratpadan keyingi pauza qi'sqa boladi'. Bunday jag'dayda qaratpa ag'zadan keyin u'tir qoyi'ladi'. Mi'sali': **Balalari'm**, men bul minberde bunnan jigirma ji'l ilgeri bir so'ylegen yedim. *(T.Q.)*

2. Qaratpa ag'za soraw ga'plerdin' qurami'nda kelgende, biraz ko'terin'ki dawi's penen ayti'ladi', qaratpadan keyingi pauza sozi'n'qi'law boladi': **Balam**, wo'tken aqsham qayda boldi'n'? *(K.S.)*

3. Ku'shli emocional-ekspressivlik ma'nige iye bolg'an u'ndew ha'm buyri'q ga'plerde qaratpa ag'zalar ku'shli intonaciya menen ayti'ladi'. Mi'sali': **Allayar**, qayt keynin'e! *(T.Q.)* — **Apa**, tilin'di tart, yendi jetti. *(G.I.)*

Qaratpa ag'zalar barli'q jag'dayda ga'p ishinde u'tir arqali' bo'linip jazi'ladi'. Wolar ga'ptin' basi'nda kelse keyninen, wortada kelse yeki jag'i'nan, keyninde kelse aldi'nan u'tir qoyi'ladi': Mi'sali':

**Suban**, sen qalay dep woylaysan', bizler baxi'tli' bolarmekenbiz, ya? — dedim. *(Sh.A.)* Wo'zin' bilesen', **Yeseke**, qosi'q penen sazdi' wolar maqul ko'rmeydi. *(K.S.)* Bul aytqani'n' bolmas, **wotag'asi'.** *(W.X.)*

**An'lati'w:** Qaratpa ag'zani'n' aldi'nda **a'y, ha'y, ha, pay** si'yaqli' tan'laq so'zler yamasa qosi'msha ma'ni beriwshi janapayli'q xi'zmettegi so'zler kelse, tutas bir intonaciya menen ayti'ladi' ha'm arasi'na u'tir qoyi'lmaydi'. Mi'sali':

**Ha’y jasawi’llar**, tart qi’li’shti’. Tiyme atama! **Wo’temurat ata**, **ha Wo’temurat ata,** xabarlas. **Pay apajan-ay**, sol na’rsege kewi’l bo’lgendey ha’zir menin’ waqti’m joq. *(K.S.)* **A’y a’ziz**, bilip qoy, dos dosti’n’ qasi’nda bolsa da yaki uzaqta bolsa da, wolar bir-birine ko’zqarasi’n wo’zgertpeydi, bir-birinin’ sadi’qli’g’i’na quwani’p ju’redi. *(Abulbarakat Qadiriy)*

***133-shi’ni’g’i’w***. Qosi’qti’ dawi’s tolqi’ni’ menen woqi’n’. Qaratpa ag’zalardi’ tawi’p, wolardi’n’ basqa so’zlerge qarag’anda intonaciyali’q wo’zgesheligin ani’qlan’.

Qosshi’m, dosti’, dushpandi’ tani’,
Ha’dden aspa, urma ko’kirekke,
«Jalg’i’z atti’n’ shan’i’ shi’qpaydi’»,
Tartpa jurttan wo’zin’di shetke.

Bir arbakesh ko’shege qoni’p,
So’zge aralasti’ ko’zi su’zilip,
Wog’an so’zin’ zaya, pay g’arri’,
Bos so’z degen yeshekke ju’k.

Al, sen jigit,
«Buzaw shabi’si’ —
Sabanxana to’ri» degen bar,
Ju’rme jalg’i’z, ko’pke ti’ri’si’p,
Bul so’zimnin’ ma’nisin an’g’ar.

Kelte yesaplap ju’rsen’ a’meki
Qulag’i’n’a paxta ti’qpa sen,
Ko’p pushayman jersen’ bir ma’rte,
Ko’pshilikten shetke shi’qpa, sen!

Telefonnan is jayi’n bilip,
Woti’r yeken predsedatel,
Ushi’p turdi’ Xasandi’ ko’rip, —
Kel, Xasanbay, hesh qi’si’nba kel!

*(M.T.)*

***134-shi’ni’g’i’w.*** Qaratpa ag’zalarg’a tiyisli irkilis belgisin qoyi’p, ko’shirip jazi’n’. Qaratpa ag’zalardi’n’ ga’ptin’ qaysi’ worni’nda kelgenin ha’m qanday so’z shaqabi’nan bolg’ani’n ayti’n’.

1. Yaqshi’ qaraqalpaqlar biz sizlerdin’ tilegin’izdi ulli’ da’rejeli patshami’zg’a jetkeremiz. 2. Kel, ten’iz ha’mmemizge de jetedi g’oy aqsaqal. *(K.S.)* 3. Son’g’i’ ret buyi’raman Abi’lqayi’r wo’z qoli’n’nan ji’q tuwi’n’di’. *(T.Q.)* 4. Mine, usi’ adamgershiliktin’ wo’zi turmi’sti’n’ da, muhabbatti’n’ da arqawi’, qosshi’lari’m. *(G’.I.)*

5. Kavkaz sa’lem jasi’l tawlardi’n’ sebi,
Sa’lem jer juldi’zi’ gu’lge worang’an. *(I.Y.)*

6. Tuwi’lg’an jer ko’kiregimde tuyg’i’ boli’p saqlandi’n’,
Sen haqqi’nda jazayi’n dep talay ma’rte woqtaldi’m.

*(U.X.)*

## KIRIS AG’ZA HA’M KIRIS GA’P

### § 35. Kiris ag’za tuwrali’ tu’sinik

***135-shi’ni’g’i’w.*** Ga’plerdi woqi’n’. Qara ha’rip penen jazi’lg’an so’zlerge di’qqat yetip, wolardi’n’ ga’ptin’ basqa ag’zalari’nan wo’zine ta’n wo’zgesheligine itibar berin’.

1. Kombaynni’n’ qasi’nda heshkim ko’rinbeydi. **Shamasi’**, Qasi’m bir jaqqa ketken boli’wi’ kerek. 2. **Pay**, sol ku’ngi woyi’nku’lki wo’z aldi’na yedi-aw! 3. **Ba’rekella**, bular da talabi’nda boli’p ati’r yeken. 4. **Ha’y**, toqta, qayda barati’rsan’, toqta! — dep baqi’ri’sti’q bizler. 5. — **Yaqshi’**, wonday bolsa ha’zir barami’z qaynag’a. *(Sh.A.)* 6. Bug’an, **a’lbette**, maqtana alaman. 7. **Shi’ni’nda**, bul g’awashani’ suwg’ari’wg’a yeki adam ko’plik yetpeydi. *(W.X.)* 8. **Tilekke qarsi’**, wol kisi bu’gin joq, yerten’ keledi, — dedi. *(T.Q.)*

Ga’ptin’ kiris ag’zalari’ tiykarg’i’ ga’ptegi ayti’lg’an pikirge so’ylewshinin’ ha’r tu’rli modalli’q, emocionalli’q, maqullaw ha’m biykarlaw t.b. si’yaqli’ qatnaslari’n bildiredi. Wolar ga’ptin’ uluwmali’q mazmuni’ yaki woni’n’ bir ag’zasi’ menen ma’nilik jaqtan g’ana baylani’sadi’. Ga’p ishinde pauza arqali’ bo’linip ayti’ladi’. Mi’sali’: 1. **Ba’lkim**, wol u’ydin’ a’tirapi’n aylani’p ju’rgen shi’g’ar. *(T.Q.)* 2. **Mu’mkin**, yeliw centnerden de asar. 3. **Qi’sqasi’**, paxta ushi’n gu’reste da’slepki jen’iske qa’dem atti’. 4. **Awa**,

wo'zimnin' barg'i'm keldi. 5. **Joq**, keliwi mu'mkin yemes. *(W.X.)* 6. **Alla ba'rekella**, wo biysharani'n' hali' neshik bolar yeken. *(T.Q.)*

Bul mi'sallarda 1 — 2-ga'ptegi, **ba'lkim, mu'mkin** so'zleri so'ylewshinin' boljap, shamalap ayti'wi'n, 3-ga'ptegi **qi'sqasi'** so'zi juwmag'i'n, 4 — 5-ga'ptegi **awa, joq** so'zleri maqullaw ha'm biykarlawdi', 6-ga'ptegi **alla ba'rekella** so'zi so'ylewshinin' tan'lani'wi'n bildiredi.

Tiykarg'i' ga'ptegi ayti'lg'an pikirge so'ylewshinin' ha'r tu'rli qatnasi'n bildiretug'i'n so'zlerge **kiris ag'za** delinedi.

***136-shi'ni'g'i'w***. Ko'shirip jazi'n'. Kiris ag'zalardi' tawi'p, wolardi'n' asti'n si'zi'n' ha'm ga'ptegi ma'nilik baylani'si'n ayti'n'.

1. Wo'tirik so'ylep urli'q qi'lg'anlar, a'lbette, baxi'tsi'z. *(T.Q.)* 2. Mu'mkin, bala yemes, al kempirdin' wo'zi kelgindi shi'g'ar? 3. Meyli, bul jo'nindegi ga'pti keyinirek aytarmi'z. 4. Yapi'rmay, buni'n' ko'zinin' ko'rgishin-ay! 5. Demek, senin' aqshalari'n' tu'sip qalg'an wonda. 6. Juwi'rg'an jerlerin'di de izlep ko'r, ba'lkim, tabi'lar. 7. Pay, nesin aytasan', qalada bolg'ani'mda ma... 8. Shi'ni'nda da, bala qa'telespegen yeken. Woni'n' woylag'ani'nday boli'p shi'qti'. *(Sh.A.)*

***137-shi'ni'g'i'w***. Woqi'n'. Kiris ag'zalardi' tawi'p, wolardi'n' ga'p ishinde basqa ag'zalardan bo'linip ayti'li'w sebebin ha'm ma'nisin tu'sindirin'.

1. — Yag'aw, qi'ynali'p ju'rgen joqpan, yene. 2. Shamasi', jumi'sta qi'ynali'p ju'rgen shi'g'arsan'. 3. Mu'mkin, bir jerin' awi'ri'p ju'rgen shi'g'ar. *(Sh.A.)* 4. A'ttegene-ay, bunday waqi'tlar uzaqqa sozi'lmadi'. 5. —Ha', a'lbette, yesin' bar jigitsen', Taneke. 6. — Haw, Gu'lsari'ni' sen minip ju'rsen' be? — dep hayran qaldi' Tanabay. 7. — Siz shalg'i'ni' ali'p wori'p turi'n' — dep Ka'rimbekov Ibrayi'mg'a qaradi'. 8. — A'lbette, woraman joldas Ka'rimbekov. *(Sh.A.)*

## § 36. Kiris ag'zani'n' bildiriliwi

***138-shi'ni'g'i'w***. Ga'plerdegi di'qqat yetilgen so'zlerdin' qanday ag'za yekenin ha'm qanday so'z shaqabi' arqali' bildirilip kelgenin ani'qlan'.

1. **A'lbette**, wonnan beri ko'p waqi'tlar wo'tti. 2. **Demek**, biyiklew de, to'menlew de adami'na payli'. 3. **Awa**, woni' keleshek ku'tedi. 4. **Aytpaqshi'**, Ja'ha'ngir ag'a biler buni'.

5. **Pay, netesen'**, mi'na g'awasha yen'bekti yesh qi'ldi'-aw... 6. **Kerisinshe**, bolmas is bolg'an yeken, yendi woni' jo'nlewdin' g'ami'n jegen jaqsi'. 7. **Joq**, Ja'ha'ngir ag'a wonday na'ma'rt yemes, qatti' ma'rt, qari'wli', polat adam. 8. **Qalay**, g'awashalardi' qayta tiriltiwge bola ma? *(W.X.)*

Kiris ag'zalar morfologiyali'q jaqtan to'mendegi so'z shaqaplari' ha'm so'zlerdin' dizbegi arqali' bildiriledi:

1. Modal so'zlerden boladi': *a'lbette, ba'lkim, mu'mkin, itimal, qullasi', demek, meyli, qa'ydem* t.b. Mi'sali': **A'lbette**, bilmewin'iz itimal, Ra'met ag'ay. **Ba'lkim**, wolar di'm u'ndespey til biriktirip ju'rgen shi'g'ar. **Demek**, wog'an adamlar da isenedi. *(W.X.)* **Mu'mkin**, ketip qalg'an shi'g'ar. *(G'.I.)* **Meyli,** yendigi ga'pti Amanqul biy ayta qoysi'n. *(T.Q.)*

2. Modalli'q ma'nige wo'tken atawi'sh ha'm feyil so'zler arqali' bildiriledi: *baxti'mi'zg'a, haqi'yqati'nda, shi'ni'nda, duri'si'nda, wo'tinishim, qi'sqasi', ta'wekel, i'qti'yari', mi'sali', ma'selen, jaqsi'si', tiykari'nan, aqi'ri', menin'she, aytayi'q, aytpaqshi', sonday-aq, birinshiden, yekinshiden* t.b. Mi'sali': **Wo'tinishim**, yekewinin' de yesigin arqadan ashi'p ala qoyi'n'. **Ta'wekel**, men yerten'ge shekem woylani'p ko'reyin. *(T.Q.)* **Qi'sqasi'**, is ha'wij ali'p ketti. **Aytpaqshi'**, Aydana bi'yi'l paxtani'n' jari'si'n mashina menen teremiz degen yedi. *(W.X.)* **Tuwri'**, sha'riyatta nashar yerkekke tiklenip qaramawi' kerek. *(K.S.)* **Menin'she**, bul ba'rimizdin' de qoli'mi'zdan keledi. *(T.Q.)*

3. Tan'laqtan, maqullawshi' ha'm biykarlawshi' *(awa, joq)* so'zlerden boladi'. Mi'sali': **A'tten'**, usi' waqi'tta Zerxan bolar ma yedi. **Pay**, wo'zin'iz bir ku'ta' qayi'rqom, ten'itayi' joq adamsi'z dag'i'. **Awa,** Jungar xani'ni'n' ken'esgo'yi yedi. *(T.Q.)* **Joq**, Vanyani' uslap ali'p ketti dewge bir de da'lil joq. *(V.K.)*

4. Kiris ag'zalar modalli'q ma'ni bildiretug'i'n yeki yamasa birneshe so'zlerdin' dizbegi arqali' da bildiriledi. Mi'sali': **No'kerlerdin' ayti'wi' boyi'nsha**, wol kese japtan wo'tip ati'rg'anda jaradar bolg'an. *(J. Sap.)* **Bir so'z benen aytqanda**, Beruniydin' jumi'si' Xasanni'n' jumi'si'nan da an'sat yemes yedi. *(W.B.)* Ja'ha'ngir ag'a, **i'rasi'n aytqanda,** buni'n' si'ri'n bir bilse, sizdi biledi dep woylasti'q. *(W.X.)*

***139-shi'ni'g'i'w***. Woqi'n'. Kiris ag'zalardi' tawi'p, wolardi'n' qanday so'z shaqabi' ha'm so'zlerdin' dizbegi arqali' bildiriliwin ayti'n'.

1. Itimal, wolardi'n' bunnan da jaqsi' pikirleri, usi'natug'i'n yegini bar shi'g'ar, ba'lkim. 2. Sonday-aq, sizler de Ja'ha'ngir ag'ani'n' so'zine heshten'e ali'p qospadi'n'i'z, basqa pikir aytpadi'n'i'z. 3. Demek, bul sol pikir menen kelistik degen so'z. 4. Solay yeken, wonda biz ma'kke yekkendi maqullaymi'z. 5. Shi'ni'n aytqanda, a'lbette, bul ku'ta' u'lken jen'is. 6. Qa'ne solay yeken, bilek si'bani'p iske kirissek deymen. 7. So'ytsek, yeki paydami'z naq tiyedi. Birinshiden, jaqsi' wot-jem ji'ynap alami'z. Yekinshiden, yendigi paxta yegisine mol tiykar salami'z, bilsem. *(W.X.)*

***140-shi'ni'g'i'w***. Ko'shirip jazi'n'. Kiris ag'zalardi' tawi'p, asti'n si'zi'n'. Wolardi'n' qanday so'z shaqabi' ha'm so'zlerdin' dizbeginen bolg'ani'n ani'qlan'.

1. — A'lbette, wolay bolsa Yellikqalani'n' keleshekte sol da'rejede rawajlanatug'i'ni'na kimnin' dawi' bar. 2. Demek, solay yeken, biz bug'an ila'hiyda bir is dep qaraymi'z. 3. Ha'zirgi da'wirde kitap woqi'maytug'i'n adam joq desem qa'telespeymen, ba'lkim. 4. Menin'she, bul da jaqsi'. 5. Awa, bul g'awashalardi'n' tuqi'mi'n Ja'ha'ngir ag'ani'n' sepkeni yadi'mda. 6. Pay-pay, shi'rag'i'm, ila'ya ka'sibin'nen ka'mal tap. 7. Joq, bul bolg'an yemes. *(W.X.)*

***141-shi'ni'g'i'w***. Ko'rkem shi'g'armalardan yamasa woyi'n'i'zdan modal so'zlerden bolg'an yeki, modal ma'nili atawi'sh so'zlerden bolg'an yeki ha'm tan'laq, awa, joq so'zlerinen bolg'an kiris ag'zasi' bar u'sh ga'p tawi'p jazi'n'.

## § 37. Kiris ag'zalardi'n' ma'nileri

Kiris ag'zalar to'mendegi ma'nilerdi bildiredi:

1. Isenim, bildiriw, tasti'yi'qlaw ma'nilerin bildiredi: *haqi'yqati'nda, shi'ni'nda, a'lbette, so'z joq, duri's* t.b. Mi'sali': **Haqi'yqati'nda da**, Wo'mirbek g'arri' ko'p qi'yi'n-shi'li'qti' bastan keshirgen adam yedi. *(W.X.)* **Duri's**, bug'an sizler de gu'manli'si'z. *(T.Q.)* Yelge, **so'z joq**, jen'is penen barami'z. *(W.X.)*

2. Boljaw, gu'man yetiw, shamalaw ma'nisinde keledi: *mu'mkin, ba'lkim, shamasi', itimal, sira'* t.b. Mi'sali':

**Mu'mkin**, wolar jerlerin a'lleqashan to'gip qoyg'andi'. **Shamasi'**, bir jerlerge tayi'p ketip qulag'an bolsa kerek. *(W.X.)* **Itimal,** yendi qayti'p ta'biyatta bunday tu'n bolmaytug'i'n shi'g'ar. *(Sh.A.)*

3. Quwani'w, wo'kiniw, tan'lani'w, qi'ynali'w ma'nilerinde qollani'ladi': *menin' baxti'ma, tilekke qarsi', ba're-kella, a'tten', pah, haw* t.b. Mi'sali': **Menin' baxti'ma**, bu'gin ku'n de qatti' suwi'q boldi'. **Yapi'rmay**, ku'nnin' suwi'g'i'n-ay, adamdi' shi'datti'rar yemes, tula boyi'mdi' jaylap barati'r. *(S.A.)* **Pay**, wo'zin'iz bir ku'ta' qayi'rqom, ten'i joq adamsi'z dag'i'. *(T.Q.)* **A'tten'**, bul quwani'sh uzaqqa sozi'lmadi'. *(T.Q.)* **Haw**, wol mal yemes, wo'zin'dey adam g'oy. *(W.X.)*

4. Bayan yetilgen pikirdin' kimge tiyisli yekenin, ta'rtibin bildiredi: *menin'she, menin' woyi'msha, bayqawi'msha, woni'n' ayti'wi'na qarag'anda, birinshiden, yekinshiden, bir jag'i'nan, yekinshi jag'i'nan* t.b. Mi'sali': **Menin'-she**, sizin' yerligin'izdi atap wo'tiw kerek. *(A.B.)* **Wolardi'n' woyi'nsha**, bul paxtalar ha'mme jag'i'nan da parqi' bar boli'p shi'qti'. *(W.X.)* Ji'lli' suw qoylar ushi'n ju'da' paydali'. Bul **birinshiden**, qoylarg'a bir jem bergen menen barabar, **yekinshiden**, ji'lli' suw ishken qoylar ish taslamaydi'. *(J.S.)*

5. So'ylewshinin' pikirinin' basqa pikir menen baylani'sli'li'g'i'n, juwmag'i'n bildiredi: *solay yetip, so'ytip, sondayaq, demek, aqi'ri', qi'sqasi', mi'sali'* t.b. Mi'sali': **So'ytip**, aq shashli' analar, keywani' hayallar meni ga'hi wo'tmishke, ga'hi baxi't tan'i' atqan ku'nlerge yertip ketti. **Aqi'ri'**, xali'q degen shayqalg'an ten'iz, woni'n' teren' jeri de, sayi'z jeri de boladi'. *(T.Q.)* **Demek**, ha'rbir hu'jdanli' adam miynetti su'yedi. *(W.X.)*

6. Maqullaw ha'm biykarlawdi' an'latadi': *awa, joq, qoy, qoyshi', jaraydi'* t.b. Mi'sali': **Awa,** anaw biyik tawg'a qarap bag'darlap ayday ber. *(T.N.)* **Joq**, mag'an heshkim aytqan yemes. *(W.X.)* **Qoy**, bul na'ma'rtlik mag'an heshqanday jaraspaydi'. *(J.S.)*

***142-shi'ni'g'i'w***. Woqi'n'. Berilgen ga'plerdegi kiris ag'zalardi' tawi'p, wolardi'n' qanday so'z arqali' bildirilgenin ha'm ma'nilerin tu'sindirin'.

1. Duri’s, sen Toqtasi’nni’n’ balasi’san’. 2. Bunday boli’p ju’rgenin’di, a’lbette, woni’n’ wo’zi de bilmeydi. 3. Shamasi’, wol i’ssi’da boldi’rsa kerek. 4. Mu’mkin, i’ssi’lap basi’ awi’rg’an shi’g’ar. *(Sh.A.)* 5. Menin’ baxti’ma, Pechorin Kavkaz tawlari’ni’n’ buldi’rap ko’ringen taslari’na qarap, jol ju’riwge wonsha asi’qpay woti’rdi’. *(M.L.)* 6. A’tten’, solay dep aytqan menen Jiyengu’ldin’ kewli i’nji’ldi’. 7. Pah, a’ne bul haqi’yqat is. *(W.X.)*

***143-shi’ni’g’i’w.*** Ko’shirip jazi’n’. Kiris ag’zalardi’ tawi’p, asti’n si’zi’n’. Wolardi’n’ qanday so’z shaqabi’ arqali’ bildirilgenin ha’m ma’nilerin ayti’n’.

1. — Mi’sali’, menin’ a’kemnin’ ko’p yemes, biraq ta azi’nawlaq jeri bolg’an. 2. — Qa’ne, buni’ kim ayti’p bere aladi’? *(W.X.)* 3. Menin’ woyi’msha, bizin’ atam ha’rbir ag’ashti’ jaqsi’ ko’redi. *(Sh.A.)* 4. Birinshi gezekte, minnetli wazi’ypan’di’ atqarg’ani’n’ bolar, yekinshiden, meni shi’n su’ygenin’ boladi’. *(T.Q.)* 5. Aytpaqshi’, wo’tken jumada ustazi’mi’z benen Xiywag’a bari’p yedik.

***144-shi’ni’g’i’w.*** **A’lbette, mu’mkin, menin’ baxti’ma, menin’she, aytpaqshi’, demek, birinshiden, yekinshiden** so’zlerin ga’p ishinde keltirip yadi’n’i’zdan 7 ga’p du’zin’. Wolardi’n’ jazi’li’wdag’i’ irkilis belgilerine itibar berin’.

## § 38. Kiris ga’p haqqi’nda tu’sinik

***145-shi’ni’g’i’w.*** Berilgen ga’plerdi woqi’n’. Sol ga’plerdegi di’qqat yetilgen so’zlerdin’ kiris ag’zalardan qanday wo’zgeshelikke iye yekenligine itibar berin’ ha’m ayi’rmashi’li’g’i’n ani’qlan’.

**1. Sen bilesen’ be**, jurt woni’ ne ushi’n jaqsi’ ko’redi. 2. **Wo’zin’e belgili**, wol gu’milji so’yleytug’i’n adam g’oy. 3. A’sirese, **Ja’lmen aytqanday**, Ayxan woqi’wg’a ketkeli wol wo’zine isenetug’i’n boldi’. *(T.Q.)* 4. **Bilemen**, bul jerlerde sen de bolg’ansan’. *(S.S.)* 5. **Duri’si’n ayti’w kerek**, bu’gin men wol jo’ninde a’dewir woylansam da, u’yge keliwine qarsi’ yedim. *(A.A’.)*

Kiris ga’pler du’zilisi jag’i’nan kiris ag’zag’a qarag’anda ken’eyip, ga’plik belgige iye boladi’. Wolar tiykarg’i’ ga’pten intonaciya arqali’ bo’linip ayti’ladi’. Mi’sali’: **Wo’zin’iz bilesiz**, qa’nigeler tan’law bas ma’sele boli’p woti’r. **Nesibeli aytqanday**, wol awi’l ken’estin’ xatkeri boli’p shi’qti’. *(W.X.)*

Kiris ga'pler qurami' jag'i'nan yeki bas ag'zali' ha'm bir bas ag'zali' boli'p keledi. Mi'sali': **Wo'zim bilemen**, wolardi'n' zeynine tiymey, jasi'ri'n ruqsat berip qoyi'ppan. **Bilemen**, shoshan'lap ta'g'i' da ga'pti wo'zi baslaydi'. *(Sh.S.)* **Duri'si'n ayti'w kerek,** jan'a qon'si' menen tez tani'si'p kettik. *(A'.A.)*

Bul ga'plerde **wo'zim bilemen** kiris ga'pi yeki bas ag'zali', al **bilemen, duri'si'n ayti'w kerek** degen kiris ga'plerde ko'rinip turg'an baslawi'sh joq. Wolar bayanlawi'sh qurami'nan du'zilgen bir bas ag'zali' kiris ga'p boladi'.

So'ylewshinin' wo'z pikirine qosi'msha pikir bildirip kelgen ga'plerge **kiris ga'p** delinedi.

Kiris ga'pler, kiris ag'zalar si'yaqli' tiykarg'i' ga'ptegi ayti'lg'an pikirge qatnasli' isenim bildiriw, tasti'yi'qlaw, keshirim soraw, di'qqat awdari'w, yeske tu'siriw t.b. ma'nilerdi an'latadi'. Mi'sali': 1. **Men woylayman**, bul jer keleshekte gu'llengen ma'kang'a aylanadi'. *(«Y.Q.»)* — isenim bildiriledi. 2. **Sizin' aytqani'n'i'z duri's**, wol haqqi'nda men hesh na'rse de woylamag'an yedim. *(W.X.)* — tasti'yi'qlaw, maqullawdi'. 3. **Ruqsat bersen'iz**, men wolardi'n' basshi'si' menen so'ylesip ko'reyin. *(K.S.)* — ruqsat sorawdi'. 4. **Serledin'iz be**, ko'kmar qaysi' atli'ni'n' qoli'nda ko'p boldi'. *(T.Q.)* — di'qqat awdari'w ma'nisinde. 5. **Wo'zin'iz bilesiz**, jawdi'n' beti qaytti'. *(K.S.)* — yeske tu'siriw ma'nisinde. 6. Bul shabi'wi'lg'a baylani'sli' biy babani'n' iske asi'ri'wi' tiyis woylari' bar ma, **kim bilsin.** *(T.Q.)* — boljaw ma'nisinde.

***146-shi'ni'g'i'w***. Ko'shirip jazi'n'. Kiris ga'plerdin' asti'n si'zi'p, wolardi'n' qurami'n ayti'n' (yeki bas ag'zali' ma yamasa bir bas ag'zali' ma).

1. Men so'ylesem, taqsi'r, men bularday sholasqan bay yemespen. *(K.S.)* 2. Wo'zin' aytqanday, bir taxtqa yeki xan si'ymaydi'. 3. Ulli' Qon'i'ratti'n' ha'kimi, haqi'yqatli'qti' aytsam, bul balani'n' ga'pi demessiz dep woylayman. *(T.Q.)* 4. Bilemen, usi' tilge shorqaqli'g'i'm wo'zimnen basqag'a zi'yani'n tiygizip ju'rgen joq. *(Sh.S.)* 5. A'llekim biledi, woni'n' kewlinin' nelerdi pa'rwaz yetip ju'rgenin. 6. Wo'zlerin'iz bilesiz, bizde paxta yegilmeydi. *(S.S.)*

***147-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen u'zindilerdi woqi'n'. Kiris ag'za ha'm kiris ga'plerdi tawi'p, wolardi'n' bir-birinen ayi'rmashi'li'g'i'n, kiris ga'plerdin' bas ag'zalari'ni'n' qanday so'z shaqabi'nan bolg'ani'n ha'm Araldi'n' ta'g'diri tuwrali' wo'z sezimlerin'di bayanlap so'ylep berin'.

1. Tilekke qarsi', biz a'meliy isimizde diyqanshi'li'q ju'rgiziwde ilim tiykari'nan ju'da' ali'slap kettik. Almaslap yegiwge itibar bermedik. Usi'lardi'n' na'tiyjesinde, ashi'q moyi'nlawi'mi'z kerek, jerlerimiz buzi'la basladi', yag'ni'y wolar jaramsi'z jag'dayg'a tu'sip qala basladi'.

2. Usi' wori'nda, aytatug'i'n bolsaq, yeki ko'rinisti bayanlap ko'rsetkim keledi: birinshisi, alpi'si'nshi' ji'llardi'n' baslari'. Ko'z aldi'mi'zda gorizont penen tutasi'p ati'rg'an, jang'a ra'ha't u'lken ten'iz. Woni'n' da'rtke dawa wo'rkeshlengen tolqi'nlari', hawa ren' ken'liklerdegi shapshi'p woynap ju'rgen bali'qlari' ruwxi'n'di' ko'teredi. Ti'rnaday dizilgen paroxodlar, uzi'n-qi'sqa barji'lar, jen'il shayqali'p ketetug'i'n qayi'qlar di'qqatti' wo'zine tartadi'.

Yekinshisi, 1987-ji'ldi'n' iyun ayi'ni'n' baslari'. Moynaqti'n' qaq wortasi'nan turi'p, wo'z jag'alari'n taslap ketip ati'rg'an biygu'na Aralg'a qaray tigilemen. Ko'z aldi'mda quwrap ati'rg'an to'belikler, wolardi'n' arti'nda quri' temirge aylang'an kemeler, paroxodlar, barji'lar, yari'mi' qumg'a bati'p ketken qayi'qlar...

Mine, yeki ko'rinis, yeki sezim.

Ga'p bu'gingi Aral haqqi'nda. Demek, Araldi' saqlap qali'w kerek. Bular bir adamni'n' isi yemes, ko'pshiliktin' isi. Isenemen, yele Aral buri'ng'i' qa'ddine keledi ha'm woni'n' suwlari'nda kemeler ju'ze baslaydi'. *(P.Sh.)*

## § 39. Kiris ag'za ha'm kiris ga'plerdin' irkilis belgileri

***148-shi'ni'g'i'w***. Woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge di'qqat yetip, wolarg'a irkilis belgilerinin' qaysi' wori'nda qoyi'lg'ani'n ani'qlan'.

1. **Shi'ni'nda**, yendi bizge ju'k ko'teretug'i'n nar kerek yedi. *(W.X.)* 2. Men, **tilekke qarsi'**, wo'zimnin' su'yikli joldasi'm menen xoshlasa almadi'm. 3. **Yapi'rmay**, usi' kiyati'rg'an Ja'ha'ngir ag'a yemes pe yeken? Ju'ris-turi'si' sol g'oy, **shamasi'**. 4. **Duri'si'n aytsam**, su'wretimdi ku'nde sorap, mazamdi' ali'p ju'r. *(W.A.)* 5. Jigirma aw qansha bali'q uslaydi', **wo'zin'iz bilesiz.** *(K.S.)*

Kiris ag'za ha'm kiris ga'pler, ko'binese ga'ptin' basi'nda, siyregirek wortada ha'm aqi'ri'nda keledi. Wolar awi'zeki so'ylewde intonaciya arqali' bo'linedi, pa'sen' pauza, tez temp penen ayti'ladi'.

Kiris ag'za ha'm kiris ga'plerde to'mendegi irkilis belgileri qoyi'ladi':

1. Kiris ag'za ha'm kiris ga'pler ga'ptin' basi'nda kelse keynine, wortada kelse yeki jag'i'nan, keyninde kelse aldi'nan u'tir qoyi'ladi': **Shamasi'**, bul jigit jergilikli jerde tuwi'lg'an boli'wi' kerek. *(S.S.)* **Ayti'p ketiw kerek**, mag'an arnap Moskvadan geografiya kartasi' ali'ng'an yedi. *(A.P.)* Bug'an, **a'lbette**, maqtana alaman. Bul shigit yemes, suw tu'binen shi'qqan hasi'l ga'whar, **aqi'ri'.** *(W.X.)* Ju'weri ati'zda ne jeytug'i'n yedim, **wo'zin' bilmeysen' be?** *(A.Bek.)*

2. Kiris ga'pler geyde yeki jag'i'nan si'zi'qsha arqali' bo'linip te jazi'ladi'. Bunday jag'dayda kiris ga'p tiykarg'i' ga'ptin' wortasi'nda keledi: Diyqan balalari'n kim ko'p ko'rgen bolsa — **men woylayman** — sol wo'mirdi su'yedi. *(V.N.)*

***149-shi'ni'g'i'w***. Woqi'n'. Kiris ag'za ha'm kiris ga'plerdi tawi'p, wolardi'n' intonaciyali'q wo'zgesheligin ha'm qanday wori'nlarda irkilis belgisi qoyi'latug'i'ni'n tu'sindirin'.

1. Tuwri', woni'n' aytqani' biraz haqi'yqatli'qqa keledi. *(T.Q.)* 2. Men aytsam, ayi'ri'm adamlardi'n' tan'lani'wi' itimal. *(W.X.)* 3. Qaydan shi'qsa sonnan shi'qsi'n, ga'pimdi qi'zi'q qi'li'w ushi'n qasi'mnan da qosi'p-qosi'p jiberdim. *(Sh.S.)* 4. So'z joq, wonnan keshirim sorawg'a tiyislisen'. *(A'.G.)* 5. Ti'n' jerlerdi na'zerde tutatug'i'n bolsaq, yen' tiykarg'i'si' sonnan ibarat, bunda yen' a'hmiyetli wazi'ypani' alg'a qoydi'. *(«Y.Q.»)* 6. Bul, a'lbette, jaqsi' qa'siyet. *(W.X.)*

***150-shi'ni'g'i'w***. Kiris ag'za ha'm kiris ga'plerdi tiyisli irkilis belgilerin qoyi'p, ko'shirip jazi'n'. Kiris ag'zalardi'n' bildiriliwin ayti'n'.

1. Menin' baxti'ma bu'gin ku'n qatti' suwi'tti'. *(W.A.)* 2. Menin'she Marat Izimbetovqa bizin' ha'zilimiz unamasa kerek. 3. Aqi'ri' jiptin' basi'n uslay almag'ani'n ko'rgen a'kesi baqi'ri'p, na'siyati'n ayti'p wo'zinin' qasi'na aldi'. 4. Birinshiden wol U'stu'rtke birneshe ret keldi. Yekinshiden jatqan quwdaladan

qanday quri'li's materiali' shi'g'adi' degen woyda da boldi'. *(S.S.)* 5. Ma'ni an'latpaytug'i'n menin' bul xabari'ma a'lbette wo'zimnen basqa heshkimnin' tu'siniwi mu'mkin yemes. *(Q.D.)* 6. Sol aytqanday i'ssi'ni'n' wo'zi de bi'yi'lg'i' ji'li' jan'a baslandi' g'oy. *(G.I.)* 7. Uli'm sen aytqanday bizge diyqan ata boli'w qayda. *(W.X.)*

***151-shi'ni'g'i'w***. To'mendegi berilgen modal ma'nili so'zlerdi keltirip, yadi'n'i'zdan kiris ag'zali' ga'p du'zin' yamasa ko'rkem shi'g'armalardan izlep tabi'n'. Du'zgen ga'pin'izde kiris ag'zalardi'n' ha'r tu'rli wori'nlarda keliwin yesapqa ali'n'.

So'zler: Haqi'yqati'nda, duri's, a'lbette, mu'mkin, tilekke qarsi', a'tten', menin'she, demek, so'zsiz.

**Qaratpa ha'm kiris ag'zalardi' ta'kirarlaw ushi'n sorawlar ha'm shi'ni'g'i'wlar**

1. Qaratpa ag'za dep nege aytami'z, wolar qanday so'z shaqaplari' arqali' bildiriledi?
2. Qaratpa ag'zalardi'n' qaratpa so'z-ga'plerden ayi'rmashi'li'g'i' qanday? Wolardi'n' irkilis belgilerin ayti'n', mi'sallar keltirin'.
3. Kiris ag'zani'n' qag'i'ydasi'n ayti'n', wolar qanday so'z shaqaplari' arqali' bildiriledi?
4. Kiris ag'za ha'm kiris ga'plerdin' ayi'rmashi'li'g'i'n ayti'n', wolar bir-birinen qanday belgileri menen ayi'ri'ladi', mi'sal keltirin'.
5. Kiris ag'za ha'm kiris ga'plerdin' wori'n ta'rtibi, intonaciyasi' ha'm irkilis belgisin ayti'n', mi'sallar keltirin'.

***152-shi'ni'g'i'w***. Woqi'n'. Qaratpa, kiris ag'za ha'm kiris ga'plerdi tawi'p ayti'n'. Wolardi'n' qanday so'zlerden bolg'ani'n, kiris ag'za menen kiris ga'p-lerdin' ayi'rmashi'li'g'i'n tu'sindirin'.

1. — Siz, ha'zir ju'resiz be? Meni Ribashyege deyin ali'p ketin',—dep wo'tinish yettim. — Yaq, ag'ay imkaniyati' joq! — dedi.

2. Mu'mkin, jolda birewdi mingizetug'i'n shi'g'ar dep woyladi'm men.

3. Mashina ketip qaldi'. Jan'ag'i' hayal budkadan shi'qti'. Shamasi', wol menin' kewlimdi almaqshi' boli'p, — i'nji'la bermey-aq qoyi'n', ha'zir siz de ketesiz, — dedi. *(Sh.A.)* 4. Aytayi'q, katerdi tolqi'nni'n' aldi'na sali'p i'q penen ju'remiz.

5. Shi'ni'na kelgende, wol albi'rap turg'an joq yedi. *(A'.W.)* 6. Wo'zin' bilesen', men awi'lda tuwi'li'p wo'stim. 7. Sol aytqanday, biz de bul isti a'stelep, maydalap asi'qpay sheshemiz. *(W.X.)* Kim bilsin, ba'lkim, ju'regin ko'p si'zlatqi'si' kelmegen shi'g'ar. *(Sh.S.)* 9. Bu'gin, nege yekenin bilmeymen, ku'ndegi quslardi'n' sayrag'ani' wonsha yesitilmeydi. *(Q.D.)* 10. Tolg'anay jen'ge, qalay yetsen' de, belin'di bekkem buwi'p, ko'pshiliktin' tapsi'rmasi'n wori'nlawg'a azamatlarsha taq turmasaq bolmaydi'. *(Sh.A.)*

***153-shi'ni'g'i'w***. Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Wolardag'i' modal, awa, joq, tan'laq so'zlerdi tawi'p, qaysi'si' kiris ag'za, qaysi'si' so'z-ga'p yekenin aji'rati'n'. Wolardi'n' kiris ag'za ha'm so'z-ga'p tu'rinde qollani'li'wi'n tu'sindirin'.

1. Men wog'an qoli'mdi' sozi'p:
— Ali'sqa barati'rsi'z ba? — dedim.
— Awa. Ali's dese de boladi', — dedi wol.
— Pamirge barati'rman. Al, wo'zin'iz miynet demali'si'n aldi'n'i'z ba?
Yamasa basqa jumi'sqa awi'si'p kettin'iz be? — dedim men.
— Awa, sog'an usag'anlaw... . *(Sh.A.)*

2. Ba'lkim, berilip ati'rg'an juwaplar duri's shi'g'ar. *(T.Q.)* 3. A'lbette, paxta bizin' ko'zimizdin' qarashi'g'i'nday qa'dirli. 4. Awa, ha'r xojali'qti'n' talabi' bar.

5. — Mu'mkin, Ma'lpey soyaqta shi'g'ar.
— Itimal.

6. — Al, sen bul jerde qarawi'lli'q yettin' be?
—Ba'lkim, solay dese de boladi'.

7. — Demek, ha'r ji'li' qosi'li'p baradi' yeken-da'.
— A'lbette. Aqi'ri' bi'yi'l ushpa tu'ynek salg'an ju'zim yendigi ji'li' si'rg'i'p qalmay ma?

8. — Maqul. Gu'rek minekey!
— Qalamasi'n tez boli'p taslarsan'.
— A'jep.

9. — Bay-bay! Qayta qalada ko'rmegenin'di ko'rip, qi'zi'qqa batasan'. *(W.X.)*

10. — Ha'sseniy! Tap sol Da'rmenbaydi'n' wo'zi tawi'p ju'rgen ba'le yemes pe yeken?

11. Jekkeshilik jaman, uwh-uwh! *(T.Q.)*

***154-shi'ni'g'i'w.*** Ko'rkem shi'g'armadan yamasa woyi'n'i'zdan qaratpa ag'zali', kiris ag'zali' ga'plerdin' ha'rqaysi'si'na 3 ga'pten, kiris ga'pke yeki ga'p tawi'p jazi'n'. Wolardi'n' bir-birinen du'zilislik ha'm ma'nilik qollani'li'w wo'zgeshelikleri boyi'nsha tu'sinik berin'.

## § 40. Ga'p ag'zalari'ni'n' wori'n ta'rtibi

***155-shi'ni'g'i'w***. Woqi'n'. Ga'p ag'zalari'ni'n' wori'n ta'rtibi boyi'nsha qaysi' ag'zani'n' qaysi' ag'zag'a qatnasli' yekenin ha'm wolardi'n' wornalasi'w ta'rtibin ani'qlan'.

Xali'q, ayri'qsha jaslar kitapti' ko'p woqi'ydi', su'yip woqi'ydi'. Bul, a'lbette, jaqsi'. Ma'rtlik islerge ruwxlandi'ratug'i'n kitaplar az yemes. Kitap wo'z woqi'wshi'lari'na yen' jaqsi', yen' sa're na'rselerdi u'yretedi. Ko'p adamlar, a'sirese ma'deniyat ma'selesinde kitapqa yelikleydi. Kitapta woqi'lg'an ma'deniyatti' wo'zine, awi'lg'a yendirgisi keledi, menin'she, bul da jaqsi'. Sebebi, kitap jaqsi'ni' na'siyatlaydi'.

— Tuwri', tuwri' ...— dep tasti'yi'qladi' Hasi'l Turi'mbetovich. *(W.X.)*

Ga'ptin' grammatikali'q tiykari'n, woni'n' qurami'n bas ag'zalar du'zedi. Baslawi'sh ga'ptin' basi'nda, al bayanlawi'sh baslawi'sh haqqi'ndag'i' jan'ali'qti' xabarlap ga'pti ti'yanaqlaytug'i'n bas ag'za bolg'anli'qtan ga'ptin' keyninde jaylasadi'.

Ga'ptin' yekinshi da'rejeli ag'zalari', ko'binese bas ag'zalarg'a qatnasli' woni' si'patlap kelgenlikten, bas ag'zalarg'a g'a'rezli woni'n' a'tirapi'na wornalasadi'.

Ga'p ag'zalari'ni'n' wori'n ta'rtibi yeki tu'rli boladi': *tuwra wori'n ta'rtip* ha'm *inversiya*.

Ga'p ag'zalari'ni'n' a'dettegi wori'n ta'rtibin saqlap jaylasi'wi'na **tuwra wori'n ta'rtip** dep ataladi'.

Mi'sali': 1. Jaslar qi'yi'n iske yen' jaqsi' wa'killerin jiberedi. *(«Y.Q.»)* 2. Wol qoyi'n qaltasi'nan saati'n aldi'. 3. Jap-salmalardan suw burqi'p ag'i'p tur. *(J.A.)* 4. Jazdi'n' bu'gingi aysi'z aqshami' biraz salqi'n tartti'. *(T.Q.)*

Bul ga'plerdegi bas ha'm yekinshi da'rejeli ag'zalar tuwra wori'n ta'rtip boyi'nsha jaylasqan.

**Tuwra wori'n ta'rtiptin' kestesi**




***156-shi'ni'g'i'w***. Ko'shirip jazi'n'. Bas ag'zalardi'n' asti'n u'lgi boyi'nsha si'zi'n'. Bas ag'zalarg'a qatnasli' so'zlerdin' yekinshi da'rejeli ag'zalardi'n' qaysi' tu'ri yekenin ha'm qanday ta'rtipte wornalasqani'n ayti'n'.

Saratanni'n' ku'ni sa'ske bolmay-aq shi'jg'i'ra basladi'. Tu'ni menen jol ju'rgen ka'rwanshi'lar seksewildin' sayasi'nda dem ali'p uyqi'lap ati'r. Wol tu'yelerdi jayi'p, qosqa qarap woti'r. Woni'n' qulag'i'na adamlardi'n' quri'ldi'si'nan basqa hesh na'rse yesitilmeydi. Qi'zi'lqumni'n' qoyni' sonday ti'ni'shli'q.

Shan'qay tu's. Hawa jali'n shashi'p, qumni'n' beti temir-shinin' ko'rigindey qi'zardi'. Aradag'i' qapi'ri'qtan dem ali'w qi'yi'nlasi'p barati'r. Wol a'bden sho'llep, bir urtlam suw ishkisi keldi. Suw ... Al, tek meske quyi'lg'an suwdi'n' yerki ka'rwan basi'da. Wol ju'da' qatal, ashko'z ha'm miyrimsiz adam. *(A.Bek.)*

***157-shi'ni'g'i'w***. Qosi'qti' woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'z-lerdin' wori'n ta'rtibin ani'qlan'.

ARALG'A

**Ta'n'irim berdi** seni **bul adamzatqa**
I'ri's qazani' boli'p qaynap tursi'n dep.
Bendelerim shag'lap, **jetip muratqa**,
Bul alti'n jag'i'sta da'wran su'rsin dep.

**Qa'dirin'e jetpedik**, a'zizim Aral,
**Gu'rsingen hawazi'n'** tur qulag'i'mda.
«U'mitin'-joldasi'n'» degen de so'z bar,
Tolqi'rsan' zamani'n' **kelgen shag'i'nda...**

*(I.Y.)*

Ga'p ag'zalari'ni'n' tuwra wori'n ta'rtibinin' almasi'p qollani'li'wi'na **inversiya** delinedi.

Inversiyali'q wori'n ta'rtipte baslawi'sh penen bayanlawi'sh yamasa ga'ptin' yekinshi da'rejeli ag'zalari' tuwra wori'n ta'rtipten wo'zgertilip qollani'ladi'. Bayanlawi'sh aldi'ng'i' wori'nda, al baslawi'sh yaki bayanlawi'shqa qatnasli' yekinshi da'rejeli ag'zalar keyingi wori'ng'a wo'tedi.

Inversiyali'q wori'n ta'rtip, ko'binese stillik talapqa baylani'sli' boladi'. Mi'sali':

Ku'ndiz nuri'n **shashsa ta'biyat tan'i'**,
Tu'nde **jarqi'raydi' elektr shi'rag'i'.**

*(X.S.)*

Tolqi'nlari'n' tawdan qaytpas quwatli',
Sari' sazanlari'n' **bardur qi'mbatli'.**

*(S.N.)*

A'y, aspanda jarqi'rap qalqi'g'an quyash, sen jer shari'n aylani'p ju'resen', buni' sen **ayti'p ber adamlarg'a!** *(Sh.A.)*
— Siz bag'anag'i' jerde, mashinani'n' qasi'nda nege toqtadi'n'i'z? — dedim. — Sizge ja'rdemlespekshi yedim, — dep **juwap berdi wol.** *(Sh.A.)*

—Qa'ne, **tu'rgel worni'n'nan.**

Bul ga'plerdin' ha'mmesinde de qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zler inversiyali'q wori'n ta'rtipte kelgen. Bunday wori'n ta'rtip ga'ptin' ma'nisin ku'sheytiw, wo'tkirlik ma'ni beriw ushi'n stillik talapqa i'layi'q qollani'ladi'.

***158-shi'ni'g'i'w***. Ga'plerdi woqi'n'. Inversiyali'q wori'n ta'rtipte kelgen yekinshi da'rejeli ag'zalardi' tawi'p, wolardi'n' qaysi' ag'zag'a qatnasli' yekenin ha'm qaysi' ag'zani'n' xi'zmetinde kelgenin ayti'n'.

1. Ne joq deysen', Ceylonda, a'jayi'p na'rselerdin' ba'ri de bar wonda. Wo'zin'she biyg'am ju're beriwin'e de boladi'. Biraq, so'ytip ju'rgende plantator baylardi'n' ko'zine ko'rinbesen' bolg'ani' tek. *(Sh.A.)*

2. — Toqta! — dep dawi'sladi' wol. — A'ne, ko'rmey tursan' ba aqsap kiyati'rg'ani'n.

— Bug'an sen ayi'pli'san'? — dedi Anatay, qi'si'ng'ani'nan ne qi'lari'n bilmey.

— Sen yedi jari'sqa shi'qqan!

— Ne boli'p ati'r sizlerdin' qasi'n'i'zda?

— Aqsaqal, bizler sonsha woylap bul atti'n' ayag'i'na qanday zaqi'm kelgenin bile almay ati'rmi'z, ne boldi' yeken bug'an?

— Woni' biliwdin' ne keregi bar! — dedi Shekish g'a'zepten wo'zin tuta almay qalti'rap. *(Sh.A.)*

3. — Tur worni'n'nan! — Aldi'ma tu'sin'ler. Tu'rgel, kiy mi'nani'. *(J.M.)*

***159-shi'ni'g'i'w***. Qosi'qti' ko'shirip jazi'n'. Inversiya ta'rtibinde kelgen ga'p ag'zalari'ni'n' asti'n si'zi'p, wolardi'n' wori'n almasi'p keliw sebeplerin tu'sindirin'.

1. G'am jutti'm qarshaday basi'mnan,
Ku'n ko'rdim jarqi'rap ashi'lg'an.

Wo'rletti wo'mirdin' yepkini,
Jasi'mda ko'rdim tepkini.

2. Ji'g'i'lsam tu'rgeldim tag'i' da,
Bag'i'ndi'm du'nyani'n' zan'i'na.

*(T.J.)*

3. Qutli' bolsi'n senin' ba'lent pa'rwazi'n',
Juldi'z sapari'na shi'qqan zamanlas.

*(I.Y.)*

4. Ku'n ko'zi shi'qti' jarqi'ldap,
Ton'lar yerip jer bi'lqi'ldap.

*(J.A.)*

***160-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Inversiyali'q wori'n ta'rtipte kelgen ga'p ag'zalari'n tawi'p, wolardi'n' a'dettegi wori'n ta'rtipten wo'zgesheligin ha'm qanday talapqa i'layi'q inversiyalani'wi'n ayti'p berin'.

1. Wo'ser yedin' Shortanbaydi'n' boyi'nda,
Tu'ser yedin' samal menen woyi'ng'a,
Ju'rer yedin' ko'pten beri woyi'mda,
Gu'zde sari', jazda jasi'l, toran'g'i'l.

*(T.S.)*

2. Qumarti'p qarap turdi'm ko'l shetine,
Woq jetpes shoqqi'si'ni'n' kelbetine.

*(T.J.)*

3. Qoyi'n'di' baqti'm men senin',
Bir jamanli'q yettim be?

*(J.T.)*

***161-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi tuwra wori'n ta'rtip boyi'nsha kestege tu'sirin'.

1. Ali'sta g'awdi'yi'p ju'retug'i'n kombaynlar da ko'rinbeydi. 2. Ati'zlarg'a yele mallar jayi'lmag'an yedi. 3. Dalani' jaylag'an samal na'zik paqallar menen selewlerdi hazarsi'z g'ana terbep yesip tur. 4. Jaqi'n waqi'tlarda jawi'n-shashi'nli' ku'nler baslanadi'. 5. Son'i'nan bul jerlerdi qi'rpi'q qar basadi'. 6. Ha'zirshe bul jerler ti'ni'sh mu'lgip tur. *(Sh.A.)*

## TUWRA GA'P HA'M WO'ZLESTIRILGEN GA'PLER

### § 41. Tuwra ga'p ha'm wo'zlestirilgen ga'p haqqi'nda tu'sinik

***162-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Teksttin' qanday stilge qatnasli' yekenin ha'm qanday formada du'zilgenin (monolog tu'rinde me yamasa dialog tu'rinde me) ani'qlan'.

Awi'lda qorazlar shaqi'ri'p, tan' ata baslag'an waqi'tta u'sh bala qayi'qqa woti'rdi'. Biraq, Yakup u'yinen sezdirmey shi'g'i'p kete almadi'. Wol jan'a tan' ata baslag'anda woyandi' ha'm a'ste-aqi'ri'n kiyine basladi'. Biraq anasi' woyani'p ketti.

—Balam, nege bunshama yerte woyandi'n'? Bizler bu'gin balalar menen bali'q uslawg'a barami'z.

— Bali'q uslawg'a? Ko'lge me? — Gu'lemesh apay, ha'tteki ka'tten sekirip tu'sti.

— Ko'lde bali'q bolatug'i'n ba yedi, apa, — dedi Yakup sabi'rli'li'q penen.

— Awzi'n'a qum! Yendi sag'an usi' qali'p yedi!

— Men joldaslari'ma wa'de bergen yedim, apa. Al, wa'deni shaymalawg'a bolmaydi' g'oy!

— Wa'de ha'r qi'yli' boladi': birin buzi'wg'a bolmaydi', al yekinshisin buzi'w mu'mkin. Al, u'yden bir adi'm atlap shi'qpaysan'! A'ne, tap sonday!

— Awa, hay, menin' basqalardan qay jerim kem! Ne ushi'n basqalarg'a mu'mkin, al mag'an mu'mkin yemes?

— Menin' basqalar menen isim joq. Menin' balam birew! — dep ashi'wli' pishin menen juwap qaytardi' Gu'lemesh apay.

— Apa, sen meni hesh qayda jibermeysen', al men bolsam yesimdi biletug'i'n boldi'm! *(M.K.)*

So'ylewshi wo'z woyi'n, pikirin toli'q bildiriw ushi'n wo'z ga'pinin' ishinde basqani'n' so'zlerin, ga'plerin keltirip te aytadi'.

Mi'sali': Inkamal apay a'ste-aqi'ri'n taxtani'n' aldi'na bardi' da:

— **Turi'n' balalar! Sultanmurat, sen worni'n'a bari'p woti'ra g'oy** —dedi basqa aytatug'i'n so'zdin' retin tappag'anday.

— **Bir na'rse boli'p qalg'an joq pa?** —dep soradi' Inkamal apay suwi'q demin ali'p.

— **Wonday qolaysi'z hesh na'rse bolg'an joq, Inkamal apay,** —dep Ti'naliyev da'rhal woni' ti'ni'shlandi'rdi'. *(Sh.A.)*

Bul mi'sallarda qara ha'rip penen jazi'lg'anlar — **basqani'n' ga'pi (tuwra ga'p)**, al qalg'anlari' — **so'ylewshinin' (avtordi'n') ga'pi.**

Basqani'n' ga'pi yeki tu'rli jol menen beriledi:

1) basqani'n' ga'pi heshqanday wo'zgerissiz, sol da'slepki du'zilisin saqlag'an tu'rinde beriledi. Mi'sali': 1. — **Azat qi'li'w kerek pe?**—dep soradi' Maman. 2. **Aqi'li'n' nege jetse, solay isle,** — dedi wol suwi'qlaw. *(T.Q.)*

Bul mi'sallarda di'qqat yetilgen ga'pler — basqani'n' ga'pi. Wolar so'ylewshi ta'repinen wo'zgerissiz qollani'lg'an. Basqani'n' ga'pinin' bunday wo'zgerissiz berilgen tu'ri tuwra ga'p boladi':

2) basqani'n' ga'pi so'ylewshi ta'repinen wo'zgertilip, tek mazmuni'n saqlaw joli' menen beriledi. Mi'sali': 1. Maman wonnan azat qi'li'w kerek pe dep soradi'. 2. Wol suwi'qlaw aqi'li'n' nege jetse, solay islew kerek yekenligin aytti'.

Bul mi'sallarda basqani'n' ga'pi so'ylewshinin' so'zi menen aralasti'ri'li'p wo'zgertilip berilgen. Basqani'n' ga'pinin' bunday tu'ri wo'zlestirilgen ga'p boladi'.

Awi'zeki so'ylewde tuwra ga'p ha'm avtor ga'pleri intonaciya arqali' bo'linip ayti'ladi'. Jazi'wda wolardi'n' arasi'na tiyisli irkilis belgileri qoyi'ladi'.

Wo'zlestirilgen ga'pler awi'zeki so'ylewde de, jazi'wda da, intonaciya arqali' bo'linbey bir tutas ga'p tu'rine wo'tedi.

**Yeste saqlan'**: tuwra ga'p ha'm avtor ga'pleri keste tu'rinde ko'rsetilgende, tuwra ga'p T ha'ribi, avtor ga'pi A ha'ribi menen beriledi («T», -a; A: «T»; A: «T», -a; «T», -a, -«T»).

***163-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Tuwra ga'p penen avtor ga'pin tawi'p, tuwra ga'ptin' asti'n tuwri' si'zi'q penen, avtor ga'pinin' asti'n iyrek si'zi'q penen si'zi'n'. Wolardi'n' ne ushi'n tuwra ga'p ha'm avtor ga'pi dep atalatug'i'ni'na tu'sinik berin'.

1. Menin'she, da'rwazag'a Qudaybergendi qoyg'an maqul bolar yedi, —dedi A'jiniyaz. 2. —Sira' senin' ko'zin'e basqa bir na'rseler no'ker boli'p ko'ringen shi'g'ar? —dedi. 3. Men seni bilermeken dep sorap yedim, yendi sag'an shi'ni'n aytayi'n, tisin'nen shi'g'armaysan' ba? —dedi Bag'dagu'l. *(T.Q.)* 4. —Ag'a qashan salmag'a suw ashasan', —dep Seyit Worazbaydan soradi'.

— Tu'sten keyin ashami'z, — dedi Worazbay.

— Seyittiki duri's, qi'ynalmasan' salmani'n' sag'asi'n ash, balam. Bul suwdi' ha'mme adam, Qi'rqqi'zdi'n' barli'q jeri ku'tip ati'r, — dedi Nurbay menen so'ylesip ati'rg'an g'arri'.

Aqi'ri' diyqanlar: «Suw jerdin' jani' ha'm wo'simliktin' qani'» dep biykarg'a aytqan yemes, — dedi Nurbay. *(A.Bek.)*

## § 42. Tuwra ga'p ha'm avtor ga'pi, wolardi'n' wori'n ta'rtibi

Du'zilisi ha'm mazmuni' wo'zgertilmey berilgen basqani'n' ga'pine **tuwra ga'p** dep ataladi'.

Mi'sali': — **Jaqsi' ji'lqi'lar yeken, baqqi'da turg'ani'n da'rriw bileqoyasan',** — dep Inkamal apay woni' xoshametlep so'yledi. *(Sh.A.)*

Bul mi'saldag'i' qara ha'rip penen jazi'lg'an ga'p — tuwra ga'p. Wol so'ylewshinin' so'zi yemes, basqani'n' — Inkamal apaydi'n' so'zi. So'ylewshi sol ga'pti wo'z so'zinin' ishinde wo'zgerissiz keltirgen.

Tuwra ga'p penen baylani'sli' qollani'lg'an so'ylewshinin' so'zine **avtor ga'pi** delinedi.

Mi'sali': Ko'rmeysen' be, adamni'n' qoli' gu'l degen usi' dag'i', — **dedi Qayi'p ag'a tag'i' da tan'lani'p so'ylep.** *(X.S.)*

Bul mi'salda qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zler avtor ga'pi. Bunda so'ylewshi ga'pti kim aytqanli'g'i' ha'm sog'an qatnasli' wo'zinin' pikirin beredi.

Tuwra ga'p penen avtor ga'pin baylani'sti'ri'wda **dep, dedi, deydi, desti** ha'm t.b. baylani'sti'ri'wshi'li'q xi'zmettegi ko'mekshi feyiller qollani'ladi'.

***164-shi'ni'g'i'w***. Tekstti woqi'n'. Tuwra ga'p penen avtor ga'pin tawi'p, bir-birinen wo'zgesheligin ha'm arasi'ndag'i' baylani'sti'ri'wshi' so'zlerdi ayti'n'.

Ti'naliyev wolardi'n' ti'ni'shlani'wi'n wo'tinish yetti:

— Qa'ne, na'wbet boyi'nsha so'ylen', balalar. Woynaytug'i'n waqi't yemes. Da'slep woqi'wdi'n' jag'dayi'nan baslayi'q. Senin' woqi'wi'n'ni'n' bari'si' qalay?—dep wol tag'i' da Sultanmuratqa buri'ldi'.

— Wonsha aytarli'qtay yemes, — dep gu'n'kildedi Sultanmurat.

— Ne wonsha yemes?

— Bi'layi'nsha, wonsha jaman yemes degenim g'oy.

— Ju'da' jaqsi' da yemes, — dep ga'pke aralasti' Inkamal apay. Wo'zi ju'da' uqi'pli'. Bir ayi'p jeri — alag'ayi'mlaw, — dedi.

— Him-m, — dep dawi'si'n sozi'p woylani'p qaldi' basli'q.

— Sen qalaysan', Anatay?

— Menin' awhali'm da sonday, — dedi wol.

— Heshqaysi'n'i'z da bir-birin'izden arti'q yemes qusaysi'z, — dedi de Ti'naliyev mi'rs yetip ku'lip, turi'p tag'i' da bi'lay dedi: —Mektepke qayti'p kelgennen keyin woqi'wdi'n' qa'dir-qi'mbati'n tu'sinesiz, biraq.

— Men de ko'p na'rselerdi bilmeymen, —dedi Ti'naliyev.

— Uri's bolmag'anda, men de woqi'wg'a ketip bilmegenimdi u'yrengen bolar yedim. *(Sh.A.)*

Tuwra ga'p penen avtor ga'pinin' wori'n ta'rtibi to'mendegishe jaylasadi':

1. Tuwra ga'p avtor ga'pinen aldi'n keledi.

— **Mine, usi' jerler sizlerdin' jan'a qoni'si'n'i'z boladi'**, — dedi Shaqli' Maral wolarg'a. *(Sh.A.)*

Keste tu'rinde: T, — a.

2. Tuwra ga'p avtor ga'pinen keyin keledi:

Wol kitapshasi'na u'n'ilip aldi' da bi'lay dedi: **«Sen ju'da' duri's aytasan'.** — Basqa **xali'qti'n' tilinde so'yley almasan', san'i'raw adamg'a usaysan'»**. *(Z.V.)*

Keste tu'rinde A: «T».

3. Tuwra ga'p avtor ga'pinin' wortasi'nda keledi:

Sol waqi'tta M. Gorkiydin': **«Analar haqqi'nda qansha ji'rlasan' da, ba'ribir wol hesh tawsi'lmaydi'»**, — degeni yesime tu'sti. *(W.X.)*

Keste tu'rinde: A: — «T»-a.

4. Tuwra ga'ptin' wortasi'nda avtor ga'pi keledi: **«Qi'mbatli' ka'siplesim», —** dedi wol, **— ana ju'regi haqqi'nda yele bir de medicina sabaqli'g'i'nda jazi'lmag'an, woni'n' qu'diretliliginin' si'rlari' ashi'lmag'an»**. *(Z.V.)*

Keste tu'rinde: «T, -a, -T».

***165-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Tuwra ga'p ha'm avtor ga'plerin tawi'p, wolardi'n' wornalasi'w ta'rtibin keste tu'rinde tu'sindirin'.

1. Sizin' g'awashalari'n'i'z jaqsi' rawajlani'pti', — dedi Zayi'rov sa'lemlesip bolg'annan keyin. 2. Ha'zir wolar awi'ldi' gu'llendiriwge at sali'si'p ati'r, —dep Gu'lzira yesip-yesip so'ylep ketti. 3. Sag'an tag'i' da aytaman, — dedi Bekpolat, — qi'z-bali'q—ti'n' aqi'ri' qi'zi'l ju'zin'di soldi'ri'p, uyatqa qaldi'ri'p ju'rmesin. *(W.X.)* 4. Xosh bol, Oksana, aman bol! — dep baqi'rdi' wolar. 5. Balalar, — dedi G'abdulla, — birewimiz juwi'rg'i'sh, yekinshimiz mergen, u'shinshimiz palwan boli'p kettik g'oy. *(M.K.)* 6. Ba'rinen de xabari'n'i'z bar. Ti'n'shi' jiberip Mu'shiriptin' woyi'n bildik, — dedi Tawmurat. *(K.S.)* 7. Bizin' xalqi'mi'z: «Wo'z yelin' — jer tuti', kisi yeli — qarami'q», — deydi. 8. — Jaq, qa'dirli joldas, — dedi professor, — studentlerdin' ma'pleri anag'urli'm joqari'. *(Z.V.)*

***166-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Qag'i'ydag'a berilgen kesteden paydalani'p, tuwra ga'p penen avtor ga'pinin' wornalasi'w ta'rtibin ha'rbir ga'ptin' keynine keste tu'rinde cifrlap jazi'p ko'rsetin'.

1. — Qa'demlerin'iz qutli' bolsi'n! Iske sa't, jigitler! — dedi g'arri' yoshli' tu'rde so'ylep. *(J.S.)* 2. Yendi qay jerde woqi'ysan'? — dedi wol. *(K.S.)* 3. — Qaytari'wi'n qaytardi'q-aw, ag'a, — dedi A'jiniyaz ku'lkisin zorg'a ti'yi'p. *(T.Q.)* 4. Bular yekewi de, — dedi ustalardi' ko'rsetip, — qalani'n' arg'i' jag'i'ndag'i'

qorg'anni'n' qulag'an jerin wo'rip ati'r. *(K.M.)* 5. Biraq, sog'an qaramastan wol: «Meyli, baraman, jibere berin'!» — dedi. 6. Ag'am wonnan: «Hey, netken balasan'? Bizin' ju'ktin' arasi'nda ne qi'li'p ju'rsen'» — dep soradi'. *(A. Bek.)* 7. Buni' bizlerge kempir apam a'kelip berdi, — dedi Oksana. *(M.K.)* 8. Bir awi'ldan so'ylesip woti'rg'anday aqsaqaldi'n' tabi'lmag'ani' qi'zi'q boldi'-aw! — dep gu'n'k yetti. *(K.M.)*

## § 43. Tuwra ga'ptin' irkilis belgileri

***167-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi di'qqat penen woqi'n'. Tuwra ga'ptin' wornalasi'w ta'rtibin ha'm woni'n' irkilis belgilerin ani'qlan'.

— Ga'p bi'lay Anatay, sen de a'ken' ushi'n diyqanshi'li'q yetiwge barasan'. Mu'mkin, sag'an bir ji'l, ba'lki wonnan da ko'birek mektepten qol u'ziwge tuwra keler ...

— Men de baraman! Men de baraman! Men de! — desip, geypara balalar wori'nlari'nan tu'rgele basladi'.

— Yaq, toqtap turi'n'lar! — dep basli'q wolardi' ti'ni'shlandi'rdi'.

— Men de baraman! — dedi bir qaptaldan A'jimurat. Anasi' wog'an:

— Sabag'i'n'di' woqi'di'n' ba? — dep soradi' qatalli'q penen.

— Awa, woqi'di'm, — dedi A'jimurat.

— Bar worni'n'a bari'p uyqi'la, sestin'di shi'g'arma! Tu'sindin' be? —dedi. Anasi' Sultanmuratqa hesh na'rse demedi.

— Ala berin', balalar, za'ru'rli kerek na'rselerin'izdi tawi'p berip ta'miyinleymiz! — dedi basli'q.

— Mine, mi'nan' qaran'lar, mine bizin' ag'amni'n' atlari'! — dep dawi'sladi' Sultanmurat basli'q penen brigadirge qarap.

— Duri's! Duri's! Bular Bekbaydi'n' atlari'! — dep tasti'yi'qladi' Shekish g'arri'. *(Sh.A.)*

Bayanatshi' ko'pshilikke qarap: «Biz, jaslar, bilimdi teren' iyelewimiz kerek», — dep basladi' so'zin. Ha'zir, — dedi wol woqi'wshi'larg'a qarap, —ma'mleketimiz woqi'wshi'lardi'n' bilimdi ti'yanaqli' u'yreniwine u'lken a'hmiyet berip ati'r. *(J.S.)*

Tuwra ga'pler jazi'wda, ko'binese ti'rnaqshag'a ali'ni'p jazi'ladi'. Biraq bul jag'day barli'q waqi'tta sha'rt yemes. Ti'rnaqsha, ko'binese citatalarda, monologli'q tekstlerdegi

tuwra ga'plerde qollani'ladi'. Al, ko'rkem shi'g'armalardag'i' dialog tu'rindegi ga'plerde tuwra ga'p ti'rnaqshasi'z jazi'ladi'. Tuwra ga'pler qaysi' wori'nda kelse de, bas ha'ripten baslani'p jazi'ladi'. Mi'sali': U'yge qayti'p kelip kiyinip ati'rsam, a'kem uyqi'si'nan woyani'p ketip:

— Haw balam, ja'ne qayda atlandi'n', — dep soradi'.

— Men'limuratti'n' u'y betine. *(W.X.)*

Tuwra ga'p penen avtor ga'pinin' arasi'na wolardi'n' wori'n ta'rtibi ha'm tuwra ga'ptin' ayti'li'w maqsetine qaray to'mendegi irkilis belgileri qoyi'ladi':

1. Tuwra ga'p avtor ga'pinen buri'n kelse, tuwra ga'pten keyin ma'nisine qaray u'tir, soraw yamasa u'ndew belgisi qoyi'ladi' da, avtor so'zinen aldi'n si'zi'qsha qoyi'ladi'. Mi'sali': «Balam, miynet adamdi' hu'rmetke bo'leydi», — dedi Na'zigu'l. *(W.A.)* «Qi'zlardi'n' ati'zda ulli' ku'sh yekenin ne menen ko'rsete alasi'z?» — dedi Gu'ljamal. *(J.S.)* A'ne, qara, bizin' torg'ay sayradi'! — dedi Subanqul. *(Sh.A.)*

2. Tuwra ga'p avtor ga'pinen keyin kelse, avtor ga'pinen son' qos noqat qoyi'ladi'. Mi'sali': Xali'q bi'lay deydi: «Miynettin' ko'zin tapqan baxi'tti'n' wo'zin tabadi'».

3. Tuwra ga'p avtor ga'pinin' wortasi'nda kelse, avtor ga'pinin' da'slepki bo'leginen keyin qos noqat, tuwra ga'pten son' ma'nisine qaray, birinshi qag'i'ydada ko'rsetilgen irkilis belgilerinin' biri qoyi'ladi'. Mi'sali': I'zam kelip, qani'm qaynap: «Sizin' ni'zamg'a jatpaytug'i'n ha'reketlerin'iz tuwrali' ha'kimlerge shag'i'm yetemen!» — dep baqi'ri'p jiberdim. *(Z.V.)*

4. Tuwra ga'ptin' wortasi'nda avtor ga'pi kelse, avtor ga'pi yeki jag'i'nan u'tir ha'm si'zi'qsha arqali' bo'linip jazi'ladi'. Mi'sali':

«Bizin' brigadami'z, — dep Aygu'l apay u'lken isenim menen so'yledi, — bi'yi'lg'i' ji'li' 80 gektar paxta maydani'ni'n' ha'r gektari'nan 30 centnerden zu'ra'a't jetistirmekshi». *(K.S.)*

5. Tuwra ga'p dialog tu'rinde kelgende, tuwra ga'ptin' aldi'na si'zi'qsha qoyi'ladi' da, keyninen tuwra ga'ptin' ma'nisine qaray birinshi qag'i'ydada ko'rsetilgen irkilis belgilerinin' biri qoyi'ladi'. Mi'sali':

— Apa, iyttin' dawi'si' qaray g'oy, — dedi To'resh juwi'ri'p anasi'ni'n' aldi'na shi'g'i'p betine qaradi'.

— Qayaqta yesitiledi? — dedi anasi'.

— Anamanda, apa! — dep aldi'na qaray qoli'n sozdi'.

— Awi'lg'a jaqi'nlag'an yekenbiz, ha'zir awi'lg'a jetemiz, — dep anasi' ju'risin ku'sheytin'kiredi. *(N.D.)*

***168-shi'ni'g'i'w***. Tuwra ga'p penen avtor ga'plerinin' arasi'ndag'i' tu'sirilip qaldi'ri'lg'an irkilis belgilerin tuwra ga'ptin' ma'nisine qaray wo'zlerin'iz qoyi'p, ko'shirip jazi'n'. Tuwra ga'ptin' ti'rnaqshag'a ali'ni'w ha'm ali'nbaw sebeplerin tu'sindirin'.

1. — Woni'n' worni'na meni jaz, men baraman dedi Sadulla. *(N.D.)* 2. Qaraqalpaq naqi'l-maqallari'nda bi'lay deydi. «Jaqsi'li'q jerde qalmas». 3. Bizler dedi wol tek miynette g'ana yemes, al gu'llan iste de basqalarg'a u'lgi ko'rsetiwimiz kerek. *(A'.T.)* 4. Wol juwi'ri'p barati'ri'p, izine buri'li'p shofyorg'a sen nege tursan' dep baqi'radi'. 5. Ju'rsen'-a', tezirek degen ashshi' dawi's shofyordi'n' adi'mi'n tezletti. (*I.Q.)* 6. Jaqsi' so'z jan azi'g'i' degen ga'p bar. — Ha'zir baraman, ju're berin'iz dep u'yine qaray juwi'ri'p ketti. *(N.D.)* 7. Ju'da' ba'rekella, balam, qari'w sala berin'ler dedi Atajan ata tegislenip ati'rg'an jerlerge bir qatar ko'z sali'p. *(J.S.)*

***169-shi'ni'g'i'w***. Woqi'n'. Tuwra ga'p penen avtor ga'pinin' wori'n ta'rtibin, wolardi'n' bir-birinen wo'zgesheligin, irkilis belgilerinin' ha'r tu'rli boli'p qoyi'li'w sebebin ayti'n'.

1. Basli'q Ti'naliyev wolardi'n' ba'rin de Ergashti'n' atlar qosi'wli' turg'an gu'ndesinin' qasi'na shaqi'ri'p aldi' da:

— Qa'ne, mi'na atlardi'n' qosqa qalay qosi'lg'ani'na min tag'i'n'lar! — dedi. 2. — Sultanmurat, — dep woni' u'lgi tuti'p so'yledi basli'q Ti'naliyev, —sen komandir retinde ha'r sapari' jumi's baslanar aldi'nda atlardi'n' kim qalay yetip qosqa qosatug'i'ni'n biliwge minnetlisen'. 3. — Qa'ne, mag'an ayti'n'lar, jumi'stan son' tu'nde atlardi'n' abzi'raylari'n qay jerge taslap ketesizler? — dep soradi'. 4. — Moyi'nlaytug'i'n hesh na'rsesi joq, — dedi Palwan, —i'rasi'n aytsam, paxtashi'li'qqa qi'zi'g'aman. 5. Jumagu'l bi'lay dedi: «Sen haqi'yqat adamsan', Palwan!». 6. Sayi'mbetke qarap wol: «Ju'r, awqatqa barayi'q», — dedi. 7. — Haw, mi'naw Mu'shiriptin' bo'rki yemes pe? —dedi. *(K.S.)*

8. Shi'raqlari'm, — dedi Serimbet ag'a arag'a tu'sip, — zaman tiregi sol jaslar. *(W.A.)*

## § 44. Wo'zlestirilgen ga'pler

### Tuwra ga'pti wo'zlestirilgen ga'pke aylandi'ri'w jollari'

***170-shi'ni'g'i'w***. Qatar berilgen ga'plerdi woqi'n'. Wolardi'n' bir-birinen du'zilislik ha'm intonaciyali'q wo'zgesheligin ani'qlan'.

| Tuwra ga'p | Wo'zlestirilgen ga'p |
|---|---|
| 1. «Bular iz kesip so'zsiz tabadi'»,— dep adamlar wolarg'a isengen qa'lpinde qala berdi. *(T.Q)* | 1. Bular iz kesip so'zsiz tabadi' dep, adamlar wolarg'a isengen qa'lpinde qala berdi. |
| 2. Ma'tka'rim ag'a: «Balam, wo'z baxti'n'di' miynetten izle, yel ushi'n ayanbay miynet yet, qa'demin'e nur jawsi'n»,—dep perzentine atali'q na'siyati'n berdi. *(Q.Y.)* | 2. Ma'tka'rim ag'a perzentine, balam, wo'z baxti'n'di' miynetten izle, yel ushi'n ayanbay miynet yet, qa'demin'e nur jawsi'n, dep atali'q na'siyati'n berdi. |
| 3. «Bul bayram, — dedi asi'qpay so'ylegen terimshi qi'z Ayi'mjamal, — baxi'tli' wo'mirge jetistirgen ulli' ku'sh». *(J.S.)* | 3. Asi'qpay so'ylegen terimshi qi'z Ayi'mjamal bul bayramni'n' baxi'tli' wo'mirge jetistirgen ulli' ku'sh yekenligin aytti'. |

Bunda birinshi mi'saldag'i' tuwra ga'p penen avtor ga'pi azi'kem wo'zgeriske ushi'rap yekewinin' arasi'ndag'i' baylani'sti'ri'wshi' **dep** ko'mekshi feyili da'slepki jay ga'ptin' qurami'na wo'tip, son'g'i' ga'p penen baylani'sti'radi' ha'm da'slepki ga'pke bag'i'ni'n'qi'li'q ma'ni beredi. Yekinshi, u'shinshi mi'sallardag'i' tuwra ga'p ha'm avtor ga'pleri de aralasi'p kelip wo'zlestirilgen ken'eytilgen jay ga'p tu'rinde kelgen.

Du'ziliw formasi' wo'zgertilip, mazmuni' saqlani'p berilgen basqani'n' ga'pine **wo'zlestirilgen ga'p** delinedi.

Tuwra ga'pti wo'zlestirilgen ga'pke aylandi'rg'anda avtor ga'pindegi *dep, degen, dedi, deydi, desti* ha'm t.b. baylani'sti'ri'wshi'li'q xi'zmettegi ko'mekshi feyiller wo'zlestirilgen ga'ptin' qurami'nda saqlanadi' yamasa wolardi'n' worni'na **aytti', soradi'** ha'm t.b. feyilleri qollani'ladi'.

Tuwra ga'p wo'zlestirilgen ga'pke to'mendegi jollar menen aylandi'ri'ladi':

1. Tuwra ga'ptin' bayanlawi'shi' betlik qosi'mtali' feyilden boli'p kelgende, sol feyil **-g'an/-gen, -tug'i'n** qosi'mtali' kelbetlik feyilge yamasa **-g'anli'q/-genlik** qosi'mtali' atawi'sh feyilge aylani'p, tabi's sepliginin' jalg'awi' jalg'anadi' ha'm ken'eytilgen toli'qlawi'sh xi'zmetin atqaradi'. Al avtor ga'pindegi **dedi** feyili **aytti'** feyili menen almasi'p bayanlawi'sh boli'p keledi. Mi'sali':

| **Tuwra ga'p** | **Wo'zlestirilgen ga'p** |
|---|---|
| — Biyik shi'n'larg'a, ba'lentliklerge talpi'nami'z! — dedi ha'mme kewilli ra'wishte. *(W.X.)* | Ha'mme kewilli ra'wishte biyik shi'n'larg'a, ba'lentliklerge talpi'natug'i'nli'g'i'n aytti'. |

2. Tuwra ga'ptin' bayanlawi'shi' atli'qtan yamasa modal so'zinen boli'p kelgende, wo'zlestirilgen ga'pte sol bayanlawi'sh xi'zmetindegi so'zge **yeken** toli'qsi'z feyili dizbeklesip tabi's sepliginde qollani'ladi'. Mi'sali':

| **Tuwra ga'p** | **Wo'zlestirilgen ga'p** |
|---|---|
| 1. «Bul kisi menin' ustazi'm!» — dedi Tursi'nay. *(N.S.)*<br>2. Kesesine kultivaciyalaw kerek, — dedi Jamal. *(K.S.)* | 1. Tursi'nay bul kisi wo'zinin' ustazi' yekenligin aytti'.<br>2. Jamal kesesine kultivaciyalaw kerek yekenligin aytti'. |

***171-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen tuwra ga'plerdi wo'zlestirilgen ga'pke aylandi'ri'p ko'shirip jazi'n'. Wolardi'n' arasi'ndag'i' wo'zgeshelikler tuwrali' tu'sinik berin'.

1. Ha'zir sol ati'zlardi' bari'p ko'remiz, — dedi xatker. 2. Ba'le g'awashani'n' tu'binde yemes, — desti basqalar. 3. Bul

ha'diysenin' negizi teren'ge suw barmay ati'rg'anli'qtan, — dedi Ja'ha'ngir yen' izinde. 4. Ja'ha'ngir ag'a ne islep, ne qoyg'ani'n biledi, — dedi Turi'mbet. 5. Topi'raqti'n' asti'ng'i' qatlami'na suw bari'p jetpegenlikten g'awasha kem-kemnen soli'ydi', — dep da'lilledi Ja'ha'ngir. 6. Ha'zir qarapayi'm adamlar da bilgir, — dedi xatker. *(W.X.)*

3. So'ylewshi tuwra ga'pti wo'zlestirilgen ga'pke aylandi'ri'p aytqanda, woni' azi'-kem wo'zgertip qollanadi'. Bunday jag'dayda tuwra ga'ptegi feyil bayanlawi'sh heshqanday wo'zgeriske ushi'ramastan, avtor ga'pindegi ko'mekshi feyil arqali' baylani'sadi'. Sintaksislik xi'zmeti jag'i'nan ken'eytilgen ag'zali' jay ga'p yamasa bag'i'ni'n'qi'li' qospa ga'p wazi'ypasi'n atqaradi'. Mi'sali':

| Tuwra ga'p | Wo'zlestirilgen ga'p |
|---|---|
| 1. «Ne de bolsa qasqi'rdi'n' izin quwi'p ko'reyin», — dep ati'ni'n' basi'n tog'ayg'a buri'p iz quwdi'. *(X.S.)* | 1. **Nede bolsa qasqi'rdi'n' izin quwi'p ko'reyin dep,** ati'ni'n' basi'n tog'ayg'a buri'p iz quwdi'. |
| 2. Men de wo'tsem qa'ytedi?! — dep wol birazdan keyin basi'n ko'terdi. *(X.S.)* | 2 **Men de wo'tsem qa'ytedi dep,** wol birazdan keyin basi'n ko'terdi. |

Bul mi'sallarda avtor ga'pindegi **dep** feyili intonaciya arqali' bo'lingen da'slepki bo'lektin' qurami'na wo'tip, wolarg'a bag'i'ni'n'qi'li'q ma'ni beredi. Birinshi mi'saldag'i' wo'zlestirilgen ga'pte qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zler ayi'ri'mlang'an pi'si'qlawi'sh ha'm yekinshi mi'saldag'i' wo'zlestirilgen ga'ptegi qara ha'rip penen jazi'lg'anlar bag'i'ni'n'qi' ga'p xi'zmetinde kelgen.

***172-shi'ni'g'i'w***. Wo'zlestirilgen ga'plerdi tuwra ga'p yetip jazi'n'. Wolardi'n' wori'n ta'rtibi ha'm ma'nisine qaray irkilis belgilerinin' ha'r tu'rli boli'p qoyi'li'wi'n yesapqa ali'n'.

1. Shamurat ata sha'kirtlerine g'awashalardi' salqi'n menen suwg'ari'w kerek yekenligin na'siyat yetti. *(Q.S.)* 2. Men sizlerge Reyim ag'ani'n' tikken teregin ko'rsetemen dep, bag'man worni'nan turdi'. 3. Mi'rzabek Palwang'a qarap turi'p, mashinasi'

menen woni'n' u'yin ko'shirip kelgenin aytti'. *(W.A.)* 4. Men Xojanazardi'n' qasi'na barayi'n dep, Qa'dirbay worni'nan turdi'. 5. «Ala burqan dawi'lda mallar ko'zden g'ayi'p boldi'» dew jaqsi' yemes yedi. *(X.S.)* 6. Wol kelte jip gu'rmewge kelmeytug'i'nli'g'i'n aytti'. *(A'.T.)* 7. Wol Levinson qusag'an bir so'zli adamg'a isenbewge ha'm moyi'nsi'nbawg'a bolmaytug'i'ni'n aytti'. *(A.P.)*

| **Wo'zlestirilgen ga'p** | **Tuwra ga'p** |
|---|---|
| Mi'rzabek Palwang'a qarap turi'p, mashinasi' menen woni'n' u'yin ko'shirip kelgenligin aytti'. | — Mashina menen woni'n' u'yin ko'shirip keldim, — dedi Mi'rzabek Palwang'a qarap turi'p. |

***173-shi'ni'g'i'w.*** Wo'zlerin'iz ko'rkem shi'g'armalardan tuwra ga'pke 5 ga'p tawi'p, wolardi' wo'zlestirilgen ga'pke aylandi'ri'p jazi'n'.

**Tuwra ha'm wo'zlestirilgen ga'plerdi ta'kirarlaw ushi'n sorawlar ha'm shi'ni'g'i'wlar**

1. Tuwra ga'p dep nege aytami'z? Tuwra ga'p penen birge qanday ga'p qollani'ladi'? Qag'i'ydasi'n ayti'n'.
2. Tuwra ga'p penen avtor ga'pi qanday so'zler arqali' baylani'sadi'? Wolardi' atap ko'rsetin'.
3. Qanday jag'dayda tuwra ga'p ti'rnaqshag'a ali'nadi', qanday jag'dayda ali'nbaydi'?
4. Tuwra ga'p penen avtor ga'pinin' arasi'na qanday irkilis belgileri qoyi'ladi'?
5. Wo'zlestirilgen ga'p dep nege aytami'z? Tuwra ga'pti wo'zlestirilgen ga'pke aylandi'rg'anda woni'n' irkilis belgileri saqlana ma?

***174-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Teksttin' qanday stilde du'zilgenin ha'm wolardi'n' qurami'nda qanday ga'pler qollani'lg'ani'n ani'qlan'. Tuwra ga'plerdi tawi'p, wolardi'n' avtor ga'pinen qanday irkilis belgileri arqali' bo'linip ayti'lg'ani'n ha'm ma'nisine qaray qanday ga'p yekenin ani'qlan'.

U'lken qara u'ydin' aldi'nda qora-qopsi' tazalap ju'rgen hayal birden ko'zge tu'sti. Wol da meni ko'rip mag'an qaray ju'zin burdi'.

— Apa, sa'lem! — dep a'dettegishe qoli'nan aldi'm.

— Saw bol, qarag'i'm, mug'allimjan. Kelin', dep wol mag'an mira't yetti ha'm alg'a ju're basladi'.

— Apa, u'yde Sadi'q joq pa? Wol mi'yi'g'i'nan ku'limsirep:
— Bizin' Sadi'qjan nag'i'z jigit boldi' g'oy, — dedi wol u'yine kire berip, wol sabag'i'n tayarlap boli'p qozi' bag'i'wg'a ketti.
Soni'n' arasi'nda jami'rasi'p qozi'lar da keldi.
— Shopan bala, harma? — dedim qasi'na bari'p.
— Yekewi de hasi'l qozi', mug'allim. U'lkeygen son' sur tuwadi', — deydi ag'am.
— Wonda sen a'ken'dey dan'qli' shopan bolasan' g'oy!? ... A'ne, bul — ma'rtlik is! — dedim woni'n' quwani'shli' kewlin ko'terip. *(W.X.)*

***175-shi'ni'g'i'w***. Tuwra ga'plerdi wo'zlestirilgen ga'pke aylandi'ri'p ko'shirip jazi'n'. Tuwra ga'p ha'm avtor ga'plerinin' qanday wo'zgeriske ushi'rag'ani'n, qanday ga'ptin' (jay ga'p pe yaki qospa ga'p pe) du'zilisine wo'tkenin tu'sindirin'.

1. Buni'n' aqi'beti jaqsi' bolmas, — dedi Sa'nem gu'rsinip. 2. Ul menen qi'zdi'n' qanday ayi'rmasi' bar? — dedi salmaqli' tu'rde wol. 3. To'rebay ag'a, wo'zim ketemen, qal ag'a. — dedi Jumagu'l. *(T.Q.)* 4. Mektep woqi'wshi'lari' bi'lay desti: «Mektebimizdin' aylanasi'na terek tigip ko'rkeytemiz». 5. «Zootexnikali'q qa'delerdi iske asi'ra woti'ri'p, — dedi Aysultan, — bi'yi'lg'i' ji'li' wo'zime bekitilgen 16 si'yi'ri'mni'n' ha'rbirinen 2300 litrden su't sawi'p tapsi'raman». 6. Wol so'zin ni'qlap: «Men usi' qag'i'ydani' uslap tutaman», — dedi. *(K.S.)* 7. Direktor menen so'ylesiwimiz kerek yedi, — dedi mexanik. *(I.Q.)*

## § 45. Dialog ha'm woni'n' irkilis belgileri

***176-shi'ni'g'i'w***. U'zindini woqi'n'. Bul u'zindinin' neshe adamni'n' ga'pi yekenligine ha'm woni'n' qanday ga'pke uqsas keletug'i'nli'g'i'na di'qqat yetin', quri'li'si' boyi'nsha qanday ga'p yekenligin ani'qlan'.

— Ha' jen'ge, bul men. Qori'qpa! — dedi ishke kirgen adam. Yendi tani'di'n'i'z ba, menin' kim yekenligimdi? Woni'n' sorawi'na birazg'a shekem hesh bende juwap qaytarmadi'.
— Tani'p tursi'z g'oy, menin' kim yekenligimdi? — dedi wol tag'i'.
— Ne qi'lami'z, tani'saq? — dep gu'n'k yetti darg'ani'n' hayali'.
— Is qi'staw!...

— Jumi'si'n'di' ayt sonda?
— Usi' u'ydegi jen'gey kerek yedi.
— Bul u'yde jen'gey yekew.
— Qaysi'si' soni'n'?
— To'mennen kelgen jen'geydi aytaman.
— Awa, ayta ber, — dep shi'rt yete qaldi' Sahibjamal sol ma'ha'lde.
— Menin' nege kelip turg'ani'mdi' bilersiz deymen.
— Heshqanday. Biyxabarman. Ne wo'zi?
— Bir za'ru'r jumi'si'm bar deppedim?
— Awa, awa! ... Ayti'p yedin'iz. Ne islewim kerek? — dep hawalaqlandi' Sahibjamal.
— Wol ushi'n tez kiyinip si'rtqa shi'g'i'wi'n' kerek.
— Sabi'r qi'li'n' azi'raq, — dedi de Sahibjamal urman-purman kiyinip, woni'n' izine yeriw menen boldi'. *(W.X.)*

**Yeki yamasa birneshe adamni'n' so'ylesiwine dialog dep ataladi'.**

Dialoglar ga'p tu'rinde beriledi. Dialogtag'i' ha'rbir adamni'n' soraw-juwap tu'rindegi ga'pi **replika** delinedi.

Dialogta ayti'lg'an ha'rbir adamni'n' ga'pi jan'a joldan baslani'p jazi'ladi' da, aldi'nan si'zi'qsha qoyi'ladi'. Soraw-juwap tu'rindegi ga'plerden keyin ayti'li'w maqsetine qaray noqat, soraw, u'ndew belgileri qoyi'ladi'. Yeger dialoglar tuwra ga'p boli'p kelse, tuwra ga'pke qatnasli' irkilis belgileri qoyi'ladi'. Mi'sali':

— Aysholpan, Joldasti' qorqi'ti'p alarmi'z, ju'r kettik.
— Yerte yemes pe?
— Aeroportqa jayaw jetemen degenshe ko'p waqi't wo'tedi.
— Ju'r yendi.
— Jaqsi' barami'z? — dedi Joldas.
— Ag'an' kiyati'r.
— Ag'am?
— Awa, ag'an' kiyati'r.
— Qayda?

Joldas bunnan keyin u'ndemedi. *(J.A.)*

***177-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Dialog tu'rindegi ga'plerge di'qqat yetip, wolarg'a irkilis belgilerinin' qoyi'li'w sebebin tu'sindirin'.

Bunnan keyin aqsaqal la'm-mim dep u'ndegen joq. Birazg'a shekem u'y-ishi ji'm-ji'rt boldi'. Bir waqi'tta qara saqalli' kisi:

— Bul adam sennen birneshe ko'ylek buri'n tozdi'rg'an adam. Aqsaqaldi'n' tilin al, — dedi.

— Biz yele hesh na'rsenin' basi'na barg'an joqpi'z.

— Jasi' u'lken adam menen salg'i'laspa dedim g'oy.

— Wol sizlerdin' paydan'i'z. Xali'qti'n' talabi'.

Aqsaqal maldas quri'p woti'rdi' da birden:

— Xali'q degenimiz — sizin' menen bizler. Mi'na woti'rg'an qara ko'zler. Gu'lla'n sharwalar. Barli'q adamlar, — dedi.

— Wolay bolsa sol xali'qti'n' basshi'si' men.

— Wonda menin' dawam joq.

— Dawi'n' bolmasa, xali'qti'n' qula dalag'a taslaytug'i'n di'mi' da joq. Tu'sindin' be!... Biz bu'gin Da'wqarada bolsaq, yerten' ten'iz boyi'ndami'z, arg'i' ku'ni tag'i' ko'shemiz. Adi'm jerde mektep salg'anday hal joq. Mektep ushi'n alti' qanat u'y berip qoyi'ppan, yerten' tiktirip beremen, — dedi ga'pti shorta kesip. *(W.X.)*

## TEKST

## § 47. Tekst haqqi'nda tu'sinik

Ma'nilik jaqtan izbe-iz baylani'sqan so'ylew birliklerinin' birikpesine **tekst** dep ataladi'.

Teksttin' ko'lemi ha'r tu'rli boladi'. Wol wo'z aldi'na qollani'lg'an yeki yamasa birneshe ga'ptin' baylani'si'nan quralg'an bir abzactan yamasa yeki ha'm birneshe abzacti'n' birikpesinen de du'ziledi.

Teksttin' qurami'na kirgen ga'plerdi, abzaclardi' ma'nilik jaqtan baylani'sti'ri'wda intonaciya, so'zlerdin' ha'rbir ga'pte yamasa abzacta ta'kirarlani'wi', sinonim so'zler, almasi'qlar ha'm da'nekerler qatnasadi'. Mi'sali': **Atlar** sol sesti yesitip qalg'anday da'rriw ku'nge arqasi'n i'si'ti'p azmaz turadi' da, **suwg'a** ja'ne awzi'n basadi'.

**Suwg'a** a'bden qang'an **ji'lqi'lar** asi'qpay jolg'a shi'g'i'p aladi' da, seyisxanag'a qarap tasi'rlasi'p shawi'p ketedi. **Wolar**

quyri'qlari'n ko'terip, arman-berman yersili-qarsi'li' yeleslep ju'rip kisnep, tanawlari'n ko'terip woynaqlaydi'. *(Sh.A.)*

Bul keltirilgen tekst yeki abzactan du'zilgen. Teksttin' bo'leklerin abzaclardi' ma'nilik ha'm grammatikali'q jaqtan baylani'sti'ri'wda mi'salda di'qqat yetilgen so'zlerdin' ta'kirarlani'wi', sinonimler, almasi'qlar qatnasqan.

***178-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Wondag'i' ha'rbir ga'ptegi di'qqat yetilgen so'zlerge itibar berip, wolardi'n' ne ushi'n aji'rati'p ko'rsetilgeni tuwrali' tu'sinik berin'.

Ji'ynali'stan adamlar kewilli tarqasti'. **Ken' dalag'a** ko'z jiberdi. Quwani'shli' yelesler, **tuwi'lg'an jerdin'** ko'rinisi ha'mmenin' woy-qi'yali'n qanaatlandi'ri'p, a'lle qayda ali'p ketti. Qi'yal qusi' birese Qi'zi'lqum u'stinde, birese A'mu'w, Araldi' boylap pa'rwaz yetti.

**Tuwi'lg'an jerdin'** shen'geli gu'ldey, taslari' ga'whar, alti'nday ko'rinedi. Tuwi'lg'an jerdin' ko'rkine toyi'mli'q barma. Ko'rgen sayi'n ko'rgisi keledi, qarag'an sayi'n qarag'i'si' keledi.

Maqpal ko'ldin' boyi'na qumarta qaradi'. Ne degen **ken' dala.** Ne yeksen', sol pitedi. Adamnan basqani'n' ba'ri ko'geredi. Bul **ken' dalada** adamni'n' tawsi'lmas i'ri'sqi'si' jati'r. Miynet yet te jemisimdi je dep, **ana-jer** ken' qushag'i'n ashi'p ati'r.

Ana jerge mashqi' yetip qarag'an adamlardi'n' ko'z aldi'nda go'ne an'g'ardi'n' boyi'ndag'i' Yerimbettin' basi'na wo'sken shoqtoran'g'i'l yelesledi. **Woni'n'** tulg'asi', ma'rtlik isi ha'mmeni yerlikke shaqi'ri'p turg'anday yeles beredi. Jan'a turmi's ushi'n gu'resken keleshek a'wladlardi'n' baxti' ushi'n qurban bolg'an xali'qti'n' birinshi ma'rt ullari'ni'n' wo'lmes izleri, arzi'w a'rmanlari' uzaq ma'nzilge megzep turdi'. *(X.Seytov)*

***179-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti ko'shirip jazi'n'. Wondag'i' wo'z aldi'na qollani'lg'an ga'plerdegi ha'm abzaclardi'n' qurami'ndag'i' baylani'sti'ri'wshi' qurallardi'n' asti'n si'zi'n'. Wolardi'n' qanday xi'zmet atqari'p turg'anli'g'i' tuwrali' tu'sinik berin'.

«Taslaq» bo'limindegi jumi's pitkende, ku'n uyasi'na qoni'p yedi. Aldi' kesh bolsa da Bekimbet «Mayshi' jol»g'a qaray ju'rip ketti. Bundag'i' woyi' wo'zinin' kapitang'a bergen buyri'g'i' waqti'nda wori'nlandi' ma, joq pa, soni' biliw yedi. Yen' basli'si',

bali'qshi'lar menen bir to'sekte jati'p, wolardi' jigerlendire tu'siwdi de woyladi'.

Wol «Mayshi' jol»g'a yel jata keldi. Qoslardi'n' woti' wo'sken, sira', ba'ri de uyqi'lap, dem ali'p ati'rg'an boli'wi' kerek. Bul gezde Nari'mbet maydang'a shi'g'i'p, qarawi'lli'q yetip woti'r yedi. Bekimbettin' motori'ni'n' dawi'si'n tani'p, wo'zi qarsi' aldi'. *(W. Aytjanov)*

***180-shi'ni'g'i'w***. Qosi'q tekstin woqi'n'. Mazmuni'n tu'sinip ali'p, woni'n' nege arnalg'ani'n ani'qlap so'ylep berin'. Tekst birliklerin baylani'sti'ri'wshi' qurallardi' ani'qlan'.

## JA'NE BA'HA'R KELDI

Ja'ne ba'ha'r keldi. Biraq ta
G'azlar bunda kelmeydi qayti'p.

Ten'iz qashar jag'adan uzaqqa,
Kimlergedur na'letler ayti'p...

Yertede wo'zim qonaq qi'di'rtqan
Ko'k seynerim jati'r qi'rg'aqta.

Bir qi'zalaq, bir bala wog'an,
Minip qarar ko'k ten'iz jaqqa.

Gu'rpildesip merwert tolqi'nlar,
Juwmas yendi bul jag'i'slardi'.

Ko'rmes yendi bul jas balalar,
Sharqi'ldasqan shag'alalardi'.
Bunda yendi wo'zim biymen dep,
Duzli' dawi'l qanati'n jaydi'.

Al adamlar jag'i'sta gu'yben'lep,
Bu'gingisi menen jasaydi'.

*I. Yusupov*

## WOQI'WSHI'LARDI'N' TIL BAYLI'G'I'N WO'SIRIW

***Tapsi'rma***. Tekstti woqi'n'. Teksttin' a'deplilikke u'yretetug'i'n ta'rbiyali'q a'hmiyetine ma'ni berip, awi'zsha so'ylep berin'.

### ATA-ANANI' HU'RMETLEW HAQQI'NDA

A'y balam, aqi'l juwi'rti'p bilgil: ata-ana hu'rmet-izzetin moyi'ng'a ali'w lazi'm. Sebebi, perzenttin' tiykari' ata-anadur. Ne ushi'n ata-anamdi' hu'rmet qi'laman dep, kewlin'e keltirme.

Wolar senin' ushi'n wo'limge tayar turadi'... Sen soni' biliwin' kerek.

Yeger ha'rbir perzent aqi'lli' dana bolsa, ata-anani'n' mehir-muhabbati' ushi'n hesh na'rseni wori'nlawdan bas tartpaydi'... Ata-anani'n' jumi'si' — seni ta'rbiyalap wo'siriw ha'm sag'an jaqsi'li'q u'yretiw.

Ata-anani'n' kewlin hesh te renjitpe, wolardi'n' ju'rek-bawi'ri'n dag'lama. Sen ata-anani'n' haqqi'na din jag'i'nan a'mel qi'lmasan' da, aqi'l-mu'riybet, adamgershilik ko'zqarastan a'mel qi'l.

Ata-ana sag'an jan-ta'ni menen g'amxorli'q qi'ladi', yeger sen wolarg'a qa'te is qi'lsan', sen heshqanday jaqsi'li'qqa sazawar yemessen'. Sebebi, adam ata-anani'n' jaqsi'li'g'i'n bilmese, basqa birewdin' jaqsi'li'g'i'na baha bere almaydi'. Wo'z perzentin'nin' seni hu'rmet qi'li'wi'n qa'lesen', sen de wo'z ata-anan'di' hu'r-met qi'l. Sen ata-anan'a qanday is qi'lsan', perzentin' de sag'an sonday is qi'ladi'...

Miyras ali'w niyetinde ata-anan'ni'n' wo'limin hasla tileme. Wolardi'n' i'ri'sqi'si' arqali' i'ri'sqi'g'a iye bolasan'. Birewdin' i'ri'sqi'si'n alaman dep ha'reket qi'lma. Sennen hal-awhali' jaq-si'raq bolg'an adamlarg'a qi'zg'ani'sh penen qarama...

Du'nya-malsi'zli'qtan jarli' bolsan' da, aqi'lg'a bay boli'wg'a ha'reket qi'l, sebebi du'nya-mal menen bay bolg'annan go're, aqi'lg'a bay bolg'an jaqsi'raq: aqi'l menen du'nya-mal tabi'wg'a boladi', biraq du'nya-mal menen aqi'l tawi'p bolmaydi'... Mi'na na'rseni bil: aqi'l wol uri' ali'p kete almas, wotta janbas, suwda batpas bir qi'mbat bahali' na'rsedur.

Yeger aqi'li'n' bolsa wo'ner u'yren, sebebi wo'nersiz aqi'l lipassi'z ta'n ya'ki bet-a'lpeti joq adam si'yaqli'. Bilim bul aqi'l belgisi degen yeken. *(«Qawi'snama». Qayqawi's)*

## WOQI'W JI'LI' DAWAMI'NDA WO'TILGENLERDI TA'KIRARLAW

***181-shi'ni'g'i'w***. Tekstti woqi'n'. Teksttin' qanday stilge qatnasli' yekenligin ha'm teksttegi ga'plerdin' du'zilisine qaray (jay ga'p pe yamasa qospa ga'p pe) qanday ga'p yekenligi tuwrali' tu'sinik berin'.

Qaran'g'i' tu'siwden tu'lki saydan shi'qti'. Ti'n'-ti'n'lap ku'tip turdi' da, temir joldi'n' janbawi'ri'n jag'alap jorti'p ketti. Sol ju'riste wol ti'rs yetken ses shi'g'armay joldi'n' ga' arjag'i'na, ga' berjag'i'na wo'tti. Bul jerlerden wol jolawshi'lar vagonni'n' a'yneginen i'laqti'ri'p taslag'an qaldi'qlardi' izledi.

Birazdan son' wol bir jerlerde shon'qayi'p woti'ri'p demin ali'p yedi, wo'zegin taldi'ri'p barati'rg'an ashli'q woni'n' an'sari'n tag'i' da temir jol ta'repke awdardi'. Biraq aldi' betindegi liniyadan jaqti' ko'rinip, bir jup lokomotiv ju'k tiyelgen uzi'n quyi'n sozi'lg'an vagonlardi' su'yrep barati'rg'an yedi.

Yari'm aqsham waqti'nda ha'reketti ta'rtipke keltirip turatug'i'n qarawi'ldi'n' jayi'na qaray a'llekim alg'an bag'i'ti'nan qaytpastan ti'nbay ju'rip kele berdi. Da'slep shpallardi'n' u'sti menen tuwri'lap yedi, son'i'nan wol qarsi' aldi'nan kiyati'rg'an poezd jaqi'nlasi'wdan janbawi'rdan to'men tu'sip ju'rdi. Ashi'q maydanshasi'nda konduktor turg'an yen' son'g'i' vagon tusi'nan wo'tkenshe, wol worni'nan qozg'almadi'. *(Sh.A.)*

***182-shi'ni'g'i'w***. Tekstti woqi'n'. Teksttin' qanday stilde jazi'lg'ani'n ani'qlan' ha'm mazmuni'n so'ylep berin'. Birinshi abzactag'i' ga'plerdin' jay ga'ptin' ma'nisine qaray qaysi' tu'ri boyi'nsha bayanlang'ani' tuwrali' tu'sinik berin'.

### SHAY QASHAN PAYDA BOLG'AN

Shay bunnan u'sh mi'n' ji'l buri'n Qi'tayda ma'lim bolg'an. Bir a'psanada ayti'li'wi'na qarag'anda shopanlar bir jasi'l wo'simliktin' japi'raqlari'n shaynag'an qoy-yeshkilerdin' shaqqanlasi'p qalg'anli'g'i', biyik jarlarg'a da wo'rmelep shi'qqanli'g'i'n bayqap qalg'an. Sonnan keyin wolardi'n' wo'zleri de sol japi'raqlardi' keptirip, suwg'a qaynati'p iship ko'rgen. Sonnan shay ishiw pu'tkil Qi'tayg'a tarali'p ketken.

Keyinirek shay Yaponiyada ha'm basqa Aziya yellerine taraldi'. Al Evropada birinshi ret 1517-ji'li' portugallar, 1610-ji'li' gollandlar shaydi'n' mazasi'n tati'p ko'rdi. A'sirese, Angliya

xalqi' shaydi' ju'da' jaqti'ri'p qaldi'. Ha'zirgi waqi'tlari' wolar shay ishiw boyi'nsha du'nyada birinshi wori'ndi' iyeleydi. Rossiyada shay birinshi ret 1638-ji'li' payda boldi'. Wonda mong'ol xani' Alti'n xan wori's patshasi' Mixail Fedorovichke ali'p kelgen sawg'alari'ni'n' arasi'nda to'rt pud shay japi'rag'i'n da qosi'p jibergen yedi. Sonnan keyin ko'p waqi't wo'tpey shay ishiw Rossiyada da u'rdiske aylandi'. Bu'gingi ku'nde shay wo'simligi planetami'zdi'n' barli'q yellerinde wo'siriledi. Al, yen' iri shay wo'siriwshi yeller Hindstan, Shri Lanka, Indoneziya, Pakistan, Yaponiya, Vetnam, Iran, Tu'rkiya yesaplanadi'. *(«Y.Q.»)*

***183-shi'ni'g'i'w***. Tekstti ko'shirip jazi'n'. Ga'ptin' grammatikali'q tiykari' baslawi'sh ha'm bayanlawi'shti'n' asti'n si'zi'n'. Wolardi'n' qanday so'z shaqabi'nan bolg'anli'g'i'n, sorawlari'n ayti'n'.

Jawi'n yele silpilep jawi'p tur yedi. Ko'sheden mashinalar dizbegi i'zg'i'p wo'tip tur. Faralarg'a shag'i'li'sqan gu'mis tamshi'lar marjan monshaqlar kibi asfalt to'sin ti'ni'msi'z sabalaydi'.

Jigit plashi'ni'n' jag'asi'n a'sten ko'terip qoydi'. Wol joldi'n' g'i'rra jag'asi'n yenlep ati'rg'an za'wlim biyik jaydi'n' joqari' qabati'na ko'z tasladi'. Jetinshi qabattag'i' shetki aynani'n' jari'g'i' wo'shti.

Wol usi' woyi'na bekkem isendi. Ha'tte, gu'manlang'an da joq. Alda turg'an ali's sapar tuwrali' woyladi'. Yekewi uzaq qi'di'rdi'. Aspan to'rinde ji'mi'n'lasqan juldi'zlar wolardi' qol bi'lg'ap shaqi'ri'p ati'rg'an yan'li' qas qag'adi'. (*S.I.)*

***184-shi'ni'g'i'w***. Ko'shirip jazi'n'. Ha'rbir ga'ptin' grammatikali'q tiykari'n tawi'p, sintaksislik tallaw u'lgisi boyi'nsha asti'n si'zi'n'. Bas ag'zalardi'n' qatnasi'na qaray wolardi'n' qurami'n ayti'n'. Jay ga'plerdin' yeki bas ag'zali' ha'm bir bas ag'zali' boli'p bo'liniwin tu'sindirin'.

1. Alti'n gu'z. Wo'rkeshlengen Bo'rshi tawi' menen mi'stay ji'lti'rap jati'rg'an Qi'zi'lqum u'stinen wo'z shug'lasi'n tu'sirip tan' ati'p kiyati'rg'an gez. Ag'a shopan Serdali' ku'ndegi a'deti boyi'nsha qoylari'n wo'riske shi'g'ari'p, wotarg'a qaray bag'i't aldi'. *(J.S.)*

2. Yerte zamanlarda da sharwashi'li'qta bay ta'jiriybelerge iye shopanlar da bolg'an. Biraq wolardi'n' beli qayi'si'p baqqani'

baylardi'n' qoylari' yedi. Al ha'zir basqasha. Ha'zirgi shopanlar xali'q bayli'g'i'n ko'zdin' qarashi'g'i'nday saqlaydi'.

3. Qi'zi'lqum! Qi'zi'l qi'ya dala! Sharwalar Qi'zi'lqumni'n' wo'zinde wot-sho'p bazasi'n sho'lkemlestiriwdi woylaydi'. Mallar ushi'n ji'lli' qoralar sog'i'p, xali'qqa jaqsi' jaylar sali'wdi' a'rman yetedi. Alda islenetug'i'n jumi'slar wog'ada ko'p. *(T.N.)*

***185-shi'ni'g'i'w***. Tekstti woqi'n'. Ataw ga'plerdi tawi'p, wolardi'n' bildiriliwin ha'm ataw ga'p dep atali'w sebebin tu'sindirin'.

Tu'n. Yari'm aqsham. Adamlar tu'nnin' tatli' ra'ha'tinde. Tek tu'n quslari' menen tu'n haywanlari' g'ana tu'nde ti'ni'm tappay ju'r. Basqalar bawi'r basqan jerinde, u'yrengen worni'nda, jayli' jayi'nda, u'rdis yetken jaylari'nda jati'r.

Tu'n ha'zligi — turmi's ha'zligi. Tu'n qanday tamasha! Aspan ashi'q. Jag'i'mli' hawa. Ti'ni'shli'q. Aydi'n' sa'wlesi ko'k aspang'a aqmami'q jawi'p qoyg'anday ko'rinedi. Aq bultlar jaqti'li' sa'wlege bo'lenip ji'li'si'p barati'rg'anday seziledi.

Jaz ayi'. Shan'qay tu's. Japi'raqlar ji'm-ji'rt. Tereklerdin' shaqalari' shi'jg'i'rg'an quyashqa denesin ku'ydirip turg'anday sallani'si'p tur. Qara teriden qurash kiygendey gu'jimler mu'lgip turg'ang'a uqsaydi'. Qapi'ri'q i'ssi'da qali'n' tog'ayg'a kirip bolmaydi'. Jaylaw a'tirapi'nda qozi'-i'laqlar, u'yirilip turg'an ji'lqi'lar menen qara mallar quyashqa arqasi'n berip toparlasi'p tur.

***186-shi'ni'g'i'w***. Woqi'n'. Berilgen ga'plerdegi birgelkili ag'zalardi' tawi'p, wolardi'n' qanday grammatikali'q qurallar arqali' baylani'sqani'n ha'm qaysi' ag'zani'n' xi'zmetinde yekenligin ayti'n'.

1. Nargizdin' ju'regindegi isenim barli'q gu'llerdi tan' qaldi'rdi'. Bunday qu'diretli muhabbat penen tolqi'nli' da'ryalardi', tu'psiz ten'izlerdi ju'zip wo'tiw mu'mkin. Bunday muhabbat penen sheksiz sahralardan, to'belerin bult qaplag'an biyik-biyik tawlardan asi'p wo'tiw mu'mkin. Bunday ulli' muhabbatqa mu'na'sip bolg'anlar barli'q qa'wip-qa'terlerden aman wo'tedi, jen'is penen diydilegen jerine jetedi. *(Sh.R.)*

2. A'liy de, Ja'liy de kewillendi. Awi'ldan yeki-u'sh shaqi'ri'm ali'slamay-aq qami'sli'qti'n' arasi'nan pi'ri'ldap shi'qqan qi'rg'awi'llar, qoyanlar ko'beydi. Ja'liy i'rastan da sheber i'laqshi'

yedi. Qoyan qashsa boldi', ati'ni'n' jali'na asi'la gu'rjiyip izine tu'sse aman jibermeydi. *(T.Q.)*

3. Yernazar palwan yele qurdi' adi'm-adi'm aylani'p ju'r. Woni'n' tawdi' tas-talqan yetkendey g'ayrati'na qayi'l bolmag'an adam joq. Ji'ynalg'an alaman wo'z ara si'bi'r-si'bi'r, gu'bir-gu'bir.

Menin' yeki ko'zim Yernazarg'a tigilgen. Gu'jireygen moyni'na, kesek-kesek bulshi'q yetlerine tesilip qarayman. Geyde wo'zimnin' bilegime, sanlari'ma qarap qoyaman. Palwan atawli'si'na qudayi'm kesip-piship bergendey som tulg'a, tutas bulshi'q yet kerek yeken,—deymen wo'zimshe.

Mende wolardi'n' bir de birewi joq: ya ku'sh, ya som go'sh, ya ta'sil. *(A'.A.)*

***187-shi'ni'g'i'w***. Qaratpa, kiris ag'zalardi'n' irkilis belgilerin qoyi'p, ko'shirip jazi'n'. Kiris ag'zalardi'n' ga'ptin' basqa ag'zalari' yamasa ga'p penen ma'nilik baylani'si'n tu'sindirin'.

1. A'y balam so'z ti'n'lawdan qashpa, adam so'z yesitiw, ti'n'law arqali' so'zge sheber boladi'. *(Qabusnamadan)* 2. Duri'–si'nda da mag'an aspanni'n' jiyeginen ushpa aq bult ko'rindi. *(A.R.)* 3. Shamasi' Ayzada usi'ni' ku'tip woti'rg'an da yedi. 4. Jigitler sizlerdin' ga'pin'izdin' ra'ma'wzine qarag'anda kosmosqa adamsi'z raketa ushqan, solay ma! 5. Al sonda wol raketani' kim basqari'p, kim bag'darlap woti'radi'. 6. A'lbette ma'mleketlik ma'p ba'rinen de joqari' turadi'. 7. Men haqi'yqati'nda da solay woylag'an yedim. 8. Demek sen ha'mmege unag'ansan' da. 9. Sa'lem Anna Ivanovna qalay, salamatsi'z ba? 10. Miynetkesh xali'q a'lbette wo'zinin' jarati'li'si' jag'i'nan wol a'zeliy dosli'qqa, tuwi'sqanli'qqa beyim ha'm qumar. *(I.Y.)*

## SHA'RTLI QI'SQARTI'WLAR

**A. A'**. — *A. A'liyev*
**A. B**. — *A. Begimov*
**A. Bek**. — *A. Bekimbetov*
**A. W**. — *A. Worazov*
**A. P**. — *A. Pushkin*
**A. S**. — *A. Sadi'qov*
**A'. G**. — *A'. Genjebayev*
**«A» j**. — *«A'mu'wda'rya» jurn.*
**A'. T**. — *A'. Ta'jimuratov*
**A'. Sh**. — *A'. Shamuratov*
**«Y. Q.»** — *«Yerkin Qaraqalpaqstan»*
**G. I**. — *G. Izimbetov*
**G'. S**. — *G'. Seytnazarov*
**X. S**. — *X. Seytov*
**I. Q**. — *I. Qurbanbayev*
**I. Y**. — *I. Yusupov*
**«J»**. — *«Jetkinshek»*
**J. A**. — *J. Aymurzaev*
**J. M**. — *J. Muratbayev*
**J. Sap**. — *J. Saparov*
**K. M**. — *K. Ma'mbetov*
**K. S**. — *K. Sultanov*
**Q. Aral.** — *Q. Aralbayev*
**Q. D**. — *Q. Dosanov*
**Q. Y**. — *Q. Yermanov*
**Q. Y**. — *Q. Yerniyazov*
**Q. J**. — *Q. Jumaniyazov*
**«Q. J.»** — *«Qaraqalpaqstan jaslari'»*
**Q.n.m.** — *Qaraqalpaq naqi'l-maqallar*
**M.D.** — *Mi'rzag'aliy Da'ribayev*
**M.K.** — *Mustay Ka'rim*
**M.T.** — *Mi'rza Tursi'nzada*
**N.D.** — *Na'jim Da'wqaraev*
**N.S.** — *Na'zir Saparov*
**P.Sh.** — *Pirmuxamed Shermuxamedov*
**R.F.** — *Raxmat Fayziy*
**S.A.** — *Sadridin Ayniy*
**S.N.** — *Sadi'q Nuri'mbetov*
**S.S.** — *Saparbay Saliyev*
**T.J.**— *Tilewbergen Jumamuratov*
**T.Q.** — *To'lepbergen Qayi'pbergenov*
**T.N.** — *Turdi'murat Na'jimov*
**T.S.** — *Ta'jetdin Seytjanov*
**V.K.** — *Valentin Kataev*
**W.A.** — *Wo'tegen Ayjanov*
**W.X.** — *Wo'serbay Xojaniyazov*
**Z.V.** — *Zoya Voskresenskaya*
**Sh.A.** — *Shi'n'g'i's Aytmatov*
**Sh.R.** — *Sharap Rashidov*
**Sh.S.** — *Shawdi'rbay Seytov*

## MAZMUNI’


Kirisiw ........ 3
Qaraqalpaq tilinin’ rawajlani’wi’ ........ 3
VII Klasta wo’tilgenlerdi ta’kirarlaw ........ 6
**Morfologiya ........ 6**
Ko’mekshi so’z shaqaplari’ ........ 6
Modal, tan’laq ha’m yeliklewish so’zler ........ 7
**Ga’p ag’zalari’ ........ 8**
Sintaksis ha’m punktuaciya ........ 10
Sintaksislik baylani’slar ........ 10
§ 1. Sintaksislik baylani’s haqqi’nda tu’sinik ........ 10
§ 2. So’zlerdi baylani’sti’ri’wshi’ qurallar ........ 11
§ 3. So’zlerdin’ sintaksislik baylani’si’w tu’rleri ........ 14
§ 4. Bag’i’ni’n’qi’li’ baylani’sti’n’ tu’rleri ........ 16
So’zlerdin’ sintaksislik baylani’si’wi’n ta’kirarlaw ........ 21
**So’z dizbekleri ........ 23**
§ 5. So’z dizbegi haqqi’nda tu’sinik ........ 23
§ 6. So’z dizbeginin’ basqa til birliklerinen ayi’rmashi’li’g’i’ ........ 25
§ 7. So’z dizbeginin’ du’zilisi ........ 27
**Ga’p ........ 29**
§ 8. Ga’p ha’m woni’n’ tiykarg’i’ belgileri ........ 29
§ 9. Ga’ptin’ mazmuni’na qaray tu’rleri ........ 32
§ 10. Ga’ptin’ du’zilisine qaray tu’rleri ........ 38
**Bir bas ag’zali’ ga’pler ........ 42**
§11. Bir bas ag’zali’ ga’p haqqi’nda tu’sinik ........ 42
Feyil bir bas ag’zali’ ga’plerdin’ tu’rleri ........ 44
§12. Iyesi belgili ga’p ........ 44
§13. Iyesi belgisiz ga’p ........ 45
§14. Iyesi uluwmalasqan ga’p ........ 47
§15. Iyesiz ga’p ........ 48
**Atawi’sh bir bas ag’zali’ ga’p ........ 50**
§16. Ataw ga’p ........ 50
Bir bas ag’zali’ ga’plerdi ta’kirarlaw ushi’n sorawlar ha’m shi’ni’g’i’wlar ........ 52
§17. Toli’q ha’m toli’q yemes ga’pler ........ 53
**So’z-ga’pler ........ 56**
§ 18. So’z-ga’pler tuwrali’ tu’sinik ........ 56
§19. Maqullaw ha’m biykarlawshi’ so’z-ga’pler ........ 57
§20. Soraw ha’m tan’laq so’z-ga’pler ........ 58

§21. Qaratpa so'z-ga'pler ........ 60
**Birgelkili ag'zali' ga'pler** ........ 63
§22. Ga'ptin' birgelkili ag'zalari' tuwrali' tu'sinik ........ 63
§23. Birgelkili ag'zalardi' baylani'sti'ri'wshi' qurallar ........ 64
§24. Birgelkili bas ag'zalar ........ 67
§25. Birgelkili yekinshi da'rejeli ag'zalar ........ 68
§26. Birgelkili ag'zalardi'n' irkilis belgileri ........ 70
§27. Birgelkili ag'zalardi' uluwmalasti'ri'wshi' so'zler ha'm wolardi'n' irkilis belgileri ........ 72
Birgelkili ag'zali' ga'plerdi ta'kirarlaw ushi'n sorawlar ha'm tapsi'rmalar ........ 75
**Ayi'ri'mlang'an ag'zali' ga'pler** ........ 76
§28. Ga'ptin' ayi'ri'mlang'an ag'zalari' tuwrali' tu'sinik ........ 76
§29. Ayi'ri'mlang'an ayqi'nlawi'sh ........ 77
§ 30. Ayi'ri'mlang'an ani'qlawi'sh ........ 78
§31. Ayi'ri'mlang'an ag'zalardi'n' irkilis belgileri ........ 80
**Qaratpa ag'zali' ga'pler** ........ 82
§32. Qaratpa ag'za tuwrali' tu'sinik ........ 82
§33. Qaratpa ag'zani'n' bildiriliwi ........ 84
§34. Qaratpa ag'zani'n' intonaciyasi' ha'm irkilis belgileri ........ 85
**Kiris ag'za ha'm kiris ga'p** ........ 88
§35. Kiris ag'za tuwrali' tu'sinik ........ 88
§36. Kiris ag'zani'n' bildiriliwi ........ 89
§37. Kiris ag'zalardi'n' ma'nileri ........ 91
§38. Kiris ga'p haqqi'nda tu'sinik ........ 93
§39. Kiris ag'za ha'm kiris ga'plerdin' irkilis belgileri ........ 95
Qaratpa ha'm kiris ag'zalardi' ta'kirarlaw ushi'n sorawlar ha'm shi'ni'g'i'wlar ........ 97
§40. Ga'p ag'zalari'ni'n' wori'n ta'rtibi ........ 99
**Tuwra ga'p ha'm wo'zlestirilgen ga'pler** ........ 103
§41. Tuwra ga'p ha'm wo'zlestirilgen ga'p haqqi'nda tu'sinik ........ 103
§42. Tuwra ga'p ha'm avtor ga'pi, wolardi'n' wori'n ta'rtibi ........ 105
§43. Tuwra ga'ptin' irkilis belgileri ........ 108
§44. Wo'zlestirilgen ga'pler ........ 111
§45. Dialog ha'm woni'n' irkilis belgileri ........ 115
**Tekst** ........ 117
§ 47. Tekst haqqi'nda tu'sinik ........ 117
Woqi'wshi'lardi'n' til bayli'g'i'n wo'siriw ........ 120
Woqi'w ji'li' dawami'nda wo'tilgenlerdi ta'kirarlaw ........ 121
Sha'rtli qi'sqarti'wlar ........ 125

**Ma’denbay Da’wletov, Yernazar Da’wenov,**
**Ma’mbetkerim Qudaybergenov**

# QARAQALPAQ TILI

8-klass ushi’n sabaqli’q

*Qaraqalpaq tilinde*

«Bilim» baspasi’
No’kis — 2014

Redaktori’ *S. Baynazarova*
Ko’rk. redaktori’ *I. Serjanov*
Tex. redaktori’ *Z. Allamuratov*
Operatorlari’ *G. Serimbetova, A. Begdullaeva*

**Licenziya: Al № 108, berilgen waqti’ 2008-ji’l 15-iyul.**

Original-maketten basi’wg’a ruqsat yetilgen waqti’ 10.04.2014-j. Tip «Tayms KRKP» garniturasi’. Formati’ 60x90 $^{1}/_{16}$. Kegl 11. Ko’lemi 8,0 b.t. 10,21 yesap b.t. Buyi’rtpa № . Nusqasi’ 10075 dana.

«Bilim» baspasi’. 230100. No’kis qalasi’, Qaraqalpaqstan ko’shesi, 9.

O’zbekistan baspaso’z ha’m xabar agentliginin’ «O‘zbekiston» baspa-poligrafiyali’q do’retiwshilik u’yinde basi’p shi’g’ari’ldi’. 100129, Tashkent, Nawayi’ ko’shesi 30.